

Antuk Amanah


Bupati Magetan



Dening :
SUPRAWOTO

Antuk Amanah

Buparti Magetan



Dening :
SUPRAWOTO

**ANTUK AMANAH
BUPATI MAGETAN**

Dening Suprawoto

Edisi Pertama

Cetakan Pertama, Desember 2022

Hak Cipta (c) 2022 pada penulis

Hak Cipta dilindungi undang-undang. Dilarang memperbanyak atau memindahkan sebagian atau seluruh isi buku ini dalam bentuk apa pun, secara elektronis maupun mekanis, termasuk memfotokopi, merekam atau dengan teknik perekaman lainnya, tanpa izin tertulis dari penerbit.

Penulis Suprawoto

Antuk Amanah Bupati Magetan

Edisi Pertama-

x + 175 hlm, 1 jil: 21 x 14,8 cm

ISBN: 978-623-97645-9-3

A tur Pembuka

Sengaja keputusanku nyalonake Bupati Magetan lan apa wae kang wis daktindakake sasuwene ngemban amanah daktulis nganggo basa Jawa. Alesanku, aku lahir minangka wong Jawa. Wis sakmesthine yen aku banjur kepingin nguri-uri budaya Jawa. Kapindhoo, iki wujud sumbangsihku sapa ngerti bisa dadi benteng basa Jawa. Amarga akehe wong Jawa kok malah wacan basa Jawa tansaya suwe tansaya ilang.

Rikala ana wektu kanggo nulis, sithik mbaka sithik aku nyoba nulis. Kadhang olehku nulis ana mobil, sepur, hotel. Kang mesthi kang paling akeh ya ngepasi ana omah. Kadhang olehku nulis nganti jam 02.00 parak esuk. Embuh yen wis asring nulis, wektu lumaku tanpa rinasa.

Olehku nyalonake Bupati Magetan nuhoni panjurunge kanca-kanca, mula ana ing tulisan iki akeh banget paraga kang banjur daktulis. Amarga kabeh mau ora bisa dakpisahake karo paraga-paraga mau. Lan suwalike, aku uga nyuwun duka tanpa upami yen ana paraga-paraga kang mesthine akeh labuh-labete nanging klewatan ora bisa daktulis.

Lagi wae mimpin Kabupaten Magetan, la kok ana pagebluk *Covid-19*. Ya mesthi wae program-program kang wis dakrancang dadine ora bisa keleksanan. Kabeh sumberdaya difokusake kanggo ngawekani *Covid-19*. Ketambahan ekonomi uga lesu, mula investasi uga melu lesu.

Muga-muga *Covid-19* bisa sirna saka bumi iki, saengga kita kabeh bisa mburu program-program kang kepeksa ora bisa dileksanakake. Lan masyarakat uga enggal gumregah, amarga wis rong tahun kepeksa aktivitas diwatesi.

Buku iki minangka catetan dalan uripku rikala aku mutusake nyalon Bupati Magetan lan rikala dadi Bupati Magetan. Yen ana kang kurang rena ing penggalih wiwit rikala aku nyalonake lan sawise dadi bupati aku ya mung manungsa lumrah kang kebak kaluputan, ana kalodhangan iki aku nyuwun duka ingkang kathah. Mugi Gusti Ingkang Akarya Jagad tansah paring sih katresnan dumateng kita sami. Aamiin

Bumi Mageti, 10 Nopember 2022

Dr. Drs. H. Suprawoto, S.H, M.Si

DAFTAR ISI

ATUR PAMBUKA

Pambuka	1
Kawitane Saka Reuni Akbar.....	3
Bali Mulih Dadi Ketua IKA.....	6
Dirayu Supaya Gelem	10
Diundang Khusus	18
Rundhingan Keluarga.....	23
Antuk Kepercayaan Warga Magetan.....	26
Njahit Impine Rakyat Magetan.....	31
Program 100 Dina	31
Ndandani Alun-alun Magetan	32
Bunda Sejahtera lan Bunda Kasih	36
Reformasi Birokrasi	38
Mal Pelayanan Publik	42
Mbangun Desa lan Pertanian	45
Kampung Susu Singolangu.....	48
E- Voting	52
Ndandani Pasar Baru.....	55
Kebun Bunga Refugia, Masjid Ki Mageti lan -	
Kebun Buah Srogo.....	57
Kutha Magetan Kudu Resik.....	62
Penghijauan Hutan Kutha	64
Bedhah Rumah.....	68
Mula Bukane Perpres 80 Tahun 2019.....	70
Pagebluk Covid- 19	72
Mbangun Rumah Sakit Tipe D	81
Kepriye Supaya Dadi Kutha Pelajar	84
Stasiun Magetan (89) Panti Lansia “Mulia”	92
Graha Literasi (95) Modern Rice Miling Bulog.....	99
Mbantu Rakyat Ora Mung Kanti Cara Menehi -	
Dhuwit.....	100
Mbulan Ndadari lan Parade Senja.....	103

Antuk Amanah Bupati Magetan

Mbukak Investasi.....	112
Hobi Nulis Antuk Anugrah Kebudayaan lan Muri.....	117
Eco Bamboo Park (124) Sirkuit Mario Parang	126
Infrastruktur Dalan lan Jembatan	132
Penghargaan Sasuwene Dadi Bupati	134
Penutup.....	155
Cerita Lucu	156
Daftar Riwayat Hidup.....	168



Bupati Magetan

1. Pembuka

Sabenere aku wis suwe banget ninggalake tlatah wutah getihku Kabupaten Magetan. Wong ya aku wis lulus saka SMAN Magetan (saiki SMAN I Magetan) wae ing tahun 1975. Terus nerusake kuliah ana pawiyatan luhur UGM Jogjakarta, Fakultas Sosial Politik, Jurusan Ilmu Pemerintahan. Lan lulus tahun 1982. Sawise lulus banjur nyambut gawe dibenum ana Surabaya, nganti tahun 2005. Banjur ing tahun iku, mutasi amarga dijaluk pindhah Pak Menteri Dr Sofyan A Djalil dadi pejabat tinggi ana Kementerian Komunikasi dan Informatika Jakarta nganti pensiun.

Mung yen ana wektu, isih tetap bali menyang Maospati, Kabupaten Magetan desa kelahiranku amarga bapak lan ibu rikala iku isih sugeng. Paling suwe, enem wulan sepiisan aku mesthi bali tilik bapak lan ibu. Ya ana kalodhangan bali mau,

Antuk Amanah Bupati Magetan

aku tetep sesambungan lan sambang karo kanca-kanca kang isih tetep urip ana Magetan. Ya kanca SD, SMP uga ora lali kanca-kanca SMA.



Rikala aku isih nyambut gawe ana Surabaya, durung ana pakumpulan warga Magetan. Kira-kira wae amarga cedhak karo asal-usule. La beda banget, rikala pindhah menyang Jakarta. Pranyata wis ana paguyuban warga Maospati. Lan malah uga ana paguyuban warga Magetan ing Jakarta. Kang karan “Ikatan Keluarga Magetan di Jakarta” (IKMA). Rikala sepisahan aku melu gabung ana paguyuban iki, salah siji sebabe amarga akeh penguruse saka alumni SMAN Magetan. Dadi akeh kang wis wanuh.

Aku isih kelingan rikala iku tahun 2012. Kamangka aku ya wis pitung tahun ana Jakarta. Kebeneran dianakake kumpul-kumpul kanca-kanca alumni SMAN Magetan Angkatan 1975. Ya alumni angkatanku. Ya nembe iki aku melu kumpulan. Kok ya tibane angkatanku cukup akeh kang nyambut gawe lan omahe ana ing wewengkon Jabodetabek. Malah ana kancaku kang sakelas nganti lulus. Dadi rikala kumpul sepisahan mau, ya kaya ngumpulake balung pisah kae.

Ya saka pasetemon sepisahan iki, kanggoku dadi luwih akrab maneh kang pancen suwe ora kepethuk. Apa maneh ditambah jaman digital kaya saiki. Luwih gampang banget. Pancen bener, alat komunikasi saiki bisa luwih nggampangake yen arep kumpul-kumpul. Ya saka sapatemon angkatan iki, IKMA kang sadurunge mati suri, dadi urip maneh. Amarga Mas Suparni Parto kang rikala iku ngasto polisi ana Polda

Metro Jaya, banjur kadhapuk dadi ketua. Untunge piyambake kok ya kersa nampa jejibahan iki.

Mas Suparni Parto iku alumni Akpol. Rikala iku pangkate isih Kombes. Lan banjur pensiun, kanthi pangkat Komjen Polisi (bintang telu). Aku dhewe kadhapuk dadi wakil. Dene sekretaris mas Kipuk Sumartono. Dadi wiwit ketua, wakil lan sekretaris kaya kabeh alumni SMAN Magetan Angkatan 1975. Akehe pengurus saka alumni 1975, saka tetimbangan praktis wae. Supaya organisasine gampang mlaku.

Ya ana ing kepengurusan IKMA iki, kekancan kabeh dadi tansaya raket. Ya pancewis suwe ora ketemu. Senadyan kegiatan IKMA sejatine ya ora akeh. Wong paling yen ngepasi riyaya kae nganakake Halal bi Halal. Iku wis dadi program pokok kaya IKMA mau. La arep nggawe program kang muluk-muluk ya angel ditandangi. Iku wae wis lumayan, tinimbang ora ana kegiatan babar pisan.

Ya ana ing kepengurusan IKMA periode iki aku bener-bener dadi kenal para senior kang biyen dadi pengurus IKMA, kaya Mas Maruto, Mas Mahandono, Mas Soni, Mas Sukresno, Mas Agus Rahardjo, Mas Munir, Mas Suparlan. Uga para yunior ana SMAN Magetan biyen kaya Mas Nanang, Mas Arif Mustofa, Mas Bambang Intojo, Mas Heppy, Mas Arif Rachman lsp. Lan kang priyayi putri kaya mbak Yuli, mbak Yayuk Hawangsih lsp.

2. Kawitane Saka Reuni Akbar

Wulan Maret 2016, aku antuk tilpon saka kanca Angkatan 1975 yen bakal dianakake reuni akbar SMAN Magetan. Kebeneran rikala iku aku wis pensiun, lan banjur dadi widyaistrwa ana Diklat Kominfo lan uga ngajar ana

Lembaga Administrasi Negara (LAN). Wong pacen hobiku ngajar lan nulis. Malah olehku ngajar ana pawiyatan luhur ing Surabaya wiwit tahun 1986.

Amarga kesibukanku ngajar ana Diklat Kominfo lan LAN mau, mula aku ora patiya bisa aktif. Nanging aku janji tetep bakal nyengkuyung apa wae keputusan rapat. Apameneh informasi apa wae terus aktif lewat komunikasi SMS lan WhatsApp (WA). Supaya komunikasi luwih gampang lan lancar banjur nggawe *group* komunikasi WA.

Nyedhaki wulan Mei 2016, banjur disusun pengurus reuni akbar. Pengurus mau ana pengurus pusat lan pengurus dhaerah. Kabeh ngupaya supaya reuni akbar bakal kaleksanan lan sukses. Yen deleng semangate kanca-kanca kabeh rikala iku, bener-bener kabeh padha cancut taliwanda. Supaya gawe akbar mau sukses.

Reuni akbar banjur ditetepake, kang bisa melu reuni wiwit Angkatan 1966-1990. Mula bukane reuni akbar mau dianakake? Sejatine iku, reuni akbar kawitane rancangane Angkatan 1966 kang bakal nganakake reuni emas. Utawa jangkep 50 tahun alumni Angkatan 1966. Wektu dianakake rapat sepisanan ana kantore Mas Kresno kebeneran kang teka wiwit Angkatan 1966-1988.

Ya saka pasetemon sepisanan mau banjur diusulake, reuni supaya dirancang ora mung kanggo Angkatan 1966, nanging nganti tekan Angkatan 1990. Banjur disepakati dadi “Reuni Akbar Angkatan 1966-1990.” La supaya efektif olehe koordinasi, saben angkatan banjur ditunjuk koordinator.

Pranyata antusiasme saben angkatan luwar biasa. Dhasare kabeh wis kapang padha ketemu. Reuni pancen sarana paling apik kanggo kangen-kangenan. Ya mesthi wae

bisa ditebak, anggotane kang paling sithik angkatan 1966. Saliyani pancen biyen kelase lan muride uga isih sithik, ketambahan ya mesthi wis padha umur kabeh. Malah wis akeh kang kapundhut. Dene anggotane kang paling akeh ya angkatan kang kari-kari.

Kaya ora ana kang ngongkon, kang uripe kepetung sukses banjur padha nyumbang materi uga non materi. Pancen biaya kanggo reuni mau pancen gedhe banget. Amarga gotong royong mau, dadi bisa dadi entheng. Kang nduwe padha nyumbang akeh. Dene kang cukup, ya nyumbang sacukupe. Kabeh mau sing penting kanthi ati kang eklas. Kabeh katone yen ndeleng semangate, kepingin nyuksesake Reuni Akbar mau.

Olehe antusias, salah siji pangiraku sasuwene iki anggere reuni mesthi saben angkatan nganakake dhewe-dhewe. Durung nate dianakake reuni akbar. Mula rikala dianakake reuni akbar mau, kabeh dadi antusias. Lan kabeh nyengkuyung. Kang biyene durung kenal dadi kenal. Yen sadurunge wis kenal, malah dadi akrab. Pancen sarana kang becik reuni iki. Malah sajeke ana media sosial, reuni kaya wis kewajiban. Aku sering guyon, yen sekolah saiki iku ora golek ilmu, nanging golek *kanca kanggo reuni heeeeeeee*.

La kepriye, sawise lulus sekolah biyen banjur mencar golek masa depan dhewe-dhewe. Ana kang banjur kuliah ing luwar kota. Malah menyang njaban rangkah. Ana kang tetep urip ana Magetan. Ana kang terus banjur rabi. Werna-werna nasibe. Mesthi wae kabeh kepingin ngerti kepriye kabare saiki. Reuni ya wis samesthine banjur menehi ruang bisa ketemu adu arep.

Reuni akbar dianakake suwene telung ndina. Wiwit tanggal 13-15 Mei 2016. Dene tanggal 13 Mei, diisi kelas inspirasi. Kang dadi narasumber alumni kang dianggep sukses ing karier, kaya Mas Agus Rahardjo (Ketua KPK), Mas Sukresno (pengusaha perkapalan sukses), Marsekal (Purn) Ismono Widjajanto, lan aku dhewe. Kang dadi peserta perwakilan siswa saka SMA/SMK sa-Kabupaten Magetan.

Sabanjure tanggal 14 Mei ana GOR Ki Mageti dianakake temu kangen akbar. Diwiwiti jam 08.00 lan bubar jam 14.00. Acarane maneka werna. Saban angkatan nggawa kostum dhewe-dhewe. Wis werna-werna polah tingkahe. Rumangsa kabeh isih kaya siswa SMAN Magetan kae. Pokoke lali umur. Lan kang lucu kabeh Angkatan banjur tampil ana panggung nuduhake kabisane lan kekompakane. Kang cetha kepriye bisa nggawe lucune.

Lan tanggal 15 Mei dianakake gerak jalan. *Start* diwiwiti saka alun-alun tumuju menyang SMAN I Magetan. Dohe watara ya mung telung kilo meter. Saben angkatan baris dhewe-dhewe. Karo nggawa plakat kang tulisane Angkatan. Kaya kirab kontingen olahraga ana stadion kae. Kutha Magetan kang biasane sepi, bener-bener dina iku dadi rame banget.

3. Bali Mulih Dadi Ketua IKA

Salah siji tujuane reuni akbar mau kepingin ngedekake organisasi Ikatan Alumni SMAN I Magetan (IKA SMAN I Magetan). Tujuan mau cetha tinulis ana buku panduan reuni kang uga dibage menyang anggota lan koordinator angkatan. Kang surasane tujuan Reuni Akbar mau mangkene:

- *Bernostalgia, menyambung kembali dan mempererat silaturahim antar alumni dan membuka ruang untuk*

saling berbagi, bekerjasama dan saling membantu dalam berbagai hal.

- *Menggalang potensi untuk turut serta memajukan almamater dan daerah.*
- *Mempersiapkan pembentukan paguyuban atau Ikatan Alumni SMA Negeri 1 Magetan yang kuat dan terjalin erat.*

Kaya mengkono tujuane reuni akbar mau sejatine sakawit. Nanging saliyane iku, banjur tuwuh idhe ya ana reuni akbar mau banjur ana krenteg kepriye bisa melu mbangun Magetan lemah wutah getihe kang wis melu ngukir jiwa raga para kang melu reuni mau. Amarga dinulu ing akeh, kok ditengara Kabupaten Magetan kurang cepet kemajuan. Malah kaya-kaya kalah adoh karo kabupaten/kota liyane.

Mula ya ana reuni mau banjur nduwe pikiran, kepriye yen digolekake pimpinan daerah kang nduwe visi, pengalaman, integritas kanggo mbangun lan majokake Kabupaten Magetan kang banget ditresnani. Banjur wiwit digoleki. Lan uga wiwit dipilih sapa kira-kira kang bisa lan nduwени kualifikasi kaya kang wis disyaratake mau.

Bubar reuni akbar, banjur enggal dianakake pilihan ketua dhisik. Mengko yen wis dipilih ketua, banjur nyusun kelengkapane. Olehe pilihan ora lewat rapat, nanging lewat group WA. La kok sadurunge pilihan, aku ditelpon dening Mas Suparni Parto, njaluk supaya aku gelem dipilih dadi ketua. Ya mesti wae aku kipa-kipa. Wong aku ora patiya aktif lan pegaweyanku ngajar uga padhet. Aku blas ora kepingin lan ora ana ing angen-angen. Malah aku khawatir, yen mengkone banjur ora bisa dadi ketua kang becik.

Antuk Amanah Bupati Magetan

Mula aku njaluk supaya golek pawongan liyane wae. Rak ya mesthi akeh. Kang luwih nduwe wektu, lan uga luwih mampu. Nanging embuh, Mas Parni ngyakinake aku supaya aku gelem dicalonake dadi ketua. Kabeh kandhane wis setuju, yen aku kang dadi ketua IKA. Wis rikala iku atiku sarwa ora kepenak.

Arep nolak iku kepriye, yen gelem resikone kudu tanggungjawab nglakokake organisasi IKA kang nembe babat alas mau. Kanthi kepeksa akhire aku ya terus gelem dicalonake. Nanging ana ing telenge ati, jujur aku ndonga muga-muga aku ora dipilih.

La rikala pilihan mau, ana telu calone. Mas Munir paling senior, Mas Ismono Widjajanto lan aku. La dalah, rikala pilihan kok aku kang dipilih. Dakkira wis ana konspirasi saka senior, supaya aku kang dipilih. Mas Munir, Mas Ismono, Mas Suparni wis sepakat lan dikethik, olehe piyambake gelem dicalonake mau mung supaya aku gelem dicalonake.

Aku bisa ngomong mengkono mau ana alesane. Rikala ana ing rapat IKA lan kabeh padha ngumpul, pangiraku mau dakblakakake ana ing rapat. Sakala kabeh padha ngguyu ngakak-ngakak. Pancen bener-bener wis diskenario. Para senior kaya Mas Kresno, Mas Munir, Mas Ismono, Mas Suparni Parto lsp padha ngontak saben Angkatan supaya milih aku. Ya mesthine para koordinator angkatan padha setuju rikala para senior nduwe krenah kang kaya mengkono mau.

Wis dadi garisku, aku ya akhire manut wae. Kepriye maneh, wong wis dipilih mosok ora banjur serius. Kamangka watakku yen wis diwenehi kapercayan iku kudu dakjunjung sadhuwur-dhuwure. Tegese aku kudu tanggungjawab marang

kang menehi kapercayan mau.

Tanggal 6 Agustus 2017 manggon ana ing aula SMAN I Magetan aku sida dilantik dening Pembina IKA SMAN I Magetan Mas Ir Agus Rahardjo,MMA. Rikala iku Mas Agus isih ngasta minangka ketua KPK. Institusi *super body* kandhane rikala iku. Amarga ya pancen kewenangane kang ngedap-edapi. Kaya ora ana tandhinge.

Aku kenal Mas Agus rikala padha-padha dadi pejabat ana ing pusat. Rikala iku mung weruh lan kenal, nanging durung akrab. Amarga padha-padha saka Magetan, ketambahan dadi siji alumni mula banjur kenal. Ya wiwit aku dadi ketua IKA iku mau, aku banjur luwih akrab. Semono uga karo para senior, banjur tansaya akrab nganggo banget.

Ya ana ing rapat-rapat IKA mau asring dibahas kepriye Magetan. Kepriye carane supaya cepet maju. Banjur nggawe program kanggo melu majokake Magetan. Malah suweneng-suwe salah siji dudutane, melu ngupaya supaya pimpinan dhaerahe kudu kang duwe visi, pengalaman lan integritas. Banjur wiwit dibahas lan madik-madik kira-kira sapa kang cocok lan bakal disengkuyung.

Nanging angger rapat durung nate antuk *figure* kang cocok jumbuh karo kriteria kang wis ditetepake mau. Saben ana rapat, aku ora mesthi melu. Amarga aku dhewe rak ya nduwe pegaweyan ngajar. Yen ora ana LAN, ya ngajar ana Diklat Kominfo. Malah yen ngajar ana LAN aku sering nganti rong minggu ana luwar Jawa. Kaya ana Aceh, lan Makassar. Saliyane ngajar uga mbimbing proyek perubahan siswa diklat.

4. **Dirayu Supaya Gelem**

Wiwitane saka warung pecele Yu Parti. Kanggo warga Magetan utawa kang nate sekolah ana ing Magetan antarane tahun 1970-1990-an mesti kenal warung pecel legendaris. Siji warung pecel Bu Darmi ana ing dalan Yos Sudarso. Lan sijine maneh warung pecel Yu Parti, ana ing dalan Thamrin. Sadhinge perpustakaan umum Magetan terus mangulon.

Biyen dalam Thamrin iku isih wujud dalam cilik. Utawa yen wong Surabaya ngarani gang. Rikala semana ana beda kang nyolok antarane warung loro mau. Yen warung Bu Darmi, warung pecel mau manggon ana dalam protokol. Lan wis luwih kawentar dibandhingake warung Yu Parti. Lawuhe sega pecel ana pilihan endhog lan iwak daging. Dene ngombene dhawet.

La yen warung Yu Parti rikala semana isih ana ing warung kang digawe saka gedheg. Isih prasaja banget. Dene lawuhane pecel, ana wader lan iwak kali. Rikala semana kali ana Magetan banyune isih bening. Ana ngendi-endi isih akeh iwake. Apamaneh ing kali Gandhong kang sisih ndhuwur. Rikala aku isih mondhog ana Candirejo, yen dolan menyang kali Gandhong, kang jenenge uceng lan wader ora mekakat akehe. Gumunku rikala iku isih durung akeh kang golek wader lan uceng.

Umume kang digoleki iwak kang rada gedhe, kaya iwak badher, lele lsp. Dene iwak kang cilik-cilik ora patiya dipaelu. Senadyan rasane luwih enak lan gurih. Mula ana kali Gandhong, paribasane yen nyawuk banyu bakal antuk uceng lan wader kanthi gampang. Amarga saking akehe iwak kang wujude cilik mau.

La ngombone warung loro mau uga padha-padha dhawet. Lan dhawet warung pecel loro mau ya padha enake. Rumangsaku lo ya. Wong biyen durung tau ngerti panganan kang luwih enak kaya saiki. Yen saiki kang jenenge panganan maneka werna maceme. Malah bocah saiki luwih seneng panganan saka *manca negara* (njaban rangkah) dibandhingake panganan asli saka Jawa. Nyatane restoran saiki akeh nyajekake menu saka luwar negeri kaya steak lsp. Dindhingake panganan biyen kaya jamanku.

Saelingku regane pecel isih luwih murah Yu Parti. Sejene pancen ya luwih prasaja dideleng saka lawuhe lan panggonane mau. Wong ya Warung Yu Parti isih digawe saka gedheg mau. Wis umum jaman semana, kang jenenge warung iku mesthi umume digawe saka gedheg. Wong omah wae rikala iku, isih akeh kang digawe saka gedheg. Wong ya pancen wit pring isih akeh. Meh saben omah mesthi nduwe wit pring. Pring kanggone pawongan saka Magetan wis akrab banget. Mula ora kleru yen ikon Kabupaten Magetan iku pring. Kaya omahe simbahku lan uga bapak ibuku biyen, ana ing mburi akeh bambrongan. Nanging saiki wis ditegor entek gusis.

Pancen wit pring iku taneman kang serba guna. Wite wae bisa kanggo omah, kandhang, pager, anyaman, lsp. Malah carange wae bisa dadi pager utawa kayu bakar kanggo masak. Malah rebunge bisa dijangan utawa digawe sayur lodheh. Rasane, aja takon jiaannnn enak tenan. Kanggo kulupan pecel uga enak. Malah saiki kanggo isi lumpia uga enak. Lumpia Semarang kang enak kae, isine uga ana pilihan saka rebung.

Sejatine warung pecel mau klebu isih murah kanggone masyarakat biasa. Nanging kanggoku, kang isih dadi siswa sekolah kang mondhog ana Desa Candirejo mau ya isih

klebu kudu ngrogoh kanthong luwih jero, yen arep mangan ana kono. Wong nyatane sasuwene aku sekolah ana SMAN Magetan, isih bisa dietung olehku jajan lan mangan ana warung pecel mau.

Warung pecel loro mau panceñ rumangsaku rasane pecele enak lan sedhep banget. Angel digambarake nganggo ukara. Enake rasa panganan iku kudu dirasakake. Ora bisa yen mung digambarake. Kejaba mung bisa digambarake nganggo ukara ueeenak banget. Kanggo ukuran amarga enak mau, kang tuku wiwit biyen wis tansah akeh.

Mung bedane karo pecel Madiun, saelengku pecel Magetan kulupane ditambah “jrembrak” utawa selada air. Yen pecel Madiun ora ana kulupan “jrembak.” Malah yen ana desaku ing Maospati, pecel iku ditambah dhendheng ragi, pelas (digawe saka dhele ireng), bongko. Sambele uga ana pilihane. Milih sambel kacang apa sambel tumpang. Apa malah dicampur nganggo sambel kacang ditambah sambel tumpang.

Rikala aku bali menyang Magetan tahun 2017, kebeneran Mas Kipuk Sumartono uga bali menyang Magetan. Banjur janjian jajan sega pecel menyang warunge Yu Parti ing dalan Thamrin. Rikala iku aku wis kedhapuk dadi ketua IKA. Kebeneran Mas Kipuk aktif ana IKA lan IKMA.

Sinambi mangan pecel ana warunge Yu Parti mau, Mas Kipuk banjur kandha,” Mas Woto, ana rapat-rapat kang kebeneran Mas Woto ora teka, asring lo para senior mbahas Bupati Magetan mas.”

“Lo ana apa Bupati Magetan mas,” aku ganti takon marang Mas Kipuk.

“La Bupati saiki rak wis rong periode mas. Mula ora oleh nyalonake maneh. Lan kudu ana calon anyar mas.”

“Oh ya ta mas, Pak Sumantri wis rong periode,” disambi mangan pecel aku terus ngobrol.

“Mula para senior kerepe warga IKA ana kang dicalonake lan didukung mas. Ana kang usul dicalonake lan pawongane uga gelem, nanging yen dietung kurang madolake. Liyane uga ana kang ditawani, nanging uga padha ora gelem.”

“Oooooo mengkono mas. Terus akhire sapa kang dipilih lan kudu didukung mas,” aku banjur takon abang-abang lambe.

“Piye yen Mas Prawoto sing dicalonake. Katone Mas Woto ana rapat mau wis wiwit digadhang-gadhangake” Mas Kipuk kandhan mengkono karo sajak serius.

Olehku mangsuli ya sakenane wae, tak anggep guyon,”Ketemu pirang perkara mas. Wong pilihan kepala daerah iku syaraté akeh. Senadyan arep nduwe karep apik, abot syaraté mas.”

Olehku omong sakenane mau, wong dakanggep iku mung omongan ana warung. Ora ana seriuse. Yen omongan serius ya ana rapat. Saliyane iku, aku dhewe rak wis suwe njabat ana jabatan eselon I ing Kementerian Komunikasi dan Informatika. Telulas tahun olehku njabat. Lan jabatan apa wae ing kementerian wis nate dakembani. Wiwit Kepala Badan/Dirjen, Staf Ahli Menteri, Irjen terus pungkasane Sekjen. Terus arep golek apa?

Bubar mangan ana warunge Yu Parti mau, babar pisan ora ana ing pikiranku ngenani bab bupati Magetan. La kok sewulan sawise iku, aku banjur diundang nekani rapat IKMA

ana Resto Berdikari ing Tebet. Cedhak daleme Mas Suparni Parto. Amarga kang ngundang Mas Suparni Parto minangka ketua, lan aku dadi wakile, mula aku ya banjur teka.

Ana rapat mau tibane para senior uga teka lengkap. Ana Mas Sukresno, Komjen Pol (Pur) Suparni Parto kang ngundang, Marsekal Madya (Purn) Ismono Widjajanto, Marsekal Muda (Purn) Maruto, Mayjen (Purn) Muktiyanto, Marsekal Pertama (Purn) Mahandono, Laksamana Pertama (Purn) Sony, Mas Munir, Dr Zaim Uchrowi mantan Dirut Kantor Berita Antara, Kipuk Sumartono. Aku dhewe kaget, kok tumben rapate kang teka lengkap. Biasane ana ing rapat IKMA winates kang teka. Paling banter pengurus inti kang aktif.

Sawise atur pambuka dening ketua IKMA, diterusake rapat ngenani organisasi nanging mung sedhela. Banjur rapat mligi mbahas rencana pilihan Bupati Magetan ing tembe. Banjur mbahas sapa figure kang pantes lan cocok dicalonake.

Kebeneran kang teka rata-rata mantan pejabat tinggi ana ing maneka werna institusi. Ya mesthi kabeh wis akeh pengalamane. Lan ya mesthi sabanjure dadi bahan dhiskusi rame. Kang dadi kagetku Mas Suparni Parto kok banjur ngusulake aku. Ya mesthi wae aku kaget setengah mati. Babar blas ora ana ing pikiranku rikala iku kepinginan dadi Bupati. Senadyan kuliahku biyen ya ana ing UGM jurusan Ilmu Pemerintahan. Ora adoh lan jumbuh karo bab pemerintahan lan pemerintahan daerah.

Rikala Mas Suparni Parto kandha mengkono mau, la kok panyata kabeh setuju banget yen aku kang diusulake. Nanging aku ora kurang akal. Aku banjur ganti nunjuk Mas Suparni lan Mas Muktiyanto lan uga liyane. La kok banjur

oleh wangsluan,”*Saya tidak etis mas. Kalau di militer apa polisi, apalagi bintang tiga nyalonkan jadi bupati bisa digebuki teman-teman saya.*”

Aku ganti balik mangsuli,”*Lo maaf ya mas aku rak ya mantan sekjen ana kementerian. Yen ana militer apa polisi padha karo bintang tiga lo? Terus apa ya etis. Nggak ah cari yang lain saja.*” Olehku mangsuli mengkono supaya aku ya antuk alasan olehku ora saguh mau. Pancen ana ing kementerian, kang bisa diisi dening karier militer apa polisi aktif, yen ana polisi apa TNI diangkat dadi sekjen, mesthi otomatis pangkate diundhakake dadi bintang telu.

Maneka werna kabeh senior olehe nggawe argumen supaya aku tetep gelem. Manut penemune para senior, Magetan mbuthuhake pimpinan kang nduwe visi, pengalaman lan integritas kang bisa diandelake. Saengga mengkone bisa nggawa swasana anyar dadi luwih becik. Mula kang becik calon pimpinan aja saka njero, nanging saka njaba Magetan. Tegese olehe niti karier ora mung ana Magetan. Senadyan olehe nggawe argumen maneka werna, aku kekeh tetep ora saguh.

Rapat nganti bubar ora bisa mutusake apa-apa, amarga aku tetep ora saguh. Sabanjure para senior pada nuturi lewat SMS, lan WA isine tetep padha ngarep-arep supaya aku gelem dicalonake. Malah antuk panyengkuyung saka senior kang ora melu rapat. Pranyata sing ora melu rapat uga padha njaluk aku supaya saguh. Kandhane iku kabelh demi Magetan kang ditresnani.

Nanging aku tetep kekeh ora saguh. Malah aku banjur tilpon marang Mas Suparni Parto lan uga lewat SMS lan WA yen aku tetep ora saguh. Lan supaya luwih becik nggolek

calon liyane wae. Isih akeh dakkira kadher-kadher mudha kang mampu jumbuh karo kriteria lan syarat para senior mau. Rikala aku tilpon lan kandha marang Mas Suparni Parto mau ana rasa lega ing ati. Amarga tak anggep wis cukup alesanku yen tetep ora saguh.

Aku ya banjur crita marang keluargaku. Kabeh uga sarujuk. Lan uga padha ora setuju. Sasuwene iki, wektuku wis entek lan sibuk kanggo pegaweyanku lan uga jumbuh karo jabatanku. Mula kabeh padha njaluk supaya aku tetep dadi guru (widyaiswara) lan nulis jumbuh karo hobि lan kesenenganku kang wis suwe daktekuni.

Kira-kira rong wulan saka rapat mau, banjur dianakake rapat pengurus IKMA maneh. Aku ya banjur teka. Ing batin aku yakin, yen wis ketemu calon anyar. Amarga apa? Aku rak wis kandha lan wis nyatakake tetep ora saguh. Lan aku ya wis yakin yen para senior uga wis ngerti alesanku kang ora saguh mau.

Pranyata kang teka ora mung pengurus IKMA, nanging uga pengurus IKA mligine para pembina kang kebeneran aku ketuane IKA. Lan kejaba kang teka luwih akeh, uga ditekani Mas Agus Rahardjo kang rikala iku isih ngasta Ketua KPK. Sawise rapat dibukak, pranyata agendha rapat mung mbahas calon bupati Magetan.

Malah ora golek calon anyar, tibane olehe nganakake rapat mau mung supaya aku tetep gelem dadi calon bupati. Mas Agus Rahardjo banjur kandha mangkene,”*Sudahlah Dik Prawoto bersedia saja. Kita semua akan mendukung. Satu-satunya calon yang menurut saya memadai ya Dik Prawoto.*”

“*Nggak Mas. Cari yang lain saja saya kira masih banyak calon dari alumni dan mampu yang masih muda,*”

mengkono olehku mangsuli rikala iku.

Banjur Mas Zaim Uchrowi mantan Dirut Kantor Berita Antara banjur kandha,”*Mas Prawoto itu khan pendiri PSHT Magetan. Sudahlah mas itu modhal besar yang dapat menarik simpati pemilih. Dan itu tidak bisa dipungkiri lo kalau Mas Prawoto itu pendiri PSHT Magetan.*”

Aku ya banjur mangsuli,” *Ya benar mas saya beserta teman-teman memang dulu yang mendirikan PSHT di Magetan tahun 1974. Tapi sejak tahun 1975 setelah mengesahkan saya kemudian meninggalkan Magetan. Tentu semua sudah lupa siapa sebenarnya saya.”*

“*La itu benar dik. Sudahlah dik, nanti di Magetan masih banyak senior PSHT yang masih mengenal Dik Prawoto. Pasti nanti akan gampang dikenalkan kembali,*” mengkono Mas Agus melu nyengkuyung apa kang dadi alesane Mas Zaim.

Aku ya tetep ora saguh. Kaya kang wis dadi keputusanku sakawit. Aku tetep kepingin dadi widyaiswara lan nulis. Aku wis rumangsa seneng. Lan uga karierku ya wis tekan pucuke karier PNS. Ora angger PNS bisa mecaki karier kaya aku. Terus ya arep apa maneh. Mengkono olehku kukuh karo penemuku rikala semana.

Nanging kabeh senior melu ngandhani akeh-akeh. Semono uga Mas Agus Rahardjo. Ana ukara kang banjur nunjem ana telenge atiku mangkene,” *Dik Prawoto negara kita ini negara yang kurang beruntung. Mengapa kurang beruntung? Karena masih banyak pemimpin yang kurang amanah. Betapa menderita dan tidak beruntungnya negeri dan rakyat Indonesia itu dik!!!! Mengapa itu semua bisa terjadi? Karena kita semua yang baik ini diam saja. Tidak mau berkorban dan melangkah untuk ikut membenahi. Mengapa*

saya mau mencalonkan jadi ketua KPK? Salah satunya saya ingin memperbaikai negeri ini. Sudahlah dik, saya yang ikut mencoba memperbaiki dari Pusat, sedang dik Prawoto pulang membangun di daerah sendiri. Masa kita rela daerah kita tertinggal seperti itu.”

Malah Mas Agus uga nambahi, yen alesan mengko golek kendharaan partai iku urusan kanca-kanca kabeh. Semono uga liyane, aku ora oleh mikir. Pokoke werna-werna olehe ngandhani mung pamrihe supaya aku tetep gelem dicalonake. Lan ing tembe bisa nggawe owah-owahan kang luwih becik ing Magetan.

Ukarane Mas agus kang ngandhakake “yen negara kita iku apes,” mau bener-bener nunjem ing telenge atiku. Nanging kepriye maneh aku tetep kekeh karo alesanku sakawit, yen luwih becik supaya golek calon liyane wae. Malah aku uga nambahi kabeh keluargaku ora sarujuk yen aku dicalonake maju ing pilihan Bupati Magetan.

5. **Diundang Khusus**

Lewat Mas Nanang sekretaris IKA SMAN I Magetan kang wis dadi kanca raket, aku diajak ketemuan mung winates wong loro. Amarga ana salah siji pengurus IKA yaiku Mas Arif Mustofa kepingin ketemu aku. Aku wanuh Mas Arif ya amarga padha-padha dadi pengurus IKA. Lan Mas Arif ana ing pengurus dadi Ketua Bidang Pemberdayaan UMKM.

Akhire diputusake ketemuan ana café ing apartemenku “*Menteng Square*” Matraman Jakarta. Pancen aku sawise njabat minangka Sekjen Kominfo akhire milih manggon ana apartemen *Menteng Square*. Saliya cedhak yen menyang kantor, mung watara seprapat jam, uga yen sawayah-wayah bisa menyang kantor yen dibutuhake.

Kepeksa omah kang ana Cibinong dakkosongake. Apartemen mau duweke anakku lanang. Olehe tuku nggenteni saka kancaku raket kang kebeneran diedol. Wong piyambake nduwe loro. Sing siji banjur ditawakake aku. Ya tiwas kebeneran, terus dituku anakku lanang ngiras-ngirus kanggo investasi.

Mas Nanang lan Mas Arif iku yuniorku adoh alumni SMAN I Magetan. Mas Arif iku klebu bocah pinter rikala sekolah. Wong nyatane bisa mlebu lan alumni jurusan ilmu akuntansi Fakultas Ekonomi Bisnis UI. Bisa mlebu jurusan iku, lan bisa kuliah ana UI yen ora pinter, ya tangeh lamun.

Saliyane pinter, uga akeh ide lan uga tipe eksekusi. Kebukten kaya wanawisata “Mojosemi Forest Park.” Kang biyene mung wujud alas kanggo bumi perkemahan lan ora patiya ngasilake, sawise antuk ijin saka Perhutani di-*manage* bisa dadi salah sijine tujuan wisata favorit ing Magetan. Saengga saiki ana Magetan ana alternatif tambahan tujuan wisata. Ora mung menyang Sarangan wae.

Ora mung iku. Piyambake uga ngembangake perajin-perajin ing desane saka sadurunge ora ngerti apa-apa, banjur dibina bisa ngasilake maneka werna kerajinan boneka kang banjur dipasarake ana “Mojosemi Forest Park.” Malah saiki dadi maju. Lan bisa ngembangake ekonomi rakyat ing desane. Semono uga program-program UMKM IKA uga dadi maju.

Ana sapetemon mau aku banjur ditakoni bocah loro. Apa bener antuk amanah saka senior yen bakal dicalonake minangka Bupati Magetan. Aku dhewe ya kandha yen sejatine ora saguh. Arep golek apa? Karierku ya wis tekan pucuke kaya impene kabeh PNS. Lan maneh aku wis suwe ninggalake Magetan. Uga wis rumangsa seneng lan marem

banjur dadi guru jumbuh karo kesenenganku.

Bocah loro mau banjur mratelakake, amarga wis ngerti lan kenal sasuwene aku dadi ketua IKA mau, yen piyambake bakal ndukung yen aku bener-bener maju. Kabeh kanca-kanca pance rumangsa nduwe kewajiban supaya Kabupaten Magetan tansaya maju. Ora kalah karo kabupaten/kota liyane. Amarga manut panemune para warga Magetan kang ana paran utawa karan diaspora, Kabupaten Magetan isih kalah adoh dibandhingake karo liyane.

Saka pasatemon mau, akhire aku tansaya raket karo lelorone. Asring komunikasi lewat tilpon apa lewat WhatsApp. Apamaneh asring rapat-rapat ana ing kepengurusan IKA. Saengga tansaya raket. Maneka werna kang dibahas. Ora mung mbahas bab program IKA. Nanging ya mesthi banjur nyandhak kepriye supaya Magetan luwih maju.

La mungkin aku tetep ora saguh mau, akhire Mas Agus Rahardjo njaluk marang aku kepingin ketemu karo sisihanku lan anak-anakkku. Mas Agus njaluk kanthi banget supaya bisa ketemu. Kamangka rikala semana Mas Agus isih dadi Ketua KPK. Njaluk supaya ketemuan bebarengan mangan bengi.

Akhire kanthi meneka werna tetimbangan, supaya kabeh cedhak mangan bengi mau dianakake ana Rumah Makan Handayani ing Matraman. Saka apartemenku ya kari maklu. Lan Mas Agus uga sinambi bali saka kantor kari mampir. Saengga ngepenakake kabeh.

Aku dikancani sisihanku, anakku mbarep kang rikala semana isih sekolah PPDS Anak FKUI/RSCM Tjipto. Semono uga anakku ragil kang wis dadi pilot ana Garuda. Dene anakku kang nomer loro rikala semana isih sekolah ana *VU Amsterdam University*. Mula banjur ora bisa melu.

Sawise bage-binage lan aku ngenalake anakku, Mas Agus banjur kandha kang surasene mangkene,”*Mbak dan Mas semua, begini Dik Prawoto atau bapakmu oleh teman-teman diminta untuk bersedia dicalonkan sebagai Bupati Magetan. Karena sudah melalui berbagai pertimbangan. Kita semua warga Magetan ingin supaya Kabupaten Magetan lebih maju. Tidak kalah dengan daerah lainnya. Kalau bisa malah yang terdepan.*”

Sinambi nyawang sisihanku lan anak-anakku banjur mbajutake,”*Satu-satunya pilihan terbaik hanya bapakmu.*”

Sisihanku banjur manekake kandha,”*Pak Agus apa tidak ada yang lain. Bapak sudah nyaman mengajar. Dan saya sendiri juga sudah nyaman Bapak bisa mengajar sesuai hobinya. Dan juga menulis yang juga menjadi kegemarannya.*”

Anakku banjur melu nimbrung,”*Saya tahu Bapak saya Pak. Karena Bapak saya sejak jadi pejabat tidak pernah neka-neka. Selalu berjalan dan bekerja sesuai ketentuan, saya khawatir bapak nanti kalau jadi bupati dalam menegakkan aturan menjadi banyak musuh* “

Sawise weruh dhewe alesane sisihanku lan anak-anakku, Mas Agus banjur kandha,”*Begini, Bapakmu yang punya kapasitas dan peluang. Pengalaman bapakmu luas di pemerintahan. Dan saya melihat Bapakmu yang punya integritas untuk memajukan Magetan serta merealisasikan impian warga Magetan di perantauan. Untuk dukungan partai saya dan teman-teman yang akan membantu semaksimal mungkin. Demikian juga yang lain, Bapakmu tidak usah terlalu memikirkan. Yang saya minta hanya kerelaan dan keiklasan keluarga agar Bapakmu boleh,*

Antuk Amanah Bupati Magetan

mau dan bersedia dicalonkan.”

Aku babar pisan ora melu lan ngetokake ukara sakecap-kecpa babar pisan ana ing pasatemon mau. Banjur sisihanku lan anak-anakku masrahake keputusan marang Mas Agus lan warga Magetan ana perantauan. Banjur karo sinambi mangan bengi kanthi menu ayam goreng lan uga liyane, terus ngobrol ngalor-ngidul ngenani apa wae. Wiwit bab sekolahe anak-anakku, olehe nyambut gawe anakku lanang lsp.

Sawise sapetemon mau, aku banjur diundang seniorku rapat ana kantor salah siji seniorku Mas Sukresno. Ana ing kantor mau kang dibahas ya njaluk supaya aku gelem dicalonake dadi Bupati Magetan. Amarga keluargaku ya wis masrahake marang para senior kepriye mengko sabanjure.

Ana sapatemon mau, aku wis ora bisa selak maneh. Alesan-alesan kang sasuwene iki dadi landhesanku wis ora kena maneh kanggo alesan. Akhire aku ya terus masrahake marang keputusan rapat. Malah ana ing rapat mau, banjur terus dhiskusi ngenani piye carane, partai apa kang bisa ngusung, pasangane sapa wae lsp.

Akhire ana ing rapat mau aku njaluk wektu kanggo ngandhakake panjalukku,”*Saya pada kesempatan ini mengucapkan terima kasih atas kepercayaannya. Namun saya minta satu saja, agar saya bisa memenuhi harapan warga Magetan untuk kemajuan Magetan. Kepada semuanya saya minta tidak boleh mengganggu saya seandainya nantinya menjadi Bupati Magetan. Saya tidak bisa melaksanakan harapan semua kalau dalam bekerja saya diganggu.*”

Para senior lan kancaku kang melu rapat setuju banget marang apa kang dakjaluk mau. Diwakili dening Mas Sukresno lan Mas Agus,”*Ya dik saya kira semua setuju. Namun kita*

semua juga boleh mengontrol Dik Prawoto supaya tetap pada jalur dan harapan semua warga Magetan.” Aku ya banjur kandha yen siap sawayah-wayah dikontrol. Supaya aku tetep amanah yen dadi Bupati Magetan.

6. Rundhingan Keluarga

Restu bapak lan ibu iku penting banget tumrape awakku minangka wong Jawa. Apamaneh ibu iku ibarate Pangeran Katon. Lan ibuku alhamdulillah uga isih sugeng lan manggon ana ing Maospati Magetan. Dene bapak wis kapundhut rikala aku isih nyambut gawe ana ing Jakarta.

Mula aku enggal bali menyang Magetan. Saperlu nyuwun doa lan restu ibuku. Uga sekalian nyekar bapak lan uga simbahku. Ya rikala bali mau, aku banjur kandha apa kang bakal dadi sedyaku. Lan nuruti amanahe para senior kang kepingin mbangun Kabupaten Magetan. Lan uga ngumpulake kabeh keluarga ageng supaya kabeh mangerten.

Iku mau uga sarana kanggo wiwit ngenalake marang para keluarga, apa wae kabeh sedyaku supaya ora ana pandakwa kang werna-werna. Jenenge ana ing ndesa yen ora dijilentrehake kabeh bisa wae bakal ana informasi kang salah. Kabeh dakblakasutakake marang keluarga.

Ya ora arep riya, terus ngunggulake diri pribadi. Lan ngungkit-ungkit apa kang sasuwene daktindakake marang keluargaku. Amarga jujur wae, rikala aku wiwit urip bebrayan wis kudu nanggung adi-adiku kabeh. Ya adiku dhewe uga adine sisihanku. Kabeh ora dakbedak-bedakake. Dakanggep padha kabeh. Kabeh sekolah tekan kuliah nganti rampung.

Semono keponakanku uga ana kang dak sekolahake nganti kuliae rampung. Olehku nindakake kabeh mau mung

Antuk Amanah Bupati Magetan

kepingin adiku, sedulurku aja nganti ora nduwe masa ing tembe. Kabeh kudu nduwe pangarep-arep urip kang becik. Sekolah nganti kuliah sarana kang becik kanggo nggayuh kabeh mau.

Lan aku dhewe pancen wis janji marang para senior lan uga diri pribadi. Aku dhewe ya arep golek apa maneh. Kabeh wis daksyukuri. Jabatan nganti pucuke karier ya wis diparingi sing Maha Kuwasa. Rejeki ya ora kurang lan cukup. Anakanakku ya kabeh sekolahe becik. Malah tekan njaban rangkah. Saiki kabeh antuk pegaweyan kang becik. Sisihanku uga nyambut gawe. Malah rikala isih dadi guru nganti dadi kepala sekolah, tansah antuh prestasi. Mula tansah antuk kapercayan dadi kepala sekolah ana sekolah favorit ing Surabaya.

Niatku nyalonake dadi bupati mau mung kepingin majokake tanah wutah getihku. Liyane kuwi ora ana. Malah rasane ora lila yen kabupatenku ora nduwe prestasi kang manjila. Biasa-biasa wae. Kamangka anane otonomi daerah menehi wewenang kang luwih omber marang daerah supaya akeh inovasi. Beda banget karo rikala jaman Orde Baru biyen.

Ngerti karepku niat nyalonake bupati kang kaya mengkono mau, ibu lan kabeh keluarga ageng sarujuk. Kabeh nyengkuyung apa kang wis dadi sedyaku. Aku dhewe lega rasane bisa ngandharake kabeh sedyaku mau. Ya dakkira wiwit dina iku kabar enggal sumebar. Wong ya pancen ana ndesa.

Banjur aku ora lali silaturahmi menyang kanca-kanca raketku. Ya kang sepisanan menyang Mas Bambang Suyono. Kanca raket wiwit sekolah ana SMPN Maospati. Malah tunggal bangku karo aku. Lan aku banjur njlentrehake apa wae keputusan para senior ana Jakarta.

“Wot apa wis mbok pikir temenan olehmu arep nyalonake mau?” mengkono olehe mangsuli rikala aku njlentrehake kabeh sedyaku. Kancaku SD lan SMP umume yen ngundang aku Wot. Ing ndesa biasane yen ngundang golek gampange.

Aku dhewe ya wis ngrumangsani Bambang nakoni mengkono mau, wong ya aku wis ninggalake Magetan wiwit 1975. Terus sapa sing kenal aku. Kamangka pilihan langsung iku calone kudu dikenal dhisik. Ya aku nduwe karier kang becik, nanging rak ana Surabaya lan Jakarta. Ya mesthi wae kabeh ora wanuh karo aku. Kejaba kanca sekolah SD, SMP lan SMA.

Nanging wis dadi keputusan. Mula Bambang ya banjur nyengkuyung apa kang wis dadi sedyaku mau. Sawise iku aku banjur menyang omahe Mas Sutikno ketua DPC PAN Magetan. Piyambake uga kanca wiwit SMP malah nganti SMAN Magetan. Ana SMA malah uga sabangku karo aku.

Mas Tikno salah siji kang uga nyengkuyung wiwit biyen supaya nyalonake. Malah rikala aku isih njabat biyen, aku wis diaba yen wis pensiun dijaluk supaya nyalonake Bupati Magetan. Krenahe mung supaya ana ing Magetan ana owah-owahan kang cepet. Yen calone saka warga Magetan dhewe, katone ya wis terus mengkono terus ora ana kemajuané.

Mula rikala aku kandha mengkono mau, piyambake ya seneng lang nyengkuyung. Malah PAN bakal nyalonake aku. Piyambake bakal berjuang lewat partaine supaya ing tembe nyengkuyung aku ing pilkada tahun 2018. Lan aku banjur ketemu kanca-kanca kaya Mas Subroto, Mas Pudji, Mas Sugeng lsp. Malah banjur asring kumpul-kumpul nganakake penggalangan.

Semono uga kanca-kanca SMAN Magetan kang ana Magetan. Kaya Mas Didik, Mas Is, Mas teguh, Mas Wowok, Mbak Yuli, Mbak Endang, lsp. Malah banjur nganakake ketemuun supaya kabeh bisa nyengkuyung. Dakkira kabeh kanca-kancaku nduwe andhil kang gedhe ngenalake lan banjur milih aku rikala pilkada wingi kuwi. Tanpa kanca-kancaku aku ora bakal antuk kapercayan mimpin Magetan.

7. Antuk Kapercayan Warga Magetan

Ana Jakarta dianakake deklarasi yen IKMA Magetan ing Jakarta ndukung aku minangka Bupati Magetan. Mas Suparni Parto kang rikala iku ketua IKMA bener ana ngarep olehe nyengkuyung aku. Ana ing deklarasi mau padha teka para senior IKMA ing Jakarta.

Rikala deklarasi, sengaja ngundang media saka Magetan. Lan ora keri Mas Tikno minangka ketua DPC PAN Magetan uga teka melu nyengkuyung. Olehe nekakake media Magetan mau supaya enggal dimangertenin yen warga Magetan ing perantauan nyalonake aku lan nduwe jago ana pilkada 2018.

Bubar deklarasi mau, aku ya kudu asring bali menyang Magetan saperlu ngenalake marang masyarakat. Rikala wektu-wektu ngenalake aku menyang masyarakat Magetan Mas Arif Mustofa bener *all out*. Bener-bener ora netung-etung. Aku minangka calon *di-branding* dening piyambake lan tim. Ana tim saka Jakarta kang saben-saben ngrekam aku kanggo rekaman *audio visual*, *audio* apa gambar/foto.

Kang *di-branding* ya pengalamanku. Uga ora keri niatku kang kepingin mbangun Magetan. Ora golek apa-apa ana Magetan. Pancen ya aku ora bakal golek apa-apa saliyane kepingin mbangun Kabupaten Magetan. Maju, pemerintahane

resik adoh saka KKN, lan masyarakat uga maju lan Makmur.

Rikala aku mutusake maju nyalonake bupati mau, aku isih aktif minangka PNS. Aku rikala iku isih dadi widyaiswara ana Lembaga Administrasi Negara (LAN RI) lan Diklat Kominfo. Ana LAN RI aku minangka instruktur Pendidikan diklat *Reform Leader Academy* (RLA). Diklat RLA iki tujuane ndhidhik calon pimpinan kang nduwe gegayuhan nganakake inovasi ing lingkungan instansine dhewe-dhewe.

Rikala aku ngancik umur 60 tahun, manut aturan aku kudu pensiun. Mula amarga tenaga lan pengalamanku dibutuhake dening kantor lan LAN mula aku banjur dijaluk supaya mlebu dadi widyaiswara. Amarga jabatanku lan pangkatku wis mentok, mula aku banjur diangkat dadi widyaiswara utama. Jumbuh karo hobi lan kesenanganku ngajar.

Ya amarga aku diangkat dadi widyaiswara iki, pensiunku dadi mundur 65 tahun. Lan rikala dadi widyaiswara iki, aku banjur rumangsa antuk panggonan kang kepenak. La kepriye, aku bisa nularake ilmu lan pengalamanku. Ora di uber-uber tanggungjawab lan mbina staf maneh. Cukup ngajar lan mbimbing calon pemimpin ing tembe.

Ngepasi aku bali menyang Magetan, aku banjur dikenalake ana ing kantor PAN Magetan. Mas Tikno ngenalake aku iku sapa lan riwayatku dijilentrehake Mas Tikno. Ya mas Tikno pancen ngerti banget sapa aku. Wong ya pancen kanca raket. Dadi olehe ngenalake aku marang warga pengurus PAN ya kepenak wae.

Rikala aku diwenehi kalodhangan, aku ya banjur njilentrehake apa kang nggawe krentegku aku nyalonake mau. Aku ya blaka suta, yen sejatine aku blas babar pisan

ora nduwe krenteg dadi bupati. Ya amarga disurung dening para senior warga Magetan kang ana paran mau akhire aku banjur saguh. Kanthi syarat, aku kepingin majokake Magetan lan kabeh ora entuk ngganggu.

Semono uga, yen PAN Magetan nyengkuyung, aku ya janji yen aku bakal melu nggedhekake PAN kanthi cara bupati kang becik. Kanthi dadi bupati kang becik saengga bisa nggawa jenenge partai kang ngusung aku. Lan aku uga terus terang, pokoke aja marahi aku nglanggar aturan. Malah aku njaluk supaya yen aku salah, aja dietokake wae, nanging aku njaluk dielekake supaya tetep amanah.

Sawise ngenalake aku ana kantor PAN Magetan lan pengurus, aku banjur diajak menyang Desa Sugihrejo Kecamatan Kawedanan saperlu ngenalake menyang warga. Kang ngajak ya Mas Tikno. Kebeneran asal saka sisihane mas Tikno saka Desa kene. Jenenge pawongan anyar aku ya mung manut wae. Untunge aku ajeg nulis artikel saben minggu ana ing Majalah Panjebar Semangat. Dadi aku yen ana nDesa ya isih bisa nganggo basa Jawa supaya akrab lan gampang dimangerten.

Dene mas Arif Mustofa banjur ngenalake aku lewat media cetak. Nggawe profilku ana media cetak banjur dibage menyang warung-warung lan desa-desa. Uga lewat radio lan uga ora keri lewat media sosial. Amarga media sosial rikala iku wiwit digandrungi para taruna.

Ana pertemuan apa wae aku diajak. Malah uga ana perguruan PSHT aku wiwit dikenalake. Wong ya aku dhewe kang gedekake PSHT ana kutha Magetan. Lan malah aku kegolong paling tuwa kang disahake minangka warga PSHT. Wong aku disahake rikala aku munggah klas loro SMAN

Magetan tahun 1974. Banjur ngedekake PSHT ana kutha Magetan. Bisa ngesahake warga sepisanan tahun 1975 lan rikala aku ninggalake Magetan, terus kuliah ana Jogjakarta, wis ana kang nerusake lan ngembangake PSHT ana Magetan.

Sepisanan ya ana kang nyangsekake yen aku iku warga PSHT. Malah ana medsos ana kang komentar yen aku ngono ngaku-aku. Aku mono yakin, yen mengko wektu kang mbuktekake dhewe endi kang bener. Aku ya santai wae. Malah kanca-kanca kang banjur njlentrehake kang sabenere.

Wektu kang terus lumaku. Lan aku terus mudhun ngenalake lan njlentrehake tujuanku nyalonake dadi bupati menyang organisasi, masyarakat kanthi mudhun menyang karang pedesan. Malah kadhang aku nginep ana omahe pendhudhuk. Kanthi mengkono aku tansaya bisa kenal lan banjur tansaya ngerti apa kang diimpekake dening masyarakat.

Kanthi usaha para senior ing Jakarta, kanca-kanca Mas Suparni Parto, Mas Muktiyanto, lan kang simpati karo aku kaya Prof Dr M Nuh, Dr Sukarwo (Gubernur Jatim rikala iku) akhire aku antuk kendharaan partai politik yaiku Demokrat lan PPP. Kok ya ngepasi persis 9 kursi, pas kanggo syarat nyalonake maju calon Bupati Magetan.

Antuk Amanah Bupati Magetan



Foto: Rikala melu milih ana Pemilu ing Magetan 2018

Banjur ing tengahé laku, Partai Hanura melu gabung ndukung. Dene pasanganku Bu Nanik Sumantri. Piyambake kebeneran sisihane Bapak Sumantri mantan bupati kang wis rong periodhe. Supaya gampang dikenal dening masyarakat, pasanganku maju nyalon bupati mau banjur di-branding kanthi paraban “Prona.” Yen didawakake Prawoto-Nanik. Gampang dieling-eling sapa wae. Mligine warga masyarakat biasa. Amarga program sertifikat tanah kang karan “Prona” kayane kok wis mbalung sungsum ana ing masyarakat rikala jaman Orde Baru biyen.

Tanggal 27 Juni 2018 dianakake pilkada serentak ing Provinsi Jawa Timur. Ana 18 kabupaten/kota kang nganakake pilkada rikala iku. Alhamdulillah dening KPU Magetan pasangan Prona dinyatakake menang kanthi 164.931 suara utawa 43,01 persen. Saka jiwa pemilih 534.844 jiwa.

Sawise dinyatakake menang dening KPU, aku banjur ngumpulake kabeh keluargaku. Kang banjur dakandharake ana ing pasatemon mau, sepisan aku ngaturake panuwun doa lan restu kabeh keluargaku. Kapindho, kaya janjiku sakwit aku njaluk marang kabeh keluargaku ora antuk padha ngganggu

aku.”Kabeh adi-adiku, bulik, budhe, pak dhe lan para sedherek. Kaya janjiku rikala nyalonake Bupati Magetan, yen aku arep mbangun Magetan supaya luwih maju. Mula aku njaluk supaya kabeh ora ngganggu. Dakjaluk aja ngrusuhi, kaya contone titip golek gaweyan, apa njaluk kang tundhone aku kudu nyimpang saka bebener. Kabeh dakjaluk padha njaga aku supaya tetep amanah. Saengga aku tetep bisa dadi Bupati Magetan kang becik.”

8. Njahit Impene Rakyat Magetan

Bupati anyar kang kepilih rakyat, ya mesti kabeh masyarakat nduwe pengarep-arep kang gedhe. Semono uga trumap aku. Kepingin mujudake impene masyarakat Magetan mau. Mula tansaya cetha sanggan abot kang bakal dakemban ana ing ngarep. Untunge aku rikala kuliah ana UGM lulus jurusan Ilmu Pemerintahan. Jumbuh karo tugasku minangka bupati. Semono uga rikala S2 lulus jurusan Ilmu Politik Unair. Lan banjur nerusake ana S3 Unibraw Malang lulus jurusan Administrasi Publik.

Ditambah aku uga nate tugas ana Pemprov Jawa Timur. Dadi wis ora blajar maneh bab pemerintahan daerah. Lan banjur terus pindhah tugas menyang Jakarta. Dadi rikala ngemban tugas minangka bupati dakkira wis ora canggung maneh. Mula rikala aku dilantik minangka Bupati Magetan pasangan karo Bu Nanik, aku ya terus nggelak birokrasi supaya mlayu rikat.

Program 100 dina

Rikala aku bubar dilantik dening Gubernur Jawa Timur Pak Dhe Karwo tanggal 24 September 2018, aku langsung ditodhong media apa program 100 dinaku. Amarga aku wis pengalaman lan uga sekolahku ana ilmu pemerintahan, mula

aku banjur njawab yen aku ora nduwe program 100 dina. Nanging aku bakal mlayu kanthi rikat. Birokrasi dakajak mlayu.

Amarga apa aku ora nduwe program 100 dina? Rikala aku dilantik, PAPBD tahun 2018 wis direncanakake. Semono uga APBD tahun 2019 uga wis disusun dening pemerintahan sadurunge. Dadi aku minangka bupati anyar mung kari nglakokake. Bisa ngowahi kanthi cara kang ora *substantif*. Mula aku banjur enggal nggawe program-program kang nyata lan *modifikasi* program kang biasane mung nggugurake kewajiban.

Mula aku banjur nggawe program kang bisa mujudake visi lan misiku rikala janjiku ana kampanye biyen. Malah yen bisa program apa wae kang bisa ditindakake tanpa biaya. Utawa yen umpama nganggo biaya tetep bisa, nanging tanpa ora nyalahi aturan. Kanggo menehi semangat supaya kabeh nduwe program lan tinggalan becik aku asring kandha marang staf,”*Kita semua ini lahir di Magetan. Besar di Magetan. Sekolah di Magetan. Bekerja di Magetan. Menikah dengan orang Magetan. Besok pensiun juga akan di Magetan. Bahkan kalau sudah waktunya dipanggil Tuhan akan dimakamkan di Magetan. Terus kalau tidak berbuat untuk Magetan itu alasannya apa? Mumpung kita semua ditakdirkan Tuhan diberi kewenangan mengambil keputusan dan kebijakan mari kita gunakan untuk kepentingan masyarakat luas. Agar kita kelak tidak menyesal karena tidak pernah berbuat apa-apa.*” Katone kanthi motivasi mau, birokrasi banjur padha gumregah.

Ndandani Alun-alun Magetan

Aku isih kelingan pesene Mas Suparni Parto,”Mas



Prawoto aku pesen alun-alun Magetan didandani mas. Alun-alun iku "wajah" Kabupaten Magetan. Yen alun-alune apik bisa dadi kebanggaan warga Magetan. Lan uga masyarakat kang teka ing Magetan." Pesene Mas Suparni mau kiraku bener banget. Amarga rikala iku alun-alun Magetan bener-bener reged, ora kramut, sampah ana ngendi-endi. Suket kang kudune ijo, apamaneh yen mangsa ketiga bener-bener garing. Wernane wae coklat garing. Blas ora sedhep disawang.

Durung ketambahan kang dodolan ana alun-alun. Ana bedhag-bedhag permanen kang reged ora kopen. Malah ana kang turu ana kono. Bedhag-bedhag ditutup nganggo terpal. Malah ana kang ditutup karo kain tilas poster. Wis pokoke pating trembel. Ora kepenak disawang ing pandulu. Kembang-kembang kang ditandur ana alun-alun, padha ora krumat.



Aku banjur takon sapa kang tanggungjawab alun-alun. Tibane Dinas Perkim. Aku banjur njaluk supaya suket ana alun-alun wiwit disiram yen mangsa ketiga. Digolekake banyu kalen kang paling cedhak iline. Yen ora ana, bisa nggawe tandhon banyu tilas banyu wudu Masjid Agung.

Aku banjur ngumpulake kang dodolan ana ing pendopo. Amarga ana swara kang daktampa yen kang dodolan kabotan yen bedhag-bedhag mau bakal dibongkar. Mula supaya ngerti apa kang dakkarepake, lan ora ana informasi kang salah banjur dakajak dhiskusi.

Ana ing pendopo aku banjur kandha marang anggota paguyuban kang dodolan ing alun-alun,”*BEGINI, alun-alun sedikit demi sedikit akan saya perbaiki. Tapi saya akan membatasi kegiatan di alun-alun yang berpotensi merusak tanaman atau kebersihan alun-alun. Seperti wayang kulit, ndangdhut dan sejenisnya saya minta diadakan di luar alun-alun. Misal di GOR atau di tempat lain. Bagaimana mungkin, alun-alun yang dibangun dengan biaya mahal kemudian kita rusak sendiri.*”

Terus aku mbacutake olehku kandha,”*Tapi yakinlah, bahwa kalau nanti alun-alun Magetan menjadi bersih dan baik setiap hari banyak orang yang datang. Tidak seperti sekarang, alun-alun ramai kalau ada pertunjukan. Pilih mana, setiap hari rame atau kalau ada pertunjukkan saja. Dan saya minta setiap hari, gerobak harus dibawa pulang agar tidak kumuh.*”

Alun-alun banjur terus dakdandani mbaka sethithik. Suket-suket disiram, dirabuk lan dipotong kanti ajeg. Kembang-kembang dirawat. Tempat sampah ditata kanthi becik. Toilet uga dibangun. Panggonan dolanan bocah-bocah uga dibangun. Aku saben-saben menyang alun-alun njumputi sampah supaya masyarakat melu njaga alun-alun tetep resik. Saiki saben ndina alun-alun tansah rame kanggo jujungan keluarga. Kang dodolan saben ndina payu. Ing tembe terus bakal dakbangun tansaya becik. Saengga alun-alun Magetan tetep bisa dadi kebanggaane masyarakat Magetan.



Foto: Stadion Sadurunge Lan Sak Wise Dibangun

Jenenge stadion ing Magetan wis puluhan tahun kandhane akeh mangkrak. Tembok-tembok ing stadion isine tulisan kang ora pakra kae. Wis pokoke rusuh. Malah ana ing medsos diwartakake yen asring kanggo mesum. La kepriye, yen bengi peteng. Kamangka stadion mau manggon ana ing “*pintu masuk*” kutha Magetan. La kok swasana lingkungan lungsep lan peteng. Mula rikala aku dadi bupati, salah siji program kang kudu enggal dakrampungake ya stadion iki.

Anggaran kang wis sumadya enggal dakperintahake dilelang kanthi transparan. Jenenge pejabat kang nduwe tanggungjawab isine mung wedi. Aku dadi bupati tansah menehi panjurung lan semangat supaya ora mandheg mrangu. Anggere ora nduwe sedya golek-golek, mengko mesthi ora ana apa-apa.

Saben-saben aku kudu banjur tansah nganakake rapat koordinasi lan evaluasi, supaya kemajuan proyek mau ora ana

kendhala apa-apa. Proyeke mlaku lan sing tanggungjawab uga aman. Aku dhewe kadhang bisa ngerti, olehe padha was sumelang mau. Amarga kang uwis-uwis akeh kang kena masalah perkara proyek ing Magetan. Malah ana kang mlebu pakunjaran.

Semono uga jenenge GOR, bocor ana ngendi-endi. Yen udan trocoh. Malah ketambahan kena angin lesus. Aku ora ngerti kena ngapa kok ora beres-beres. Kamangka masyarakat kaya-kaya wis kentekan akal olehe usul lan kritik. Ana media cetak, ana medkos.

Mula aku bubar dilantik minangka bupati, salah siji agendaku mberesake stadion lan GOR mau. Aku banjur kandha marang Sekda lan staf, pokoke Stadion lan GOR kudu beres. Anggaran ana APBD disiapake. Saben-saben dakevaluasi kemajuan wiwit lelang nganti pembangunan. Aku terus terang ora nate cawe-cawe sapa kang menang tender. Dakpasrahake menyang bageyan lelang. Alhamdulillah stadion lan GOR akhire bisa rampung lan beres. Saiki wis bisa digunakake dening masyarakat pecinta olaharaga. Mligi GOR, bisa digunakake maneka werna acara. Wiwit olahraga, rapat akbar nganti resepsi perkawinan.

Bunda Sejahtera lan Bunda Kasih

Aku asring antuk usul saka masyarakat, yen akeh banget bank thithil kang banget ngrugekake masyarakat. Menehi utangan, nanging kanthi bunga kang nekek gulu. Mula akeh masyarakat kang banjur kegubet utang. La kepriye ora kegubet, yen menehi utang gampang tanpa agunan. Nanging jenenge bungane bener-bener nekek gulu.

Aku banjur ngundang direktur Bank BPRS Magetan. Ora lali uga njaluk supaya dewan pengawas uga melu. Aku

ngusulake apa ora bisa menehi utangan kanthi cara tanpa agunan. Mosok kalah karo bank thithil. Wong bank thithil kang bungane nekek gulu wae bisa, kok nganti BPRS ora bisa. Wiwitane kabeh direktur lan dewas ya mrangu-mrangu. Apa ya bisa menehi utangan tanpa agunan!!!! Amarga dakdhesek, akhire dicoba lan ditindakake. Wiwitane rikala di-*launcing* tahun 2019 nasabah isih 150 pawongan. Saiki ing tahun 2022 wis luwih saka 4000 nasabah. Olehe utang ora gedhe, Rp 1 juta-Rp 5 juta. Nanging kanggone wong cilik dhuwit semono mau kanggo usaha wiwitan rak ya wis lumayan. Yen ana ndesa kanggo paitan. Lan kang dadi bombonge ati, kang macet kredite bisa dietung driji. Program iki banjur dakjenengake “Bunda Sejahtera.”



*Foto: Aku Rikala Silaturahim Menyang kang
Nampa Program Bunda Kasih*

Terus aku uga nggawe Program Bunda Kasih. La yen program bunda kasih iku wiwitane mangkene. Rikala aku niliki wargaku kang klebu miskin, kok kebeneran menangi warga kang gawe nelangsaku. Wis tuwa, urip dhewe lan ora nduwe anak bojo. Bener-bener nrenyuhake ati kae.

Tekan kantor aku banjur enggal ngundang Kepala

Antuk Amanah Bupati Magetan

Dinas Sosial. Aku kandha, senadyan warga kang tuwa lan lola mau antuk BLT, aku njaluk kang wis ora bisa nyambut gawe supaya dijamin mangane. Dhuwit jaminan mangan saben wulane supaya dititipake menyang warung kang cedhak, apa tangga kang gelem masakake kanggo mangan saben ndina. Lan dhuwit jaminan mangan mau, kudu ditransfer langsung menyang rekening supaya ora ana potongan.

Nganti saiki wis ana 275 warga kang lola mau dijamin mangane saben ndinane. Sanadyan durung akeh, amarga anggaran kang winates nanging wong kang lola lan wis ora bisa nyambut gawe mau, bisa dijamin mangane saben ndina. Program iki banjur dakjenengake “Bunda Kasih.”

Wong kang wis tuwa, dakkira mangane wis ora akeh. Malah ora perlu sedina kaping telu kaya yen isih enom. Nanging kira-kira kaping pindho wis cukup. Lan ana ing ndesa,



ana warung jenenge sega sapincuk/sapiring mung pira. Mula aku banjur ndhesek supaya program Bunda Kasih mau bisa enggal dileksanakake. Saiki program Bunda Kasih wis lumaku ing

Magetan. Njamin para lansia kang wis ora bisa ngapa-apa, antuk jaminan pangan saben ndinane.

Reformasi Birokrasi

Jenenge KKN iku kaya-kaya wis mbalung sungsum ana ing kalangane birokrasi. Untunge aku wis pengalaman nyambut gawe dadi PNS, wiwit saka ngisor ngantik pucuke

karier. Nanging alhamdulillah olehku mecaki karier minangka PNS mau, adoh banget saka KKN. Mula aku paling ora seneng yen ana KKN iku.

Ana kalangan pemerintahan daerah, tantanganku pancen abot kanggo ngyakinake marang masyarakat supaya KKN iku didohi. Amarga wis mbalung sungsum mau. Nanging aku kudu miwiti lan nyontoni. Tekadku sakawit dadi bupati iku pancen kepingin ngrubah birokrasi kang resik lan bisa nglayani. Ora birokrasi kang kanggo kepentingan birokrasi dhewe. Ana unen-unen, "*Ikan itu tidak pernah busuk dari ekor; tapi pasti busuk dari kepala.*" Pimpinan iku dadi panutan. Mula aku kudu nyontoni.

Kang paling katon, rikala aku dadi bupati anyaran iku jenenge ngurus KTP lan dokumen kependudukan kawentar angel. Kang jenenge kantor Dukcapil iku saben ndina wong kang antri iku dawa. Nganti dipasangi tali rafia. Malah aku asring antuk informasi yen ana calone. Kang bisa mbayar, mesthi bisa dilayani cepet lan ora perlu antri.

Aku banjur ngundang Kepala Dinas Dukcapil. Saperlu, supaya enggal nggawe program ngurus KTP lan dokumen kependudukan kang luwih gampang. Yen perlu olehe ngurus cukup ana kecamatan. Kanggo nglancarake, mula banjur alat-alat daktukokake. Saengga warga Magetan kang ngurus dokumen kependudukan, ora perlu adoh. Malah saiki ngurus dokumen kependudukan cukup ana desane dhewe-dhewe. Kabeh dadi luwih mayar lan kepenak.

La ana kedadeyan maneh. Rikala aku dadi bupati anyar, kebeneran kok ana rekrutmen CPNS. Wis jenenge kang arep titip iku akeh banget. Wis dakjelasake yen sistem *computer Assisted Test (CAT)* iku transparan. Ora bisa titip

kaya sistem manual biyen. Wong aku wis suwe ngetrapake rikala ana kementerian biyen. Mula aku seneng banget rikala rekrutmen CPNS lewat CAT mau. Bener-bener mbebasake aku saka tumindak kang ora bener. Menehi kalodhangan kang pinter bisa dadi PNS kanthi ora perlu mbayar lsp. Kang biyen dianggep biasa.

Nanging yaiku, isih ana wae kang percaya. Malah aku asring antuk informasi akeh banget kang ngaku-ngaku bisa nglebokake. Kang dakgumuni, kok ya ana kang dadi calo mau saka PNS. Mula rikala kebukten, aku ora wigah-wigih dakpatrapi ukuman jumbuh karo kesalahane. Ana kang dakbebasake saka jabatan barang.

Nanging, suwening suwe masyarakat tansaya pinter. Pranyata akeh kang ketampa amarga olehe nyiapake test kanthi bener. Uga ora sithik kang kapusan. Kabeh mau ndadekake hikmah kanggo kabeh, yen saiki jamane wis beda. Wis ora kaya biyen maneh. Biyen iku kabeh sarwa bisa direkadaya saksenenge pejabat. Sasuwene aku njabat bupati yen ana rekrutmen apa wae, aku wanti-wanti kudu transparan.

La kepriye olehku nganakake rekrutmen pejabat ana Pemda Magetan. Minangka bupati anyar rikala iku, aku durung ngerti endi pejabat kang bisa diajak dhiskusi bab karier PNS. Amarga aku bener-bener wong saka njaba kang durung ngerti peta PNS ing Magetan. Mula sejene aku tetep nuhoni prosedur, uga golek sisik melik marang pawongan njaba birokrasi kang dakpercaya.

Aku wis pengalaman dadi ketua baperjakat ana kementerian. Yen ngisi jabatan mesthi dianakake rapat antarane anggota baperjakat. Anggotane baperjakat, para pejabat tinggi kementerian. Aku dhewe rikala semana kang

dadi pimpinan. Dene anggotane para dirjen, irjen lan kepala badan. Dene sekretarise, kepala biro kepegawaian. Ya ana rapat baperjakat mau digodhok, sapa kang pantes ngisi jabatan ana lingkungane.

La rikala rapat baperjakat ana Magetan, yen ana kang ngusulake promosi, aku mung takon, wonge apik apa ora. Sing dakgumuni, yen aku takon mengkono kabeh mung pandeng-pandengan. Ing batin aku mung bisa kandha, kok angel ya golek wong apik iku. Nyatane aku takon mengkono ora ana kang wani kandha lan ndhadhagi. Apameneh kok tanggungjawab. Mula aku banjur kandha, aja nganti olehe ngisi jabatan iki ana kang mbayar. Yen nganti aku krungu ana kang mbayar lan kebukten, bakal dakbatalake jabatane.

Suweneng-suwe aku tansaya ngerti, endi PNS kang becik lan kurang becik. Dadi aku gampang yen ngisi jabatan ana Pemda Magetan rikala ana rapat baperjakat. Aku ngupaya bener-bener kang mampu dakpromosekake. Dene kang ora mampu ya mengko dhisik. Terus terang, malah asring aku uga nampa titipan-titipan. Nanging aku ya kandha, yen caraku ngisi jabatan dhasare kinerja lan wonge apik apa ora. Dudu amarga titip.

Semono uga budaya organisasi diowahi. Yen biyene njaluk dilayani, saiki kudu nglayani. Kemajuan ing babagan reformasi birokrasi iki, ndadekake tansaya akehe antuk pangaji-aji saka Pemerintah Provinsi lan Pemerintah Pusat. Kaya laporan penyajian keuangan antuk predikat WTP saka BPK saben tahune, kang wis urut kaping wolu (wolung tahun). Aku dhewe antuk penghargaan saka provinsi minangka *Inovative Leadership*, lsp.

Mal Pelayanan Publik

Ora nggumunake maneh, yen pelayanan masyarakat saka pemerintah daerah iku kurang becik. Wis mbulet, ketambahan kudu mbeseli, yen kepingin urusane lancar. Kaya-kaya bab pelayanan publik iku wis dadi rahasia umum. Wong nyatane kaya mengkono. Olehku bisa kandha mengkono mau, amarga akeh kang menehi informasi marang aku. Lan uga rikala dibukak tilpon aduan, akeh kang mlebu ngeluhake layanan-layanan kang ditampa dening masyarakat.



Foto: Mal Pelayanan Publik

Mula aku banjur ngumpulake kabeh OPD. Aku njaluk supaya enggal dibangun Mal Pelayanan Publik (MPP). Lan Dinas Pelayanan Terpadu Satu Pintu (PTSP) dadi koordinator. Ana rapat mau wis bisa ditebak, lan biasa wangslulan kang umum yaiku yen anggarane ora ana. Lan ora ana program rencana sadurunge. Iku bener-bener jawaban khas birokrasi. Yen ora ana program, ya mesthi ora bakal mlaku. Ora gelem nggawe reka daya utawa inovasi, kang tanpa nyalahi aturan.

Ana ing rapat aku banjur kandha, MPP kudu maujud ana ing Magetan. Salah siji kanggo njawab keluhane masyarakat ngenani layanan saka Pemda Magetan sasuwene iki. Carane kanthi cara sinergi. Dinas PTSP anggaran apa kang bisa dienggo mujudake MPP mau. Rikala iku, anggaran Dinas PTSP bisa kanggo ndadani interior lan mebelair. Banjur Dinas Perdagangan ndadani pasar, Dinas Perhubungan nggawe lampu lan lapangan parkir, Dinas Kominfo jaringan internet lsp. Kabeh dinas sinergi program. Ora antuk mlaku dhewe-dhewe.

Lan panggonane MPP dakputusake ana ing Pasar Baru (PB). Rikala semana, jenenge PB sepi. Olehku ngerti sepi mau, amarga rikala aku mlaku-mlaku menyang PB diwaduli dening pengurus asosiasi pedagang, yen pasar saben ndina sepi. Aku minangka bupati wis samesthine ya banjur golek cara, kepriye carane supaya rame. Saora-orane ora patiya sepi.

Mula alehku mutusake MPP dideleh ana PB mau, salah sijine alesan supaya PB dadi rame. Amarga daketung, saben ndina kang ngurus ijin apa wae ing Dinas PTSP sedina ora kurang saka 600 pawongan. la yen wong semono kehe mau, kabeh banjur menyang MPP lan panggonane ana PB, rak ya pasare melu dadi rame. Iku caraku mikir.

Ning emane rikala semana, kabeh panggonan PB wis disewa. Ana ing lantai loro kang rada omber nanging swasana sepi lan uga wis disewa. Malah separo lantai loro kang sepi mau mung kanggo panggonan dolanan bocah-bocah.

Kok ya begjaku. Panggonan dolanan bocah-bocah mau, kok ya ngepasi wis entek kontrake. Kontrake wae 25 tahun. Kok ya rikala aku dadi bupati kontrake ngepasi entek.

Aku percaya banget, yen niat becik iku bakal pinayungan Gusti. Lan embuh, sasuwene iki, wiwit aku miwiti karier ana birokrasi wiwit saka ngisor nganti pucuke karier tansah pinayungan Gusti Kang Akarya Jagad.

MPP sidane dibangun. Lan dadi manggon ing PB. *Soft Launching* MPP dianakake tanggal 15 Januari 2020. Rikala iku ana 22 instansi kang nggabung ana MPP. Lan ana 152 jinis layanan ana MPP. Anehe rikala semana Kementerian Menpan RB ora ngidini, yen MPP ana pasar. Konsepe MPP iku kudu nduwe gedhung dhewe. Lan isih ditambah syarat-syarat liyane. Aku ya ora banjur kemba, lan terus kandha marang kanca-kanca staf supaya mlaku terus. Apa yen ora nduwe dhuwit ora antuk nduwe MPP. Wis ora apa-apa yen mengko ora diakoni. Yen penting masyarakat antuk layanan kang becik.

Kok ya kebeneran banget, rikala MPP dilengkapi mesin Anjungan Dukcapil Mandiri (ADM), kaya mesin ATM bank kae, pranyata mesin iki kang sepisanan ana Indonesia. Anane mesin ADM iki warga Magetan bisa nyetak KTP, KSK, akta lahir lan dokumen kependudukan liyane. Lan pawarta iki sempat viral.

Rikala Pak Mendagri pirsa, banjur nglonggarake wektu menyang Magetan mung saperlu kepingin nyatakake. Amarga mesine ana MPP, mula Pak Manteri uga banjur mubeng ana MPP. Apa komentar Pak Menteri rikala iku, "*Ini bagus. MPP letaknya di pasar. Selain memudahkan pelayanan kepada masyarakat, juga meramaikan pasar. Pasarnya jadi ramai. Ini konsep yang sangat bagus.*"

Malah amarga MPP kang unik mau, mula Magetan banjur antuk hadiah mobil Damkar. Mobil pemadam kebakaran

gaweyan Korea Selatan. Lan kira-kira wae rikala Pak Menteri tekan Jakarta banjur kandha menyang Menpan. Nyatane ora let suwe, pejabat saka Menpan RB banjur teka ing Magetan. Rikala nyatakake dhewe MPP Magetan, lan prnyata pancen unik, uga manfaate gedhe kok ya malah MPP Magetan banjur diresmekake dening Pak Menteri Menpan RB piyambak.

Amarga kasile MPP Magetan kang unik lan uga antuk akeh pangalembana mau, birokrasi ana Magetan tansaya percaya dhiri. Prnyata Magetan bisa nduwe prestasi. Aku asring kandha marang staf, “*Kerja saja yang baik, ditambah dengan penuh inovasi. Percaya, nanti penghargaan akan datang dengan sendirinya. Jangan justru sebaliknya, bekerja untuk cari penghargaan.*”

Mbangun Desa lan Pertanian

Politik Pemerintah wiwit era reformasi, menehi otonomi kang luwih jembar marang Provinsi, Kabupaten lan Kota. Malah sabanjure otonomi kang luwih jembar uga diwenehake menyang desa. Kang biyene, senadyan wiwit biyen desa iku otonom, nanging nyatane sumber keuangane banget winates.

Undang-undang No: 6 tahun 2014 ngamanatake antarane yen desa perlu diwenehi sumber keuangan awujud dana desa. Tahun 2015 tahun sepisanan dana desa wiwit diluncurake menyang desa. Manut teori, salah siji maksud olehe menehi dana desa mau supaya desa luwih berdaya. Kang ngerti kebutuhane desa rak ya masyarakat desa dhewe.

Saliyane iku anane dana desa, bakal ndadekake ekonomi ing desa bakal lumaku. Yen ana program infrastruktur kaya mbangun dalan, irigasi, umpamane, tenagane mesthi uga saka desa kono dhewe. Saora-orane saka tangga desa apa saka desa ing kabupaten. Lan dhuwit mau bakal muter ana desa.



Foto: Embung

Ing Magetan, dana desa tahun 2022 wae gunggung ora kurang saka Rp 173 milyar setahun. Yen ana Kabupaten Magetan wae ana 235 desa/kelurahan lan desane ana 207, mula rata-rata saben desa antuk bantuan dana desa gedhene Rp 750 yuta saben tahune. Durung bantuan saka kabupaten. Bantuan keuangan desa saka Kabupaten Magetan saben tahune rata-rata Rp 250 yuta saben desane.

Supaya dana desa mau tanja, lan ora dislewengake mula dana desa mau banjur diatur kanggone. Sepisan maneh,

supaya bisa tanja. Manut aturan saka Kementerian Desa, dana desa mau 80 persen kanggo mbangun infrastruktur lan 20 persen kanggo pemberdayaan. Terserah masyarakat desa dhewe, infrastruktur apa kang bakal dibangun. Kang ngerti rak ya warga desa dhewe.

Iku durung ing bidhang liyane kang menyang desa kaya program pertanian. Ana ing bidhang pertanian, program pokok-pokok pikiran anggota dewan, utawa karan Pokir paling akeh diglontorake ing bidhang pertanian *arti luas*, kaya pertanian tanaman pangan, peternakan lan perikanan. Tahun 2022 wae bidhang *pertanian tanaman pangan Rp 22 milyar* kanggo jalan usaha tani, tuku pupuk, alat lan mesin pertanian, rehab jaringan irigasi,. Dene kanggo ningkatake usaha pertanian gunggunge ora kurang saka Rp 15 milyar, kanggone wiwit kanggo drone, tractor, lsp.

Iku nembe program saka kabupaten. Durung bantuan Pokir saka DPR pusat lan DPRD Provinsi jumbuh karo Dapil anggota dewan. Bantuan mau maneka werna ujude. Wiwit mbangun irigasi, dalan usaha tani, *tractor*, mesin panen, sumur, lsp. Semono program-program saka Kementerian Pertanian, uga akeh. Kaya bantuan bibit, subsidi pupuk, bantuan alat pertanian lsp.

Ing babagan peternakan lan perikan, maneka werna bantuan kanggo peternak. Kaya hibah kelompok bibit ternak, lan uga *sarana prasarana*. Ing tahun 2019 bantuan APBD lan saka pusat ora kurang saka Rp 5 milyar. Tahun 2020 mundhak akeh, gedhene ora kurang Rp 6 milyar. Tahun 2021 luwih gedhe maneh Rp 11,4 milyar. Lan tahun 2022 bantuan program Rp 9,4 milyar.

Naging ora kenyana-nyana tahun 2022 Indonesia kena *wabah penyakit mulut lan kuku (PMK)*. Penyakit hewan kang sejatine ing Indonesia wis dinyatakake dening bebadan PBB wis bebas PMK. Mula wabah mau gawe bingunge pemerintah lan peternak ing Indonesia, klebu Magetan. Mesthi wae masyarakat peternak akeh kang rugi. Kanggo ngawekani PMK, sawise sumadya vaksin, enggal digenjot vaksin marang ternak supaya kalis saka wabah PMK.

Mligi perikanan, Pemda Kabupaten Magetan kerjasama karo Kementerian Perikanan dan Kelautan ngembangake perikanan ana Magetan. Lan ditugasake Poltek Perikanan dan Kelautan Sidoarjo ngembangake perikanan air tawar ana Kabupaten Magetan. Malah para mahasiswa olehe praktek ana Magetan. Kanthi kerjasama mau diajab perikanan air tawar ana Magetan tansaya maju.

Kampung Susu Lawu Singolangu

Lagi wae, yen dakibaratake bayi mono lagi bisa mlaku thimik-thimik, Kampung Susu Lawu Singolangu (KSLS) kang dakkembangake, la kok kena pagebluk PMK. Ya mesthi wae, anane pagebluk iki nggawe rugine peternak sapi ing Magetan. Semono uga sapi perah. Jian kaya kena tsunami kae. Nanging kepriye maneh, manungsa diwajibake tetep ikhtiar. Mula rikala vaksin PMK wis sumadya, sapi perah kang didhisikake antuk vaksin.

Rikala aku anyaran dadi bupati, mung ana ing Dusun Singolangu, Kelurahan Sarangan, Kecamatan Plaosan lan Panekan kang ana peternak Sapi Perah. Rikala tahun 2018 gunggunge sapi perah ana Magetan isih 400. Lan asile susu langsung dikirim menyang pabrik susu Nestle lewat Ponorogo. Dadi durung bisa langsung ngirim menyang Nestle.

Ndeleng kasunyakan kaya mengkono mau aku banjur nggolek cara kepriye bisa ngangkat nasibe petani uga kang dadi peternak. Perlu kauningani, yen pamong tani ing Magetan rata-rata ambane lemah kang dadi cagake urip mung 0,2 Ha. Terus lemah

kang mung semono mau, apa ya bisa gawe makmur. Kanggo mangan saben ndinane wae mesthine wis ora cukup. Mula banjur karan miskin struktural.

Aku yakin yen pamong tani kang lemahe mung sailat paribasane mau, bisa kaangkat kanthi cara ana usaha liyane kang ora adoh saka tetanen. Kaya ternak sapi perah. Amarga ternak sapi perah rak ya ora patiya butuh lemah kang amba. Uga nganti kotorane wae malah bisa kena kanggo rabuk.

Mula anane rintisan peternak sapi ana Dusun Singolangu mau ndadekake tekadku, yen dusun iki kudu dakkembangake KSLS. Ing tembe ora mung produksi susu sapi murni, nanging uga produk olahan saka susu. Saliyane iku uga bisa dadi kampung wisata edukasi. Mligine peternakan sapi perah.

Mula aku banjur nugasake Kepala Dinas Peternakan dan Perikanan nggandheng pawiyan luhur nggawe konsep utawa *master plan*. Rikala *master plan* didhiskusekake, antuk maneka werna usulan lan dadi *master plan* kang ing mbesok diajab dadi paugeran kepriye ngembangake KSLS. Saengga ganti pimpinan ora banjur ganti program.

Sabanjure aku banjur ganti mikir, terus anggaran saka ngendi. Apa ya mung saka APBD. Mesthi wae ora bisa nyukupi. Apamaneh ketambahan ana pagebluk *Covid-19*. Mula aku banjur golek cara kira-kira, apa ana lembaga kang bisa mbantu mujudake program KSLS mau. Yen perusahaan bisa saka CSR. Utawa saka instansi kang luwih dhuwur.

Untunge aku kenal becik karo Mas Parni Hadi. Mantan Dirut Kantor Berita Antara lan Dirut RRI Pusat Jakarta. Panjenengane priyayi asli Madiun kang wis dadi wartawan senior. Kenalku becik ya rikala aku dibenum ana kementerian. Amarga padha-padha asli saka wewengkon eks Karesidenan Madiun banjur akrab.

Piyambake kebeneran banget pendiri Dompet Dhuafa (DD). Banjur aku kandha apa bisa mbantu ngembangake program KSLS mau. Aku kandha marang piyambake supaya bisa mbantu kang ora bisa ditanggung dening APBD. Lan prosedur ora dadi rumit. Kaya mbantu narik pipa banyu saka ndhuwur lsp.

Antuk Amanah Bupati Magetan

Alhamdulillah, piyambake kersa mbantu kanthi rena penggalih. Malah nugasake pimpinan DD wilayah Jawa Timur kanggo mbantu mujudake program KSLS. Ya mesthi wae aku minangka pimpinan daerah dadi seneng banget antuk bantuan saka DD. Saengga sithik mbaka sithik item-item ngembangake KSLS wiwit dicicil.

Saliyane iku uga antuk dana bantuan saka Dirjen Peternakan Pusat. Semono uga Dinas Peternakan Provinsi Jawa Timur. Tanggal 25 November 2020 banjur dianakake *soft launching* KSLS. Ana Singolangu wae, ora kurang saka 400 sapi perah rikala iku. Rikala *soft launching* mau antuk kawigaten gedhe saka kang mbantu. Kang teka rikala iku saka Dirjen Peternakan, DD, Dinas Peternakan Provinsi lan Forkopimda Kabupaten Magetan. Uga masyarakat peternak susu.

Ana rasa marem lan optimis rikala aku ngresmekake KSLS mau. Kanthi anggaran kang winates nanging amarga bisa antuk bantuan saka ngendi-endi akhire KSLS bisa maujud. Yen KSLS bisa kasil, aku yakin yen ing mbesok bisa ditiru panggonan liyane. Kanggo ningkatake kemakmurane masyarakat Magetan.



Alhamdulillah maneka werna produk panganan saka olahan susu saiki wis bisa diproduksi dening KSLS. Wiwit saka susu meneka werna rasa. Wiwit rasa asli, melon, vanila lsp. Uga stik

susu, permen, es cream, yogurt, lsp. Ditambah saiki produk olahan susu saka KSLS wis dikemas kanthi cara kang ora kalah karo produk pabrikan.

KSLS saiki wiwit dadi destinasi alternatif sawise menyang Telaga Sarangan. Nanging emane sepisan maneh kena pagebluk PMK. Nanging ndeleng semangate para peternak KSLS, ing mbesok kampung iki daksuwun tetep bisa maju kanthi ciri wisata edukasi peternakan sapi perah lan produk olahan susune.



E-voting

Tahun 2019 ing Kabupaten Magetan ana 184 kepala desa (kades) kang wis entek masa jabatane. Mula saka iku, manut aturan kudu enggal dianakake pilihan. Kaya pilihan pejabat politik ing Indonesia, pilihan kepala desa (pilkades) saiki uga pilihan langsung. Rakyat milih langsung pimpinane ing desane.

Kaya umume pilkades kang wis-uwis, cara pilihane kanthi cara nyoblos gambar calone. Aku minangka bupati, banjur takon apa ora kena pilkades ganti cara. Kanthi cara nggunakake *teknologi*. Wong saiki wis erane *digital*. Kok pilkades isih nyoblos. Apa iki ora padha wae karo isih jaman kuna.

Mranggulangi pilkades kanthi cara kuna iki, aku banjur nduwe idhe, kepriye yen pilkades mau dianakake kanthi cara *e-voting*. Carane nggunakake komputer. Saengga luwih efisien dibandhingake yen nganggo cara nyoblos. Lan maneh, yen wis bubar pilkades komputer kang dienggo bisa digunakake mbantu administrasi desane. La yen kanthi cara kuna nyoblos, sisane mung kertas lan kothak suara.

Amarga cacahe desa kang nganakake pilkades mau ana 184 desa, mula aku banjur usul pilkades ora dileksanakake kanthi cara bebarengan (*serentak*), nanging *gelombang* (ora bareng). Umpamane, minggu iki seket desa. Terus seminggu maneh seket desa, nganti entek. La yen pilkades bareng rak ya kudu nyediakake komputer bareng. Dadine perlu komputer akeh. Malah ora efisien. Ragade dadi larang.

Emane idheku mau kok ya ora mulus. Saperangan calon padha ora setuju yen nggunakake *e-voting*, lan ora bareng (bergelombang). Salah siji alesane amarga mengko

yen ora bareng “botoh-botoh” kang njagokake bakal entuk wektu kanggo intervensi marang calon pemilih (warga). Beda yen bareng, bakal angel antuk kalodhangen botoh-botoh mau. Alesan liyane, terus kang wis tuwa apa ngerti teknologi. Apa bisa nggunakake komputer? Terus mengko yen diserang *hacker* kepriye?

Aku ana ngendi-endi tansah nerangake yen pilkades



nganggo *e-voting* iki babar pisan ora ana hubungane karo internet. Cukup nganggo aplikasi lan jaringan *Local Area Network (LAN)*. Dadi ya ora bakal *hacker* bisa mlebu. Wong ora

ana jaringan internet. Semono uga rasa kuwatir, wong tuwa ora bisa nglakokake komputer mau, ora perlu dikuwatirake. Wong sing milih ora perlu nglakokake komputer. Mung kari nutul-nutul.

Aku banjur guyon, coba saiki sapa sing ora bisa nggawe Hp aplikasi *android*. Kabeh pawongan rak ya meh kabeh bisa. Kamangka *android* iku cukup rumit. Nyatane tanpa ana kursus, kabeh bisa nglakokake. La pilkades nganggo *e-voting* iki mung kari nutul lan uga ana latihane. Kena ngapa kudu kuawatir!!!!

Emane, idhe lan inovasi kang dakgagas iki tibane Kementerian Dalam Negeri dhewe ora ngijinake yen pilkades mau ora bareng. Amarga aturane pilkades kudu bareng. Ya kepriye maneh, Kemendagri dhewe ora ngidini. Ya kepeksa rancanganku ora bisa dakleksanakake. Nanging

aku ora kurang akal. *E-voting* tetep dakleksanakake kanthi catetan, saben kecamatan mung dipilih siji. Mung kanggo percontohan. Lan kang dipilih dadi percontohan desa kang penduduke paling akeh dhewe.

Tetimbanganku, yen penduduke paling akeh mengko bisa kanggo conto lan masyarakat bisa mbandhingake. Endi kang paling cepet lan becik tanpa ana kisruh. Beaya pilkades kang ngentekake wragad udakara Rp 17 milyar mau, bisa menehi pendidikan politik marang masyarakat. Lan masyarakat bisa mbandhingake, ngendi kang paling becik. Pilkades nganggo manual kanthi cara nyoblos, apa *e-voting*.

Bener, tanggal 27 November 2019 pilkades ana Magetan digelar kanthi cara bareng. Sebageyan gedhe nganggo manual. Dene saben kecamatan dipilih siji nganggo *e-voting*. Dene aplikasi *e-voting* ijin nganggo aplikasi saka Ristek. Aku coba monitor ana TPS kang nganggo sarana manual lan *e-voting*. Kabeh lumaku lancar.

Sawise rampung, dianakake monitoring lan evaluasi. Banjur tim nyimpulake yen pilkades nganggo *e-voting* luwih efisien. Luwih cepet!!!! Senadyan pemilih luwih akeh. Malah jam 14.00 wis rampung. Kamangka rata-rata kang manual jam 18.00 nembe rampung olehe ngetung. Ketambahan maneh, kang nganggo *e-voting* ora ana kang kisruh babar pisan.

Tri sukses pilkades *e-voting* lumaku lancar. *Tri sukses* pilkades *e-voting* mau, yaiku *sukses penyelenggaraan*. Pranyata pilkades nganggo *e-voting* lumaku lancar. *Sukses* prestasi, amarga lagi sethithik kabupaten kang nganakake pilkades kanthi cara *e-voting*. Mula lancare pilkades cara *e-voting* iki uga nduwe prestasi dhewe kanggo Magetan. *Sukses ekonomi*, pilkades nganggo *e-voting* diajab

kabupaten liyane bisa blajar menyang Magetan. Kebukten akeh kabupaten kang banjur melu nyatakake rikala digelar pilkades mau. Malah sawise iku, akeh kabupaten kang banjur studi banding menyang Magetan. Tekane tamu mau, padha karo nggerakake ekonomi ana Magetan.

Blajar saka pengalaman pilkades nganggo *e-voting* mau, mula tahun 2023 digelar pilkades ana Magetan nganggo *e-voting*. Ana 27 desa kang nganakake pilkades. Aku wis mutusake supaya tetep nganggo *e-voting*. Lan aplikasi kang dienggo wis ora nganggo duweke Ristek maneh. Nanging nggawe dhewe. Programmer saka Dinas Kominfo Kabupaten Magetan dhewe kang nggawe. Saengga luwih efisien maneh.

Saliyane ora perlu nyewa aplikasi saka Ristek, kang mesthi bisa ngirit. Kita uga bisa nggunakake tilase komputer kang dituku rikala pilkades iki, mengkone bisa kanggo adminitrasi desa lan uga laboratorium komputer ing kabupaten. Bener-bener ora ana dhuwit kang ilang muspra ana pilkades mau, yen kita nganggo *e-voting*.

Ndandani Pasar Baru

Senenganku saba pasar, wis daklakoni wiwit biyen. Malah yen sisihanku menyang mal, aku arang-arang banget melu. Yen diajak lan yen bisa aku bakal golek alesan supaya ora melu. Kejaba ing mal mau ana toko bukune. Aku biasane mesthi semrinthil. Sisihanku blanja ana mal, aku menyang toko buku. Beda banget yen diajak menyang pasar, mesthi aku melu semrinthil. Lan sisihanku daketutake olehe blanja. Barang-barang blanjaan mesthi dakgawakne.



Pakulinan mau pancen ora dakgawe-gawe. Malah yen aku tugas menyang ngendi wae, yen esuk mlaku-mlaku mesthi kang dakgoleki, terus takon ngendi pasar pagi iku. Lan aku banjur mlaku-mlaku mrono. Kanthi menyang pasar mau, aku ngerti kepriye urip kang sabenere rakyat ing kono.

Ora mung ana ing Indonesia. Aku yen ngepasi tugas ana ing njaban rangkah, mesthi mlaku-mlaku menyang pasar tradisional. Yen ora ana, ya banjur menyang pasar kaget. Kang biasane saben negara beda-beda. Ana kang Sabtu-Minggu. Ana kang seminggu kaping pindho.

Semono uga rikala aku dadi bupati Magetan, aku banjur saba Pasar Baru (PB). Ana ing PB mau aku banjur ngobrol karo kang dodolan. Lan sawijining dina kebeneran aku ngobrol karo ketua asosiasi pedagang PB. Ya ana ing obrolan mau aku ngerti sabenere, kepriye swasana PB saben ndinane,” Sepi Pak!!!!” Mengkono olehe sambat marang aku.

Disambati rakyatku mengkono mau, ana rumah dhines aku ora bisa turu. Mikir, kepriye carane bisa mbangun pasar mau supaya bisa rame. Aku banjur nugasake Dinas Perdagangan supaya kerjasama karo Unibraw, ngrancang nggawe *master plan* PB. Kanthi ciri khas Magetan, nanging kesane *modern*. Lan aku njaluk supaya pager kang ngupengi

PB dibongkar. Digawe tinarbuka, saengga padhang ora lungsep.

Kerjasama karo Unibraw mau banjur kaleksanan. Lan master plan banjur dipresentasekake ana ing ngarepku. Aku banjur usul digawe ana *tangga berjalan*. Lan ana *food court* kanggo nampung pedagang ana mburi PB kang lungsep mau. Saengga bisa ngangkat derajate PB.

Semono uga MPP akhire uga sisan dakdeleh ana kono. Salah siji alesanku, pirang atus wae saben ndina warga Magetan kang ngurus ijin kang maneka werna keperluan. Wiwit ijin usaha, ijin apa wae lan maneka keperluan liyane kang ana gandheng cenenge karo administrasi pemerintahan kang dibutuhake warga.

Amarga beayane uga gedhe, mula anggarane *multi years*. Tegesa ora mung setahun anggaran, nanging nganti telung tahun anggaran. Lan kebeneran uga sebageyan antuk bantuan dana saka pemerintah pusat. Dadi bisa ngenthengake anggaran APBD Kabupaten Magetan kang pancen cilik mau. Tahun 2022 iki, wis rampung. Lan PB kanthi *wajah baru*, saiki wis melu ngrenggani kutha Magetan.

Kebun Bunga Refugia, Masjid Ki Mageti lan Kebun Buah Srogo

Magetan ora bisa dipisahake karo Sarangan. Malah asring yen Sarangan luwih kawentar dibandhingake karo Magetan dhewe. Kamangka Sarangan mono mung kelurahan mlebu wewengkon Kecamatan Plaosan. Nanging nyatane pancen mengkono. Sarangan kang hawane adhem ana ing erenge Gunung Luwu nduwe panorama kang endah. Ora nggumunake yen wis kawentar wiwit kawuri.

Antuk Amanah Bupati Magetan



Foto: Kebun Buah Srogo



Foto: Kebun Bunga Refugia

Ora nggumunake yen saben dina Sabtu-Minggu apa dina prei mesthi rame. Ora mung rame, nanging macet. Kaya-kaya yen menyang Magetan kang dijujug sepisanan mesthi mung Sarangan. Mula aku kudu nggawe destinasi wisata anyar kang bisa narik wisatawan ora mung langsung menyang Sarangan.

Kebeneran Dinas Pertanian (TPHPKP) nduwe rencana nggawe kebun *sayur organik*. Tujuane kanggo mbalekake kejayaan Magetan minangka *sentra sayur*. Amarga sasuwene iki produk sayur saka Magetan dudu sayur organik.

Ndeleng *trend* masyarakat kelas menengah mendhuwur kang saiki nduwe *style* gaya hidup sehat, mula peluang iki coba ditangkep dening dinas TPHPKP. Banjur ada-ada nggawe kebun sayur *organic*. Konsep iki banjur dipaparake dinas marang aku lan ditekani dening dinas-dinas liyane.

Aku banjur mikir, apa ora beresiko yen langsung nggawe kebun sayur organik mau. Resikone mangkene. Sepisan, yen nandur sayur organik rak ya ora bisa langsung. Lemah kang sadurunge kanggo nandur sayur dudu organik mau, lemahe kudu dibalekake saka zat kimia kang sasuwene iki pamong tani tansah nganggo zat kimia yen ngrabuk.

Kapindho, nandur sayur organik iku resiko gagal gedhe. Amarga apa? Rikala nandur sayur organik mau, sawah sakiwa tengene tanduran sayure dudu organik. Apa ora rentan penyakit utawa ama. Katelu, umpama kasil olehe nandur sayur organik, olehe ngedol menyang ngendi amarga regane luwih larang.

Aku banjur ngusulake nganggo teori bakul jamu ana pasar kewan kae,” *Coba pakai teori bakul jamu atau tukang obat di pasar hewan. Kalau kita lihat tukang obat mau*

jualan, pakai trik sulap dulu. Pertama menabuh tambur agar menarik perhatian. Setelah itu membuat pertunjukan sulap dan sejenisnya. Tentu orang berdesakan melihat keahlian sulap tukang obat. Begitu orang sudah berkumpul, sulap tidak segera dimulai. Justru jurus kelihai jualan obat dimulai. Obat kuat segera ditawarkan. Setelah dirasa jualan obat sudah laku, baru kemudian sulapnya dimulai. Mengapa kita tidak meniru atau memakai teori bakul jamu itu,”

Mula aku banjur ngusulake apa ikon Magetan minangka dhaerah kang ngasilake kembang ora mung sayur dicoba maneh. Sauntara nggawe kebun bunga dhisik wae. Lan lahan kang sebageyan cilik, nembe ditanduri sayur organik. Pamrihe, kaya teori bakul jamu mau, wisatawan ben padha ngumpul dhisik, ndeleng lan disuguhi taman bunga refugia kang bisa ngurangi ama/penyakit. La yen wis kumpul banjur nembe ditawani sayur organik.

Sayur organike saka ngendi? Sebageyan cilik lahan mau ora ditanduri kembang kabeh nanging ditanduri sayur organik. La yen olehe nandur sayur organik mau wis kasil, nembe didol ditawakake marang wisatawan kang teka ana ing kebun bunga refugia. La yen sayur organik mau payu, pamong tani sayur ana ing sakiwa tengene diajak nandur sayur organik kang wis nyata payu laris. Lan kabeh kang melu rapat kok ya banjur setuju karo konsepku mau.

Rikala tanggal 26 Oktober 2019 dianakake *soft launching* kebun bunga refugia mau, aku kok ya banjur nduwe gagasan supaya tambah rame, ing tembe panggonan parkir kang amba mau diwenehi tempat ibadah utawa masjid. Blajar ana *rest area* ing dalan tol kae. Yen panggonan parkir omber, lan tempat ibadah kaya masjid apik rak banjur akeh wong kang mampir.

Kok ya tiwas kebeneran maneh. Kayu-kayu lan uga saka guru tilase masjid agung biyen gumlethak ora kramut ana ing plataran Dinas PUPR lan gudhang masjid agung. Kawitane aku ora ngerti yen ana kayu-kayu mau. Kamangka kayu masjid agung mau umure wis atusan tahun. Malah ana gawang lawang katulis angka tahun 1886 Masehi.

Pancen wis dadi bejaku, kok ya ana pawongan kang kirim layang marang aku, surasane njaluk kayu-kayu tilas



Foto: Masjid Ki Mageti

masjid agung mau. Kaya dielekake dening para leluhur kae. Aku terus golek sisik melik apa bener kayu-kayu mau isih ana. Pranata bener isih ana. Disimpen ana Dinas PUPR. Lan liyane ana Gudang masjid agung. Mula aku banjur enggal nyusun panitia pembangunan masjid. Lan adhedhasar restu para ulama Magetan banjur diwenehi tenger Masjid Ki Mageti. Ing pangangkah, kanggo menehi pepenget marang kang babad Magetan yaiku Ki Mageti. Anane masjid Ki Mageti diajab bisa nambah daya tarik wisatawan mampir menyang kebun bunga refugia, lan sholat ana masjid bersejarah uga banjur blanja sayur ana ing pasar sayur.

La konsep kebun buah Srogo aku sarujuk. Mung aku ngusulake supaya ing Kabupaten Magetan dibage kluster buah. Kaya Kecamatan Poncol, Plaosan, Panekan kluster duren, apokat. La yen jeruk pamelo Kecamatan Sukomoro, Bendo, Kawedanan. Macem-macem buah digawe kluster. Dene kebun buah Srogo iku kanggo carane wong dodolan tokone. Saengga pawongan kang kepingin tuku buah ing Magetan ana kang dijujug. Lan maneh kebun buah Srogo iku biyene lemahe cengkar ora bisa ditanduri. Mula banjur coba digulawentah dadi kebun buah.

Kutha Magetan Kudu Resik

Rikala dina Sabtu lan Minggu aku sepedaan ana kutha Magetan, katon yen kuthane reged. Jenenge sampah sumebar ana ngendi-endi. Ora ana kang peduli. Kamangka ana ing jembatan Kali Gandong ana tulisan *Magetan the beauty of Java*. Aku minangka bupati terus terang lingsem. Manut panemuku, aja awake dhewe kang ngalem. Kareben tamu kang ngalembana kutha Magetan. Wong nyatane kuthane isih durung resik.

Mula aku banjur ngundang Dinas Lingkungan Hidup (LH) kang nduwe wewenang resik-resik kutha Magetan. Aku banjur takon, sapa kang tanggungjawab. Tibane kang resik-resik kutha Magetan iku ditenderake. La kang menang tender CV kang alamate ing Sidoarjo.

Aku nyoba nlesik marang tukang nyapu. Kena apa yen dina Sabtu lan Minggu malah reged ora disapu. Wangsulane tibane, olehe mbayar opahe ora ajek. Wis ora ajek, asring malah dipotong. La kaya mengkono mau kepriye olehe arep sregep olehe nyapu. Iku rak ya mung mayar sejatine.

Mula aku banjur mrentahake marang kepala Dinas

LH, yen wiwit tahun 2019 ora usah ditenderake. Dikontrak “perorangan” wae. Wiwitane kepala dinas rada mandheg mrangu. Nanging dakyakinake yen iku ora apa-apa. Contone ing Jakarta jaman Gubernur A Hok, uga ora ditenderake saengga kang nyambut gawe sregep. Amarga dikontrak perorangan.

Aku njaluk, yen wis dikontrak perorangan banjur olehe mbayar gaji ditransfer Ora antuk dibayar *cash*. Karo guyon aku kandha,”Mengko mesti masuk angin yen dibayar *cash*.” Lan olehe mbayar ora oleh telat, BPJS ditanggung, lan kabeh kang nyapu antuk tunjangan gaji *ke-13*. Sawise kabeh mau ditrapake, jenenge kang nyapu wiwit Subuh wis padha nyapu. Saengga kutha Magetan esuk-esuk wis resik. Lan yen sore uga disapu.

Semono uga kang ngangkut sampah uga wiwit dakevaluasi. La kepriye, wong jenenge tumpukan sampah, yen dina Sabtu lan Minggu malah sampah numpuk. Yen wis awan nembe diangkut dening truk sampah. Kang mesakake iku tempat ibadah Greja ing Jalan Jambu. La kok ana sumpinge persis, panggonan buang sampah. Ya yen Minggu rikala kebaktian kae, aku ora bisa mbayangake ambune sampah.

Mula aku banjur nggawe cara, sampah dijupuk dening petugas wayah wengi. Antarane jam 10.00-23.00. Sadurunge jam iku sampah ora kena dietokake. Wiwitane ya ana kang kabotan. Aku ndhesek supaya dicoba. Lan aku yakin yen sampah dijupuk wayah bengi kabeh diuntungake.

Bener banget, bareng wiwit dicakake kawicaksanaan mau rikala ing wayah bengi jam 23.00, aku nyoba takon marang petugas kang ngangkut sampah. Karo sepedaan, aku tumuju ing depo sampah kang ana ing kutha. Aku banjur

takon, kepenak endi ngangkut sampah awan apa malah enak bengi. Kang nggawe kagetku,”Walah sekeca dalu Pak.”

Aku ya keget rikala oleh wangslulan mau. Alesan kang bener-bener ora kaya kang dakpikirake,”Menawi dalu mbotan panas Pak. Kaping kalih, mboten rebutan parkir kaliyan tiyang sanes. Lan malih kendharaan saged celak kaliyan depo sampah mboten sisah ngangkut. Lan ingkang kula remen dalu niku, menawi enjang kula saged nyambut damel sanes utawi saged dateng sabin.”

Wangslane petugas sampah mau bener-bener nggawe trenyuhe atiku. Tibane yen ngangkut sampah bengi iku bener-bener nguntungake kabeh. Mula yen nggawe keputusan iku kanthi ati kang wening kanggo kabecikan, ngedohi kepentingan pribadi. Dadine mesthi bakal becik. Iku pancene wis dadi pedomanku wiwit biyen rikala aku wiwit nyambut gawe.

Penghijauan Lan Hutan Kota

Dadi Bupati Magetan anyaran, Magetan kena banjir. Wis kang maido pating clebung ana meddos. Aku ya nyadhari, pancen resikone dadi pejabat publik. Masyarakat ora bisa diwenehi alesan, yen aku bupati anyaran kang durung bisa ngecakake program amarga APBD wis disahake dening pemerintahan sadurunge. Saliyane iku, ya isih akeh kang durung ngerti kepriye kiprahku. Wong ya aku suwe karier ana ing paran.

Aku banjur nganakake evaluasi kena ngapa Magetan bisa banjir. Aku banjur dhiskusi ana PUPR, dikantheni kabeh insinyur PUPR, dinas kang ana kaitane kepriye nangani banjir. Lan kang penting uga Bappeda. Badan kang tugase pancen ngrencanakake program pembangunan.

Ana ing rapat mau aku dadi luwih ngerti kena ngapa Magetan banjir. Gunggunge pendhuduk kang tansaya tahun tambah terus, ya mesthi yen banjur ngurangi fungsi lahan. Alas tansaya sithik ora malah tambah akeh. Kalen, saluran banyu, kali ora malah tansaya amba nanging tansaya ciut. Amarga kalen ana sawah, perumahan kabeh dibeton. Apa malah diplester. Saengga banyu udan kang tiba saka langit mau banjur miline *relatif* bareng.

Samono uga latar-latar ana pekarangan saiki padha diplester. Ora ana omah kang saiki latare amba tanpa diplester apa dipaving. Resepane banyu dadi kurang. Mula ora nggumunake yen amarga saka sebab mau, Magetan banjur banjir. Malah banjir bandhang. Amarga tekane banyu bareng, saengga mung sedhela.

Kanggo ngawekani banjir mau, aku banjur nggawe program supaya digawe embung-embung kanggo nampung banyu lan ngurangi banjir. Saengga rikala udan bisa panen banyu. Lan rikala mangsa ketiga banyu kang ditampung ana embung mau bisa digunakake keperluan pertanian lan wisata. Uga digawe sudhetan saengga bisa ngurangi debit banyu ing dhaerah banjir.

Aku uga kampanye nggawe sumur resapan. Saben kantor kudu nduwe sumur resapan. Supaya banyu sumur ora tambah jero, nanging tetep stabil. Amarga banyu kang dijupuk seimbang karo sing mlebu lemah. Ngatasi banjir iku ora bisa instan. Kudu uga mikirake ing mangsa tembe supaya ora mung instan. Bab iki kang tansah dakkandhakake marang staf lan masyarakat ana ing ngendi-endi.

Saliyane iku aku tansah kampanye penghijauan. Mangsa rendheng aja mung dimaknai musime banjir. Nanging wektu

Antuk Amanah Bupati Magetan



Foto: Rikala Aku Nandur wit Ringin

kang pas kanggo penghijauan. Mula ing mangsa rendheng tahun 2019/2020 aku banjur wiwit nganakake penghijauan. Wewengkon kang dadi *pilot project* Desa Trosono kang saben tahun tansah kurang banyu.

Sasuwene iki, carane ngatasi kurange pasokan banyu ing Desa Trosono saben tahun ngedrop banyu lewat *mobil tangki*. Apa ya terus mengkono carane ngatasi masalah banyu mau. Iku rak cara instan. Terus ing mbesoke kepriye ? Kamangka pendhudhuk tansaya suwe tansaya akeh.

Mula aku banjur ngusulake penghijauan wit ringin. Olehku ngusulake nandur wit ringin mau, aku mung blajar saka Pak Sadiman saka Wonogiri. Kang antuk Kalpataru. Amarga saking giate olehe nandur wit ringin ing desane. Ya amarga jasane Pak Sadiman mau, biyen ing desane tansah kurang banyu saiki wis swasembada banyu saka asile olehe Pak Sadiman nandur wit ringin mau.

Ora kurang saka 2000 wit ringin ditandur ing Desa Trosono. Supaya penghijauan mau kasil, saben telung wulan sepisan dakendhangi, dakresiki, dakrabuk. Asile, bener-bener maremake. Meh 95 persen wit ringin kang ditandur thukul kanthi becik.

Apa rahasiane wit ringin mau kasil urip kanthi becik? Olehe nandur pas ing mangsa rendheng. Jinis wit-witan kang ditandur bener. Dirawat lan dirabuk. Dijaga aja nganti diganggu warga kang kurang peduli karo pelestarian lingkungan. Masyarakat ing sakupenge dilibatake.

Suwalike kena ngapa penghijauan sasuwene iki kurang kasil? Manut panemuku, amarga dianggep proyek. Yen wis dileksanakake ya wis, perkara kasil lan ora iku urusan liya. Olehe nandur kurang pas wektune. Biasane proyek, caire dana malah ing mangsa tiga. Ya mesthi kang ditandur mati. Bubar iku ditinggal prung. Ora dirawat.

Ora mung nandur ana Trosono. Aku nggawe Peraturan Bupati sapa wae kang kawin ana KUA, kudu nandur wit. Durung bisa dicatet KUA yen durung nandur. Semono uga kang diangkat CPNS, munggah pangkat, munggah jabatan lsp kudu nandur wit ana wewengkone dhewe.

Dinas PUPR ana ing pinggir dalan nandur wit asem. Malah saiki, umur rong tahun wis watara rong meter. Aku mbayangake, limang tahun maneh Magetan bakal dadi ijo royo-royo. Malah ora mung iku, bocah-bocah sekolah SMA/SMK padha nandur wit ringin ana pinggir kali kang cedhak sekolahane. Diajab, kali-kali mau bisa dadi sumber banyu ing mangsa ketiga. Lan wit-wit kang ditandur ing tembe bisa nahana banjir

Amarga wiwit katon asile program penghijauan mau, rikala Mas Agus Rahardjo bali menyang Magetan dakjak ndeleng lan nyatakake asile penghijauan ana Magetan. Piyambake katone kedhodhog atine. Lan banjur nggerakake diaspora Magetan (warga Magetan ana ing paran) supaya mbantu penghijauan ana Magetan. Bener ora kinira asile!!! Kabeh padha gumregah. Padha ngumpulake dana tuku bibit. Ya bibit ringin, buah lsp. Rikala pengetan Hari Menanam Indonesia tahun 2021 wingi, luwih saka 600.000 sawernane wit ditandur ana Magetan. Ya amarga saka jasane diaspora Magetan mau.

Hutan kota uga dakbangun. Wiwit hutan kota ana ing Jelok lan Srogo. Saengga ing tembe masyarakat Magetan ana panggonan kanggo konservasi lan pendidikan. Semono uga panggonan liyane uga disiapake. Nggawe hutan kota iku ora bisa kaya malik tangan. Ora mung sedhela banjur terus katon hasile. Kudu direncanakake, lan perlu wektu. Amarga nandur wit iku asile bisa ketok perlu wektu saora-orane telung tahun.

Bedhah Rumah

Ora kurang saka 7.994 Rumah Tidak Layak Huni (RTLH), ana Magetan rikala aku njabat dadi bupati anyaran. Pekerjaan Rumah kang ora entheng. Kamangka ketambahan kena Covid-19. Anggaran APBD kesedhot kanggo nanggulangi Covid-19 mau. Dadi ya bener-bener tantangan kang ora entheng rikala iku.

Nanging aku tetep mrayogakake supaya tetep dianggarake kanggo RTLH mau. Saengga tetep ana program RTLH. Nanging diutamakake kang bener-bener rusake nemen. Lan kang manggon lansia ijen kang wis tuwa. Iku salah siji kriteria RTLH kang kudu enggal didandani.

Kaya kang wis daktulis ana program Bunda Kasih, rikala aku niliki lan ngecek nyatakake kaya ngapa sabenere wargaku kang lansia mau. Bener-bener agawe trenyuhku. Omahe kang dipanggoni bener-bener ora layak. Malah ana kang manggon ing tilase kandhang.

Jenenge bupati iku jabatan politik. Ya ana wae masyarakat kang bab kesangsarane liyan mau dadi bahan berita kang gampang diviralake. Kanggoku pawarta kang



kaya mengono mau ora ndadekake aku dadi kembra. Nanging malah aku matur nuwun dielekake deneng masyarakat.

Kontrol masyarakat kanggoku malah becik kanggone peprentahan kang demokratis. Amarga apa? Pangwasa dadine ora sewenang-wenang marang masyarakat. Tetep



Antuk Amanah Bupati Magetan

ngati-ati olehe njaga amanat masyarakat. Wong bupati iku uga dipilih langsung masyarakat.

Patang tahun aku dadi bupati, kang bisa didandani antarane tahun 2018-2022 ana 3.340 omah kanthi wragad Rp 60 milyar. Dene anggaran saben omah ora padha. Gumantung marang kerusakane. Bantuan kanggo RTLH mau wiwit Rp 15 yuta nganti Rp 35 yuta. Bantuan mau istilahe mung stimulan. Diajab lingkungan bisa gotong royong melu mbantu.

Data nganti tahun 2022 RTLH gungunge ora kurang isih 4.471 omah. Dene rinciane saka cacah semono mau, ana 1753 rusak berat, rusak sedang 2357, rusak ringan 361. Dadine isih ana pekerjaan rumah semono kehe mau RTLH kang kudu didandani. Pancen isih akeh masalah kang kudu diberesi. Aku asring guyon marang sapa wae yen rikala aku diwenehi kalodhangan menehi sesorah,"Magetan iku wis kakehan masalah. Mula aja nambahi masalah. Mula ayo dadi bageyan kang melu mecahake masalah. Kanjeng Nabi kita dhawuh *Saapik-apike manungsa iku yen tansah migunani mring liyan.*"

Mula Bukane Perpres 80 tahun 2019

Rikala Pilpres lan Pak Jokowi kepilih periode kaping loro, suara pemilih saka Jatim kang banget nemtokake kemenangan Pak Jokowi. Mula rikala KPU wis mutusake pemenang Pilpres, gubernur/bupati/walikota se-Jatim dikumpulake ana ing Istana Bogor. Kabeh ya ora ngerti, ana apa kok dikumpulake.

Kebeneran dina iku ana acara ing Surabaya kang ngundang bupati/walikota. Kang ngundang Ibu Gubernur. Mula kabeh banjur diaba supaya langsung menyang Jakarta. Kabeh kumpul ana bandara Soeta. Lan banjur bareng numpak

bis menyang Istana Bogor. Dipimpin Ibu Gubernur piyambak.

Tekan Istana Bogor, wis ana para menteri kaya Mensesneg, Sekab, Kepala Bappenas, PUPR, Menkeu. Rikala kabeh wis siap, Pak Presiden banjur mlebu ana ing ruang rapat. Katon pasuryane kang sumringah. Tekan semono, kabeh durung ngerti kena apa diundang rapat mau.

Sawise bage-binage, Pak Jokowi banjur ngendika kira-kira mangkene,”*Saya sudah dinyatakan menang dalam pilpres kali ini. Dan suara Jatim sangat signifikan menentukan kemenangan saya. Sebagai bentuk terima kasih saya atas dukungan kepada saya, kepada Ibu Gubernur, bupati dan walikota mau minta apa.”*

Ya mesthi wae kabeh kaget. Klebu aku bener-bener ora siap. Aku ya banjur ngusulake ana telung program kang perlu bantuan pemerintah pusat. Yen ditanggung pemerintah daerah ya mesthi ora kuwawa. Wong anggarane mesthi atusan milyar. Kamangka APBD Kabupaten Magetan iku isih banget gumantung marang pemerintah pusat.

La kepriye, pendapatan asli daerah (PAD) mung 10 persen saka APBD. Yen APBD Kabupaten Magetan saben tahun watara 2 triliyun rupiah, PAD mung watara 200 miliar rupiah. Aku asring guyon, yen diumpamakake rumah tangga wis omah-omah nganti anake gemrayah akeh nanging isih melu maratuwa.

Kang banjur dakusulake ana sapatemon mau pembangunan kawasan Sarangan, pintu tol masuk/keluar Magetan lan lingkungan industri kulit (LIK). Usulane kabeh bupati/walikota lan gubernur Jawa Timur banjur ditetepake ana Perpres 80 tahun 2019 tentang Percepatan Pembangunan Ekonomi di Kawasan. La telung program Kabupaten Magetan

kang dakusulake wis mlebu ana Perpres mau.

Ana ati nyicil ayem. Program telu bisa mlebu Perpres. Jenenge menungsa bisa ngrencanakake, lan Gusti kang nemtokake. La kok ketekan Covid-19. Anggaran kabeh direfokus. Wiwit pemerintah pusat nganti daerah diperintahake ngutamakake masyarakat. Lan rakyat kudu dilindhungi saka pagebluk kang wektu iku durung ana vaksin lan obate.

Upaya maneka werna wis daktempuh. Matur Bapak Presiden nganti ambal kaping telu rikala ana kesempatan ketemu. Lan uga disaguhi. Lewat Mensekneg, Menteri PUPR, Bappenas lan pejabat liyane. Nanging kok meksa durung bisa dieksekusi. Pancen, Perpres 80 tahun 2019 nganti saiki durung ana kang bisa kaleksanan amarga musibah kaya Covid-19, PMK, ancaman resesi ndadekake pemerintah pusat kudu ngati-ati olehe nggulawentah anggaran negara. Program iki kang dadi PR-ku ing tembe kudu dakrampungake.

Pagebluk Covid-19

Kaya disamber gelap rikala aku krungu yen prnyata kang dimakamake ana ing Magetan tanggal 11 Maret 2020 mau tibane kena virus korona galur anyar COVID-19. Ngertiku malah saka berita TV rikala Gubernur Jawa Tengah menehi katrangan marang media yen pasien kang dirawat ana ing RSUD Dr Moewardi Solo warga Magetan. Perkara kang pancen ora sepele iki akhire dadi rame.

La kepriye sejatine almarhum (alm) kang dimakamake ana Magetan mau pancen asli kelahiran Magetan. Nanging wis suwe dadi penduduk Solo. Malah alm dadi pengusaha batik ana Solo lan dadi salah siji ketua paguyuban ana salah sijine pasar ana ing Solo. Amarga informasi mau wis sumebar

ana media sosial (medsoc) kaya-kaya Magetan dadi punjere virus iki. Kedadeyan kang sabenere mangkene. Almarhum melu seminar ana sawijining kutha ing Jawa Barat. Seminar kang ditekani mau manut informasi kang daktampa, ngenani bab “Pinjaman tanpa Riba.” Bubar melu seminar mau, alm rikala ana Solo gerah lan dirawat ana RSUD Dr Moewardi nganti sedane. La rikala layone dikuburake menyang Magetan, keluarga kabeh mesti banjur melu nglatarake layon menyang Magetan.

Kang banget disayangake, rikala dikubur mau, hasile *test* durung ana saka laboratorium Kementerian Kesehatan (Kemenkes) Jakarta. Saengga keluarga lan kang layat kaya umume ing ndesa ya mesti akeh. Durung dimakamake kaya *standart* yen ana kang tinggal donya kena COVID-19, saka rumah sakit banjur langsung menyang makam. Iki kang nyebabake salah siji sebab, kena ngapa sabanjure virus iki terus sumebar kanthi cepet ana Magetan.

Bareng hasile saka laboratorium metu, lan alm nyata positif kena COVID-19, kita kabeh dadi kedandapan. Kabeh dadi klabakan. Enggal wae keluarga diisolasi ana ing omah. Dene sisihane alm, kang banjur awake panas lan ana tanda-tanda ketularan banjur enggal digawa menyang RSUD Soedono Madiun minangka RS rujukan kang wis ditetepake dening Kemenkes.

Rikala alm dinyatakake positip mau, aku minangka Bupati enggal ngumpulake staf supaya nggawe konsep, kepriye supaya virus mau ora cepet sumebar menyang ngendi-endi. Mula kaya destinasi wisata duweke pemerintah enggal wae daktutup. Semono uga duweke swasta dakjaluk uga supaya tutup. Panggonan kaya hiburan, sekolah, pegawe kaya kang wis dingendikakake Bapak Presiden supaya blajar

saka omah, nyambut gawe saka omah, ibadah ana ngomah bener-bener daktindakake.

Nanging emane, masyarakat kaya masyarakat Indonesia umume isih akeh kang kaya nyepelekake. Malah yen kita kabeh melu njingglensi ana medsos, kawicaksanan kang ditindakake dening pemerintah lan pemerintah daerah mau isih akeh kang nyinyir komentare. Aku yen maca mengkono mau, bener-bener ngelus dhadha. Kok ya isih ana kang nggawe dolanan anane pagebluk virus iki.

Coba dibandhingake kaya China. Kebeneran negara China sistem peprentahane isih totaliter. Nganti sistem informasi lan komunikasi dikedhalekake dening pemerintah. Apa kang Amerika duwe, China nggawe utawa duwe. Kaya yen kita golek informasi mesti nganggo aplikasi “Google”, China nduwe aplikasi “Baidu.” Saengga masyarakat China yen nggolek informasi nganggo aplikasi Baidu mau.

La yen kita kabeh ana Indonesia akrab yen arep tuku apa-apa, wiwit saka buku nganti kebutuhan apa wae ana aplikasi “Amazon,” ana China nduwe “Alibaba.” Terus kita kabeh ana aplikasi “WA” kanggo alat komunikasi, ana China ana “Wechat.” Yen kita akrab “Facebook” ana China “Renren.” Akeh banget aplikasi kang ana Amerika popular lan dienggo ana ing saindhenge jagad, China emoh kalah nggawe dhewe.

Mula ora maido yen China bisa ngendhalekake informasi lan komunikasi. Amarga kabeh aplikasi mau dikendhalekake dening pemerintah. Saengga rikala ana pagebluk kaya virus korona mau pemerintah lan rakyat saeyeg saeka kapti nyoba mbrasta virus mau. Rikala pemerintah nduwe kawicaksanan supaya kabeh ana omah ora oleh metu. Transportasi umum ora mlaku, siji sijiya masyarakat ora ana kang mbalela. Kabeh

taat. Ora kaya ana ing negara kita. Rikala pemerintah nduwe kawicaksanan, masyarakat werna-werna tangkepe. Malah ana kang nyinyir. Apamaneh tokoh partai tinamu kang terang-terang olehe ngomong ora nate positif.

Sing dakgumuni kok isih ana kang nduwe watak lan tumindak kang kaya mengkono. Kamangka negara lan rakyat saiki banget perlu gotong royong mbrasta virus mau. Yen ngepasi ngene iki banjur kelingan ing jaman Orde Baru biyen rikala informasi lan komunikasi isih dikendhalekake dening pemerintah. Yen ngadhepi bab kaya mangkene mau ora ana kang wani nduwe karep beda. Persis jaman iku kaya ing China saiki.

Aku minangka bupati bener-bener kadhang ya bingung ngadhepi swasana lan budaya masyarakat kang kaya mangkene iki. Asring ngremehake bab-bab kaya virus iki. Rikala aku nutup obyek wisata, banjur isih ana pro lan kontra. Mengko arep mangan apa? Terus pemerintah kepriye, apa ora ana kompensasi. Semono uga rikala aku arep nutup alun-alun, terus kang dodolan kepriye. Apa ora dipikirake.

Ya wis samesthine yen kabeh mau dipikirake. Nanging kang utama nylametake nyawa dhisik. Apamaneh kaya Magetan iku meh 40% penduduke umur seket tahun mendhuwur (20 persen lansia) kang banget gampang kena virus kang mbebayani. La yen sadurunge wis nduwe penyakit kaya diabetes, jantung, TBC lsp ya kaya disengkakake. Yen kang nadhang lara kena virus mau isih bisa ditampung ana rumah sakit, kaya isih untung. La yen terus pagebluk iki tansaya gedhe sebarane terus rumah sakit wis ora kuwawa nampung terus kepriye.

Kamangka ana ing situasi normal wae rumah sakit pemerintah wis kewalahan ngadhepi kang lara mau. La terus kepriye mengkone. Mula aku ya kudu tegas wani nggawe keputusan kang ora populer mau. Yen golek popular ya ora perlu nggawe keputusan. Manut karepe kang usul. La yen kaya mengkono masyarakat mengkone kang dadi korbane. Kamangka pemerintah iku tugase nglayani, ngatur lan nglindhungi masyarakat. Yen ngepasi kaya mengkene iki pemerintah diantu-antu tekane dening rakyat.

Aku dhewe mesakake banget karo petugas kesehatan. Kaya ing pagebluk Covid-19 iku kudu njaga siaga suwene patlikur jam. Iku wae isih dipaido. Mula aku asring yen bengi teka menyang puskesmas, mung kepingin wawan rembug nggedhekake atine kang jaga ana lapangan nglayani masyarakat. Paling-paling mung karo nggawa oleh-oleh puthu, martabak, gedhang goreng lsp. Panganan kang bisa ditemoni ana ing pinggir dalan.

Biasane yen aku teka ngono kae, padha kaget. Olehku teka pas bengi pisan. Aku yakin kabeh wae mesthi seneng yen ditekani bapake. Apa wae banjur dicritakake kanthi ora wigah-wigih. Aku dhewe untung bisa mangerteni bener apa kang kedadeyan ana ing lapangan. Saengga aku bisa nggawe kawicaksanan kang salaras klawan karo sanyatane.

Kamangka ana Magetan iku ana wolulas kecamatan. Lan ana patlikur puskesmas. Lan rumah sakit tipe C siji yaiku RSUD dr Sayidiman. Aku wiwit saiki nyiapake supaya dadi RSUD tipe B. Mula aku banjur nyiapake uba rampene kanggo nggayuh supaya mundhak klase yaiku dadi RSUD tipe B. Ya sarana prasarana, dokter lan perawate.

Kang paling angel golek dokter spesialis. Kaya tahun

2020 iki, rikala ana bukakan formasi ASN ana Kabupaten Magetan, sengaja aku njaluk nem dokter spesialis. Pranyata kang daftar mung siji thil yaiku dokter kandhungan. Kang dakbutuhake dokter spesialis anak, jantung, dalam, rehabilitasi medik, paru lsp. La kaya saiki rikala virus COVID-19 kang nyerang saluran pernapasan, kang banget diperlokake dokter spesialis paru-paru. Kamangka doktere mung siji. Terus mengko yen pasiene mbludak terus kepriye.

Mula aku banjur nggawe skenario kang paling elek. Yen bener-bener pasiene ora bisa ditampung ana RSUD dr Sayidiman aku nggawe skenario, siji nambah kamar lan tempat tidur. Kamar tidur kang disiapake kudu steril. Amarga penyakite lan virus iki gampang nular. Kapindho, ana puskesmas loro kang daksiapake kang kebeneran lokasine adoh saka omah penduduk. Yaiku puskesmas Karangrejo lan Puskesmas Ngujung. Puskesmas loro mau yen sawektu-wektu dibutuhake bakal daksulap kanggo isolasi kang lara kena virus. Katelu, amarga kebutuhan tenaga kesehatan kurang mula aku banjur njaluk bantuan menyang Provinsi supaya bisa mbantu tenaga dokter, perawat lan perlengkapane.

Seminggu sawise ana pasien kena Covid-19, korban paglebug virus iki ana Magetan dhewe rikala iku terus mundhak dadi wolu kang dirawat ana RSUD Soedono Madiun. Kang enem isih keluarga alm kena ana seminar ing Bogor banjur dirawat ana Solo kaya kang wis dakandharake ana nduwur mau. Dene kang loro pasangan (suami istri) uga melu seminar ana Bogor. Dadi yen ditlesik kabeh korban kena virus ana Magetan wiwitane saka Bogor mau.

Sakeluarga kang kena mau amarga ya saomah. Lan uga olehe isolasi ana omah. Mesthi wae saomah kena wong saben ndina interaksi. Nanging saben ndina diperiksa dening dokter

puskesmas. Lan kang nggawe yakinku yen virus iki nyerang kang daya awake lagi ora fit, kabukten kabeh pasien kang kena virus iki yen umure isih sangisore seket tahun biasanya kaya sehat-sehat wae. Kaya saiki ana wolu kang dirawat kabeh kaya-kaya sehat wae.

Kang nggawe kuwatirku iku Kabupaten Magetan kawentar kutha pensiunan. Mula cukup akeh penduduk kang lansia. Ora kurang saka 20%. Anane virus iki banget mutawatiri banget. Mula rikala dina Senin tanggal 23 Maret 2020 Pak Kapolda, Pangdam lan Ibu Gubernur Jatim nganakake



Foto: Ruang Isolasi ing Desa

telekonferen kanthi tegas ngendikan yen virus iki dudu barang baen-baen maneh. Dudu dolanan kang bisa disepelekake. Kudu ditanggepi kanthi serius. Lan uga penegakkan hukum kudu wis ditindakake.

Mula bubar telekonferen bangine aku mimpin apel siaga kanggo nyiagakake kabeh personel saka Polres, Kodim, Satpol PP, BPBD, Dinkes lsp nganakake patroli kanggo ngecek apa isih akeh kang padha jagongan apa ngopi ana warung, café lsp. Ana ing apel mau aku banjur menehi

sesorah kang isine,”*Malam ini kita punya tugas yang sangat mulia. Menyelamatkan tidak hanya keluarga kita, saudara kita tapi seluruh masyarakat Magetan dari ancaman virus korona galur baru COVID-19.*”

Pranyata bener, rikala tim patroli nyisir ana dalanan dalam protokol isih akeh kang ora merdulekake himbauan pemerintah supaya ora metu saka ngomah yen ora penting banget. Apamaneh rikala aku mlebu warnet. Kang jenenge bocah-bocah isih padha main interet lan game online. Rikala ana game online iki wis bola-bali dielekake meksa ora gelem menyat saka kursi. Padha asyik main wae. Nganti diancam dening Pak Dandim lagi padha semburat. Bener-bener nggawe gregeten olehe ora merdulekake bener.

Nanging jenenge tugas aku ya ora nate kendho olehku menehi pangerten marang masyarakat lan uga petugas. Amarga ya kanggo njaga kabeh. Aja nganti ketularan lan uga nulari. Pancen ya penyakit iki ora katon. Apamaneh masa “inkubasi” virus iki suwene patbelas dina. Sasuwene masa “inkubasi” iku yen kabeh ora padha njaga jarak ya padha tansaya akeh kang bakal ketularan. Lan kabeh pawongan padha ora rumangsa. Wong ya rumangsane sehat-sehat wae. Pancen kanggone kang daya awake lagi fit ya bisa wae virus mau kalah. Nanging kanggone pawongan kang wis ana lara sadurunge kaya jantung, sesek napas, diabetes (gula), lsp ya mbebayani banget. Kasus-kasus kang wis-uwis meh kabeh korban kang tinggal ndonya wis umur lan nduwe lara sadurunge. Yen upama kang dadi korban isih enom ya akeh-ekehe wis nduwe lara kang abot.

Ngertiku ngenani bab virus Covid-19 amarga anakku mbarep katone nurun aku. Dokter kang uga seneng nulis. Malahan saiki saben minggu uga nulis ana portal nasional.

Kang ditulis uga ngenani bab Covid-19. Dadi sithik akeh aku banjur ngerti amarga saben tulisane diunggah ana portal nasional mau, aku ya banjur melu maca. Mula suwe-suwe banjur ngerti senadyan ora nguasani banget. Nanging bisa kanggo sesurupan olehku ngadhepi pagebluk iki.

Kanggo ngadhepi virus iki, kabeh sumber daya manut arahan saka pemerintah pusat kabeh difokusake menyang kepriye nangani virus iki. Nganti anggaran apa wae bisa diliyer. Saengga aku asring rapat supaya kabeh dinas bisa enggal ngowahi programe. Kang jenenge dinas kabeh mesthi ya kabotan yen anggarane dipotong kasarane. Nanging aku asring kandha kabeh kudu manut iki kanggo rakyat.

Tansaya akehe masyarakat kang ketularan, aku banjur rekrutmen tenaga relawan dokter lan perawat. Rumah sakit darurat banjur dakbukak. Panggonan isolasi banjur daksiapake. Nganti wisma Secata lan asrama Poltek Kesehatan uga daksiapake. Rikala vaksin wis sumadya, banjur kampanye supaya masyarakat gelem divaksin.

Iki mula bukane Covid-19 mlebu Magetan lan kepriye pemerintah banjur nglindhungi rakyate. Kabeh bisa dadi seksi, kepriye bingunge ngadhepi pagebluk iki. Ora mung masyarakat, pemerintah uga bingung. Nanging aku tansah nduwe paugeran, yen coban abote kaya ngapa wae aja mung dideleng saka bab kang negatif. Nanging uga mesthi ana hikamahe. Saengga kita bisa njupuk bageyan kang positif.

Apa bab positif anane Covid-19 mau? Kanggoku pagebluk iki uga ngelekake marang kita kabeh yen sarana prasarana kesehatan pranyata akeh kang kurang. Kaya Labkesda kang sasuwene iki manggon ana ing jalan Tri Pandita, manut penemuku kurang strategis.

Aku dhewe ngerti Labkesda amarga asring cek kesehatan ana kana. Panggonan kanggo parkir wae ora ana. Kamangka yen test kesehatan ana Labkesda, ongkose luwih murah dibandhingake laboratorium swasta. Nanging amarga panggonane kurang strategis masyarakat Magetan akeh kang durung weruh.

Mula Labkesda banjur dakpindhah ana ing panggonan kang luwih strategis. Gampang diakses dening masyarakat. Gedhung kang biyen katon lungsep, yaiku gedhung Gerontologi lan Wredatama banjur dakenggo Labkesda. Dene kantor Gerontologi lan Wredatama dakpindhah menyang gedhung Labkesda.

Semono uga Lab PCR kanggo deteksi virus Covid-19, sasuwene pagebluk kudu dikirim menyang Surabaya apa Malang. Mula rikala Kadinkes Magetan ngusulake supaya tuku Lab PCR aku langsung setuju. Salah siji tetimbangane, Lab PCR mau yen um pamane Virus Covid-19 wis sirna, bisa uga digunakake kanggo mriksa narkoba, TBC lsp.

Saliyane iku, sarana prasarana Puskesmas uga dilengkapi. Ora mung Puskesmas, sarana Prasarana RSUD dr Sayidiman uga tansaya lengkap. Malah aku nugasake dirut supaya enggal disusun *master plan* ningkatake RSUD Dr Sayidiman dadi RSUD tipe B. Supaya layanan kesehatan ana Magetan tansaya becik.

Mbangun Rumah Sakit Tipe D

Rikala pagebluk Covid-19 mlembu Magetan, rumah sakit rujukan mung RSUD dr. Soedono Madiun. RSUD dr Sayidiman dhewe dhokter, sarana prasarana uga kurang lengkap. Wong ya tipe RSUD dr. Sayidiman isih tipe C. Malah Dhokter spesialis paru-ne wae mung siji. Ya bisa para maos

bayangake piyambak, rikala ana pagebluk wingi. Dokter niba nangi nglayani pasien kang kritis.

Durung sarana prasarana kesehatan kang winates. Ruang operasi mung siji. Rikala ruang operasi mau dienggo operasi pasien Covid-19, bubar operasi kudu disterilke maneh. Malah prosedure perlu wektu telung ndina supaya bener-bener stiril saka virus Covid-19.

Rikala dirut ngususlake mbangun ruangan operasi tekanan negatif, supaya ruang operasi mau tansah stiril aku langsung setuju. Saengga yen sawektu-wektu ana operasi pasien Covid-19 kabeh bisa dilayani. Lan prnyata ruang operasi tekanan negatif kang dibangun mau sing sepisahan ana Karesidenan Madiun sawise RSUD dr. Soedhono Madiun. Pancen RSUD dr. Soedhono wis tipe B lan duweke Pemprov Jawa Timur.

Rikala ana pucuke pagebluk rikala semana, kabeh padha montang-manting golek oksigen. Untunge ana ing Lanud Iswahyudi ana pabrik oksigen kanggo nyediani penerbang-penerbang tempur. Nanging amarga kang mbuthuhake akeh, mula uga ora kuwawa. La kepriye, saka Blitar nganti Jogyakarta padha golek oksigen tekan Lanud Iswahjudi.

Blajar saka kedadeyan mau rikala dirut RSUD dr. Sayidiman ngusulake mbangun mesin oksigen ana RSUD aku langsung setuju. Lan saiki mesin oksigen mau wis dibangun. Rikala ana wartawan kang takon aku mangkene, *“Pak mengapa bapak tetap membangun mesin oksigen ini. Covid-19 dengan semakin banyak warga yang vaksin akan semakin mereda. Apa nggak sia-sia?”*

Aku ya banjur mangsuli, *“Maaf mas. RSUD ini sudah langganan PLN. Pertanyaannya mengapa masih tetap*

mbangun atau punya genset. Untuk back up. Ya namanya nyawa manusia kita tidak boleh menghitung untung rugi. Kewajiban pemerintah untuk melindungi rakyatnya.”

Akeh sarana prasarana kesehatan kang banjur tansaya becik. Ya blajar saka pagebluk iki, pranyata rumah sakit rujukan ana ing Magetan mung loro. RSUD dr. Sayidiman lan RS Lanud Iswahjudi. Rumah sakit kang ana mau ya mesthi kuwalahan. Ketambahan tempat tidur uga winates. Durung warga Magetan ing kecamatan kang jarake adoh saka rumah sakit mau. Ya mesthi wae akses menyang rumah sakit dadi adoh lan angel. Kaya Kecamatan Lembeyan, Nguntoronadi, Parang. Malah warga Kecamatan Lembeyan lan Parang luwih cedhak menyang Ponorogo.

Mula aku banjur nggawe reka daya kepriye bisa nglayani wargaku ing tapel wates mau. Nanging dhuwite saka ngendi? Arep nggawe dana BTT rikala iku ana pro kontra. Rumah sakit kang bakal dibangun kudu tender. Dene Bagian Lelang (PBJ) dhewe sejatine wis nanggung yen mbangun rumah sakit ing tengah pagebluk iku bisa nggunakake dana BTT (Belanja Tak Terduga). Aku banjur ngalah, ya wis yen ana pro lan kontra luwih becik golek cara liya.



Foto: Rencana Bangun Rumah Sakit Tipe D ing Lembeyan

Untunge ana dana cukai rokok. Dana cukai kang cukup gedhe iki, sasuwene iki mung kanggo sosialisasi wae. Kamangka danane 21 milyar. Kandhane kang ngerti aturane pancer kaya mengkono. Aku banjur takon menyang provinsi kang pancer ngatur bab iki.

Sawise aku takon menyang Bappeda Provinsi Jawa Timur pranyata dana cukai bisa kanggo mbangun rumah sakit lan sarana Kesehatan. Mula aku banjur kandha, wis aku butuh separe wae kanggo mbangun rumah sakit ana Kecamatan Lembayan lan Panekan. Rumah sakit mau “Puskesmas tumbuh.” Dibangun Puskesmas kang gedhe mengkono karo mlaku banjur ditingkatake dadi rumah sakit tipe D.

Tahun 2022 iki wiwit dibangun. Rencanaku tahun 2023 mengko rumah sakit mau diajab bisa rampung. Yen rumah sakit loro mau bisa dadi tipe D, RSUD dr. Sayidiman banjur bisa dadi RSUD tipe B skenario mau bakal becik. RSUD dr. Sayadiman nampa rujukan saka rumah sakit kang tipe sangisore. Saengga pasien ora numpuk kabeh menyang dr. Sayidiman, lan akhire pelayanane dadi kurang maksimal. Mengkono diajab RSUD dr. Sayidiman bisa tansaya becik layanane yen dadi RSUD tipe B.

Kepriye Supaya Dadi Kutha Pelajar

Aku biyen blajar ana kutha pelajar Jogyakarta. Ora mung blajar ana pawiyatan luhur UGM, nanging uga blajar saka pimpinane kang uga terpelajar. La kepriye, panjenengane Sri Sultan Hamengkubuwono IX ing jaman penjajahan biyen wis kuliah ana pawiyatan luhur paling tuwa ing Belanda *University of Leiden*. Njupuk jurusan *Indologie*.

Mula rikala dadi raja ngganteni ramane lan uga ngrangkep dadi Gubernur DIY, banjur dadi pimpinan kang

visioner. Agresi Belanda kang nyebabake pemerintah pusat kita ngungsi, Sultan kang banjur nawani supaya peprentahan RI pindhah menyang Jogya. Gedhung-gedhung duweke kraton disilihake kanggo kantor pemerintahan RI ana Yogyakarta. Malah Presiden lan Wakil Presiden ora mung antuk bantuan moril, nanging uga materiil saka Sultan.

Sultan uga melu nduwe prakarsa ngedekake Universitas Negeri kang sepisanan sawise merdika yaiku Universitas Gadjah Mada. Amarga kampuse durung nduwe, banjur manggon ana ing gedhung duweke kraton. Malah pegelaran kraton uga kanggo kantor lan panggonan kuliah.

Ora mung iku, gedhung liyane kanggo laboratorium lan rumah sakit. Malah lemah kraton uga dienggo kampus UGM. Yen pimpinan DIY ora visioner tangeh lamun nduwe kawicaksanan kaya mengkono mau. Apa wae diwenehake kanggo kepentingan pemerintah RI lan pendidikan.

Tahun 1950-an, DIY mligine wewengkon Gunung Kidul lan sakiwa tengene kawentar wewengkon kang cengkar. Wiwit saka Kabupaten Kulonprogo, Bantul nganti Gunung Kidul. Wong ya kabupaten mau urutane melu “Pegunungan Seribu.” Mula ora aneh yen wektu iku akeh penduduk saka kabupaten mau kang kena HO.

Ya amarga visi pimpinane, akhire kabeh crita ing jaman biyen mau mung kari crita. Saiki bener-bener malik grempyang. Predikat juara kaya-kaya kabeh diborong dening Yogyakarta. Indek Pembangunan Manusia (IPM) paling dhuwur ya DIY. Iku nuduhake yen sumber daya manusia DIY paling unggul. Kok bisa? Ya iku mau visi pimpinane kang ngorbanake apa wae kang dinduwени kanggo ningkatake sumber daya manusia.

Pawiyatan luhur ngumpul ana Jogyakarta. Ya kang negeri lan swasta. Lan saiki meh kabeh kutha gedhe ing Indonesia nduwe universitas negeri. Universitas negeri sepisanan ana Jogyakarta mau, ndadekake wong kang ora nduwe ana Jogya, anggere nduwe tekad kuat bisa sekolah. Paribasane mung bandha sepeda bisa sekolah kang becik. Apamaneh antuk beasiswa. Dadi rikala metu saka Jogyakarta wis nduwe bekal Pendidikan kang cukup. La kang adoh saka lembaga Pendidikan, kaya Magetan ya kurang begya.

Kamangka ana ahli kang kawentar nduwe panemu mangkene,”*Orang miskin akan tetap bodoh. Dan orang bodoh akan tetap miskin.*” Iku kaya lingkaran setan. Yen ana kang miskin bakal bodho amarga ora bisa sekolah. La yen ora sekolah bakal bodho lan banjur miskin. Mula salah siji cara mutus rantai kemiskinan mau kanthi cara sekolah. Kaya Jogyakarta mau. Amarga dadi kutha pelajar, sekolah apa wae ana lan berkualitas mula saiki masyarakat DIY dadi Makmur.

La Magetan kepriye ing mbesok. Kamangka sumber daya manusia iku penting. Pawiyatan luhur negeri kang ana mung Poltek Negeri Madiun. Poltekes Surabaya ana Magetan mung rong jurusan, kebidanan lan Teknik lingkungan. Ana Ponorogo UIN Ponorogo. Liyane pawiyatan luhur swasta. Malah wewengkon Mataraman, wiwit Kediri nganti Madiun ora ana universitas negeri kang kawentar.

Blajar saka Jogyakarta, aku mbanjur nduwe reka daya, kepriye carane bisa ana kampus negeri ing Magetan. Mula aku banjur wiwit nganakake komunikasi menyang universitas negeri kang wis kawentar ing Jateng lan Jatim. Untunge aku nduwe akses menyang pawiyatan luhur mau.

Hasile komunikasi mau, kang respone cepet Universitas

Negeri Surabaya (Unesa). Kamangka Unesa uga ditawani mbukak kampus ana ngendi-endi kanthi fasilitas kang luwih akeh. Nanging tetep milih ana Magetan. Lan kang dipilih kampuse ana Maospati kang dianggup wewengkon strategis.

Salah siji alesane kena ngapa Unesa akhire milih ana Magetan? Rikala ketemu unsur pimpinan Unesa aku kandha mangkene,”*Prof betapa menderitanya warga yang lahir di Mataraman. Begitu lahir, dan akan kuliah di univeritas yang baik harus pergi jauh keluar kota. Merdekanya sama, pemerintahnya sama, presidennya sama, tapi mengapa fasilitasnya tidak sama. Semua univeritas yang baik ngumpul di kota besar. Surabaya ana tujuh perguruan tinggi negeri. Malang ada empat. Dan Jember serta Banyuwangi juga ada. Tapi lihat Kediri sampai Madiun tidak ada.*”



Aku banjur terus kandha,”*Kalau kita lihat di luar negeri, universitas itu justru diatur sedemikian rupa tidak ngumpul. Diatur menyebar di kota-kota kecil. Ada di beberapa negara maju, universitas yang bagus justru di kota kecil. Bahkan jumlah penduduk kota dengan mahasiswanya, lebih banyak mahasiswanya. Mari kita ikut memecahkan pemerataan pendidikan di Indonesia. Pak Presiden yang dipikirkan sudah*

Antuk Amanah Bupati Magetan

demikian banyak. Senyampang kita ditakdirkan Tuhan untuk mengambil keputusan mari kita gunakan untuk kepentingan masyarakat banyak. Agar kita kelak tidak menyesal ketika tidak menjabat. Karena kita telah memberikan warisan yang baik di negeri ini. ”



Foto: Aku lan Pak Rektor Unesa

Ukara iku kang kira-kira nggawe tinarbukane para pejabat ing Unesa. Akhire Magetan kang banjur kepilih dadi Unesa Kampus Magetan. Saliyane iku, aku uga nganakake komunikasi karo pejabat Kementerian Perindustrian lan Kementerian Kelautan dan Perikanan. Kebeneran rikala aku isih tugas ana Jakarta isih nduwe kenalan ana kementerian mau. Ya saka anane kekancan mau, akhire aku bisa nggawa kementerian mau mbukak pendidikan ana Magetan.

Kementerian Perindustrian banjur mbukak D1

pendidikan teknik kulit. Pendidikan iki gratis ora mbayar blas. Olehku mbudi daya mbukak Teknik kulit mau, Magetan iku pusat kerajinan kulit nanging anehe ora ana pendidikan teknik kulit. Semono uga Magetan iku nduwe potensi budidaya ikan air tawar, nanging durung dikelola maksimal. Mula aku njaluk marang Kementerian KKP supaya mbukak pendidikan Poltek KKP ana Magetan. Senadyan saiki isih kanggo panggonan praktek, ing tembe diajab bisa uga mbukak program diploma ana Magetan.

Ana pasatemon ing ngendi wae aku banjur kandha, *"Kalimat itulah, salah satunya yang kemudian meluluhkan para pengambil keputusan di Unesa. Akhirnya Magetan yang dipilih. Selain itu saya juga melakukan pendekatan ke Kementerian Perindustrian dan Kementerian Kelautan dan Perikanan. Dari hasil pendekatan kemudian dibuka D1 Teknik Kulit yang gratis. Dan juga tempat praktek mahasiswa Poltek KKP Sidoarjo tentang budidaya air tawar di Magetan."*

Saiki wis ana Unesa, Poltek Kesehatan lan ketambahan Poltek Kulit. Usaha mau perlu wektu. Hasile ora bisa didelok sakdek-saknyet. Ya mesti perlu wektu. Blajar saka Jogyakarta, ing ngarep Magetan bisa dadi kutha pelajar. Sabanjure ing tembe sumber daya manusia Magetan bisa unggul.

Stasiun Magetan

Warga Magetan kang kebeneran ana paran, yen ditakoni saka ngendi asale ngakune mesti Madiun. Amarga yen ngakune Magetan mesti dadi dawa. Akeh kang durung ngerti. Mesti terus takon Magetan iku sisih ngendi. Mlebu wewengkon Jawa Timur apa Jawa Tengah. Tinimbang

kedawa-dawa, banjur langsung kandha yen asli Madiun.

La rikala aku ana acara ing Surabaya, ditilpon dening penyiar Radio Suara Surabaya (SS). Kebeneran biyen mahasiswa ana pawiyatan luhur ing Surabaya.

Wose aku dijaluk siaran dina iku uga. Aku ya nyaguhi. Wong radio SS salah sijine radio kang paling kawentar ing Jawa Timur. Pisan aku bisa siaran lan ngenalake Kabupaten Magetan. Malah aku dijaluk menehi “kata bijak/Mutiara” kang direkam banjur disiarake ana ing program titik 0 Km Radio SS.

Wektu aku tekan studio Radio SS, aku njujug ruang tamu lan banjur ditampa dening resepsionis. Aku ditakoni nggoleki sapa lan keperluane apa. Aku ya banjur kandha yen aku arep ketemu karo salah sijine penyiar lan bakal diajak dialog. Amarga isih siaran, mula aku diacarani nunggu. Rada sauntara aku nunggu, petugas resepsionis mau takon, *“Bapak dari mana?”* Aku ya banjur mangsuli yen aku saka Magetan. Kang nggawe kagetku iku wangsulane mangkene, *“Magetan itu Jawa Tengah ya Pak.”* Waduh!!!! Aku ya kaget, wong atase resepsionis lan uga sarjana kok Magetan wae durung ngerti.

Aku ora nyalahake mbake resepsionis mau. Kanggoku iku nuduhake yen Magetan iku pancen durung akeh kang kenal. Bisa uga amarga miskin prestasi, mula dadi kabupaten kang ora patiya dikenal. Beda yen kabupaten kang antuk prestasi kang akeh, mesthi gampang dikenal.

Bubar siaran ana radio SS, rikala bali menyang Magetan aku mikir. Kepriye carane Magetan luwih dikenal. Aku banjur antuk idhe. Kepriye yen Stasiun Barat iku diganti dadi Stasiun Magetan. Saengga sapa wae kang arep lelungan

lan munggah-mudhun sepur bisa saka Stasiun Magetan.

La ya kebeneran banget Universitas Negeri Surabaya (Unesa) Kampus Magetan milih ana ing Maospati. Dohe saka stasiun mung watara rong kilomater. Ing mbesok yen kampus Unesa Magetan mau wis dienggo kuliah mesthi bakal wiwit rame. Lan mahasiswa kang numpak sepur bisa mudhun stasiun Magetan.

Aku banjur mampir menyang Daop 7 PT KAI Madiun. Ana sapatemon mau aku banjur takon, marang Kepala Daop 7 Madiun. Kepriye carane yen Stasiun Barat diganti dadi Stasiun Magetan. Olehe mangsuli yen kuwi angel. Amarga iku kewenangane Kementerian Perhubungan cq Dirjen Kereta Api. Lan uga direksi PT KAI ing Bandung.

Terus yen aku tetep pengin ngrubah jenenge stasiun mau, ya kudu berjuang menyang Kementerian Perhubungan. Ing batin dakkira bisa. Amarga kok ya kebeneran banget, kantorku biyen ana Kementerian Komunikasi dan Informatika gandheng pager karo Kementerian Perhubungan. Dadi ya isih nduwe kanca pejabat tinggi ana ing kementerian mau.



Foto: Rikala Aku Ngecek Dalan Menyang Stasiun Magetan

Aku wis ora sranta. Lan enggal nugasake Dinas Perhubungan Magetan supaya nyiapake surat kang ditujokake

menyang kementerian cq Dirjen Kereta Api. Kang wose njaluk kanthi banget supaya Stasiun Barat diganti dadi Stasiun Magetan. Tembusan menyang direksi PT KAI. Surat mau sejene dikirim resmi uga dakkirim lewat WhatsApp marang kancaku.

Lan bener. Ora suwe, aku antuk kabar saka PT KAI DAOP 7 Madiun, yen suratku mau antuk kawigaten. Lan uga disetujoni Stasiun Barat dadi Stasiun Magetan. Lan supaya ing tembe Stasiun Magetan tansaya apik, banjur dakgawekake dalan mlebu menyang stasiun lewat ngarep, dadi yen disawang Stasiun Magetan bakal tansaya endah. Wong sasuwene iki dalan mlebu stasiun malah saka ering kiwa.

Panti Lansia “Mulia”

Salah siji programku rikala aku dadi bupati, yaiku bunda sejahtera lan bunda kasih. Mligi program bunda kasih, njamin mangan kanggo lansia ing Kabupaten Magetan kang wis ora nduwe sapa-sapa. Utawa lansia kang wis lola. Senadyan wis antuk BLT lan bantuan liyane. Aku njaluk supaya didata, wiwit alamat nganti foto.

Ana Kabupaten Magetan, rikala didata tahun 2019 ana kira-kira 1500 lansia kang perlu kawigaten. Sawise dipilih lan dipilih kang urgen lan ora bisa ngapa-ngapa dibantu mangan mau. Nganti saiki wis ana 275 lansia.

Embhuh, yen ana wargaku kang kaya mengkono mau aku kepingin mangerteni snyatane. Mula aku banjur nyoba ngecek lan nyatakake. Kepriye kondhisine para lansia kang antuk program bunda kasih mau. Ya ora kabeh daktiliki. Nanging mung ana telu pawongan kang coba dakcek kepriye nyatane.

Bareng aku meruhi sanyatane, bener-bener trenyuh ana ing ati. Ana kang wis wuta, lan urip dhewe. Anak-anake ana paran lan ora bisa dieloni. Wong manggone padha ing luwar pulo. Uga ana kang wis pikun, ngebrok lan mung kari ngareparep apike tangga-teparone. Untunge urip ana ing karang perdesan isih ana gotong royong lan welas asih antarane sapadha-padha. Banjur genti-genten olehe ngopeni.

Nyipati wargaku kang kaya mengkono mau, ana ati bener-bener nelangsa. Sebageyan banjur daktitipake menyang Panti Sosial Tresna Werdha (PSTW) duweke Pemrov Jawa Timur kang manggon ana ing kutha Magetan. Nanging daya tampunge rak ya winates banget. Wong ya kanggo nampung lansia sa-Jawa Timur.

Mula aku banjur nduwe idhe, supaya Kabupaten Magetan nduwe panti lansia dhewe. Kanggo nampung warga Magetan kang wis ora nduwe sapa-sapa mau. Aku banjur enggal nugasake Dinas Sosial supaya nganakake inventarisasi gedhung-gedhung kang bisa dienggo panti, salah siji syarat cedhak Puskesmas.

Ketemu gedhung kang strategis. Gedhung mau tilas Balai Pengairan Dinas PUPR Magetan kang manggon ana Karangrejo. Kebeneran banget, saliyane cedhak Puskesmas uga gandheng karo SLB duweke Pemrov Jatim. Lan ya ana asrama kanggo murid SLB duweke Dharma Wanita Kabupaten Magetan. Nanging emane asrama mau wis ora ana kang manggon. Dadi rusak ora krumat.

Sawise dakendhangi, aku mutusake supaya panti lansia mau manggon ana ing Balai Pengairan PUPR. Lan supaya enggal direhab supaya enggal bisa dienggo. Emane, lagi arep direhab, la kok tanggal 11 Maret 2020 Covid-19 mlebu ana

Antuk Amanah Bupati Magetan

Magetan. Lan sabanjure anggaran kudu direfokus ing Klebu anggaran kanggo panti lansia mau. Ya kepeksa program iki banjur durung bisa dileksanakake.

Rikala jumlah pendhuduk Magetan kang divaksin wis luwih saka 80 persen, lan Covid-19 ana tanda-tanda wiwit bisa dikendhalekake, aku banjur aba supaya panti lansia enggal diterusake. Supaya warga Magetan kang wis lola lan ora ana kang ngrawat mau bisa enggal dirawat ana panti lansia.

Alhamdulillah, tanggal 31 Maret 2022 panti lansia sida dakresmekake. Wektu peresmian mau aku banjur didhapuk supaya menehi jeneng panti lansia iki. Amarga tujuan ngedekake panti iki pancen mulia banjur aku usul supaya diwenehi jeneng Panti Lansia Mulia.



Daya tampunge panti lansia saiki isih 10 pawongan. Aku ya wis njaluk supaya asrama SLB kang wis nganggur

ana mburine panti lansia enggal didandani kanggo nambah asrama. Ing tembe supaya bisa nampung lansia luwih akeh. Lan anggaran tahun 2022-2023 asrama SLB bakal enggal direhab, supaya bisa nampung wong tuwa kang wis ora nduwe sapa-sapa ing Magetan.

Graha Literasi

Kena ngapa kudu aku nggawe Graha Literasi. Mula bukane rak mangkene. Rikala tahun 1990-an, aku maca buku karangane Prof Dr Umar Kayam kang asesirah “Para Priyayi.” Buku novel sosiologis mau nyritakake kepriye pawongan priyayi Jawa ngadhepi dredah, wiwit jaman Belanda nganti rikala jaman PKI biyen. Novel kang dadi pocapan ing jaman tahun 1990-an bener-bener nambet ana ing atiku.

Malah nganti saiki aku isih nyimpen buku novel mau. Olehku tuku ora mung sepisan. Makaping-kaping olehku tuku ,amarga disilih kanca lan ora mbalik. Mulane aku banjur tuku maneh. Semono uga ora mung sepisan olehku maca. Asring olehku maca dakbaleni senadyan mung sabab wae.

Kang luwih narik kawigatenku mau, proses olehe nulis novel mau. Prof Dr Umar Kayam kudu tapa brata ana *Yale University* ing Amerika Serikat. Suwene setahun lawase. Kok bisa? Ya ana pawiyatan luhur ing Amerika Serikat iku biasanya ana program *post doctoral*. Program *post doctoral* mau tegese mangkene. Pawiyatan luhur apa lembaga penelitian ing Amerika Serikat iku ana program beasiswa kanggo ahli kang wis doktor diwenehi wektu biasane setahun nganakake panaliten ing Amerika Serikat.

Sasuwene setahun mau, wiwit tiket pesawat, beaya urip ditanggung. Ana ing Amerika Serikat mung tugase nulis kang dadi keahliane. Kamangka para ahli kang antuk kalodhangsan

mau maneka werna keahlian lan saka negara ngendi-endi wae ing ndonya. Bisa dibayangake, yen para ahli sadonya antuk kalodhangan nganakake panaliten lan nulis ana Amerika. Wis metuhi kang ditulis ya jumbuh karo keahliane.

Kaya Prof Dr Umar Kayam mau. Amarga antuk beasiswa *post doctoral* banjur nulis novel sosiologis kanthi irah-irahan “Para Priyayi.” Olehe nulis ana ing Kampus *Yale University* Amerika Serikat. Salah siji kampus kang apik ing Amerika Serikat. Lan kaya umume kampus universitas kang apik ing Amerika Serikat mestihi dibangun endah. Tamantamane ditata kanthi cara edi peni. Ketambahan perpustakaan koleksine jangkep. Saengga sapa wae ilmuwan kang teka, mestihi bakal antuk inspirasi nulis ndeleng sesawangan kang endah mau.

Ya amarga antuk beasiswa lan koleksi buku kang jangkep ditambah sesawangan kampus ing *Yale University* mau, Prof Umar Kayam banjur antuk *inspirasi* kanggu nulis lan ngrampungake bukune mau. La yen kabeh para sarjana ing ndonya akeh kang diundang menyang kampus-kampus lan lembaga penelitian banjur nulis ngenani negarane ya mestihi wae sumber informasi tansaya suwe tansaya jangkep.

Kamangka wis pirang ewu para sarjana Indonesia kang sekolah lan antuk beasiswa ana Amerika Serikat. Ora nggumunake malah para ahli Indonesia akeh kang saka warga negara Amerika Serikat. Lan alumni saka Amerika Serikat banjur dadi tokoh-tokoh ing negara asale. Klebu ing Indonesia. Akeh tokoh ekonomi lan politik lulusan saka Amerika Serikat.

Malah biyen ing jaman Orde Baru, kawentar karan “*Mafia Bekerley*.” Para sarjana ahli ekonomi lan keuangan

lan uga arsitek ekonomi Orde Baru kabeh lulusan saka Universitas California Bekerley, Amerika Serikat mau. Kaya Prof Dr Wijoyo Nitisastro, Prof Dr Moch Sadli, Prof Dr Ali Wardhana lsp.

Iku arsitek ekonomi Orde Baru. Dene arsitek politik ana ing jaman reformasi uga lulusan saka Amerika Serikat. Kaya Prof Dr Ryaas Rasyid, Prof Dr Ramlan Surbakti, Dr Andi Malarangeng lsp. Pawiyatan luhur ana Amerika Serikat pikiran-pikiran, idhe-idhene bener-bener nduwe pengaruh kang gedhe banget ing negara ngendi wae. Mligine negara-negera kang lagi berkembang, Klebu Indonesia mau.

Pitakonan kang banjur tuwuh, kena ngapa atmosfer mau ora kacipta ing Indonesia. Ana pawiyatan-pawiyatan luhur ing Indonesia. Aku ora arep niru Amerika Serikat. Nanging idhe mau banget menehi conto becik marang aku. Kena ngapa Magetan kang ditakdirake lan antuk anugerah alam kang endah mau ora bisa miwiti.

Saora-orane panggonan kang becik, endah saengga bisa kanggo latihan apa wae kanthi dhasar literasi. Idhe mau banjur dakgawe proposal lan dak kirim menyang Badan Perpustakaan Nasional ing Jakarta. Kebeneran aku seneng buku, lan ya kok ngepasi Kepala Perpusnas tindak menyang Magetan. Idhe mau banjur daksampekake marang Kepala Perpusnas. Lan banjur disaguhui. Kok ya kebeneran banget Kepala Biro Perencanaan Perpusnas uga priyayi Magetan. Akhire antuk bantuan keuangan saka Perpusnas gedhene Rp 10 milyar.



Anggaran mau banjur dakgawe Graha Literasi. Dilengkapi perpustakaan digital. Saengga kang pelatihan ana kono bisa akses buku, jurnal lan informasi apa wae. Graha Literasi saliyane iku dilengkapi asrama, laboratorium teknologi kaya podcast, ruang dhisikusi, editing. Kang banjur karan Magetan Hub. Saengga para taruna bisa nggawe lan ngembangake kreativitas ana kono.

Kang cetha ana Graha Literasi bisa kanggo latihan lan diklat apa wae. Wiwit latihan nulis, lukis, latihan keuangan, UMKM lan maneka werna pengetahuan. Saengga warga Magetan bisa jembar lan bawera wawasane. Lan yen golek referensi wis cumepak amarga gampang akses. Wiwit buku nganti jurnal internasional.

Modern Rice Miling Plan Bulog

Kira-kira ing tengah tahun 2020, Kepala Bulog Ponorogo-Magetan ketemu aku ana kantor. Olehe ketemu aku mau ngandhakake yen Bulog nduwe program nggawe pabrik beras *Modern Rice Miling Plan* (MRMP). Ing Indonesia bakal dibangun sepuluh pabrik ing sentra-sentra lumbung pari. La Magetan klebu catetan lan tetimbangan kang bakal dibangun pabrik beras mau.

Kepala Bulog kandha supaya diajab aku uga melu berjuang menyang Bulog Pusat supaya ora dibangun ing wewengkon liya. Amarga investasine gedhe. Ora kurang saka 100 milyar. Dikandhani mengkono mau, aku banjur kandha yen nganti ana apa-apa supaya enggal lapur aku. Pokoke aja nganti pabrik beras mau dibangun ing panggonan liya.

Masalah beras ana Indonesia iku salah siji kang kudu diudhari yaiku pasca panen. Pas panen raya beras, rega beras mesti anjlok. Lan kang mesti rega dikendhalekake dening tengkulak. Malah akeh kang wis ijon. Saliyane iku, kadhar air kang disyaratake Bulog kang dadi masalah petani. Wong ya wektu panen isih mangsa rendheng lan akeh udan. Kamangka umume pamong tani ora nduwe panggonan mepe pari. Apa-maneh pengering. Ya mesti ora nduwe.

Kamangka MRMP mengkone mesine modern. Bisa mroses pari kang isih teles nganti dadi beras premium. Saenga anane MRMP diajab bisa dadi sarana mecahake masalah pamong tani kang lagi panen raya. Amarga rikala panen, rega pari mesti kena dapesthekake anjlok. Iku wis lumaku mata-hun-tahun lawase.

La anane MRMP iki mengko yen wis operasi, pamong tani bisa nyetorake gabahe lewat kelompok tani, mengko antuk faktur. Banjur Bulog nemtokake regane pira. Pari mau disimpan Bulog arupa beras. Kira-kira kaya pabrik gula kae. Petani tebu rikala ngirimake tebune menyang pabrik banjur ditemtokake rendemane pira.

Mula tanggal 14 Juni 2022 Pemda Magetan karo Bulog banjur nganakake MoU disekseni para pengurus Gapoktan ing Magetan. Diajab ing mburine bakal ana stabilitas rega wiwit saka petani (rikala panen) lan nganti tekan konsumen. Lan kanggone Bulog dhewe cadhangan beras minangka tugasé bisa tetep dijaga.

Mbantu Rakyat Ora Mung Kanti Cara Menehi Dhuwit

Aku asring mranggulangi, toko-toko modern jejer ora ana lete babar pisan. Malah kadhang gandheng karo pasar tradisional. Kamangka aturane ora oleh. *Toko modern* ora oleh jejer. Lan uga ora oleh cedhak karo pasar tradisional. Paling ora dohe limang atus meter.

Nanging nyatane ana lapangan ora kaya mengkono. Akeh toko modern kang malah cedhak karo pasar. Kamangka manut panaliten, anane toko modern mau bakal matekake toko kelontong, kang *natabene* duweke rakyat cilik. Kita asring krungu pemerintah mbela wong cilik, nanging nyatane kawicaksanane beda banget.

Rikala aku menyang Kutha Singkawang Kalimantan Barat, toko kelontong kang akeh-akeh duweke katurunan Tionghoa urip kanthi becik. Akeh kang tuku lan uga pepak-pepak dagangane. Kena ngapa bisa urip becik toko kelontong mau, tibane ana Singkawang ora ana toko modern rikala iku.

Semono uga ana Sumatera Barat. Jenenge ana Sumatera Barat sangertiku uga ora ana toko modern. Saengga jenenge toko kelontong duweke pengusaha Minang bisa urip kanthi becik. Dalan-dalan protokol ana Padang akeh banget tokotoko pribumi Minang kang padha buka.

Yen ana Jawa, saelingku biyen Solo lan kutha Blitar uga diwatesi. Nanging aku ora ngerti yen saiki. Apa kawicaksanan mau isih tetep. Blajar saka kutha lan daerah mau, rikala aku dadi bupati salah siji cara nglindhungi rakyatku aku uga mbatesi toko modern. Aku ora nglarang, nanging kang wis ana dakanggep cukup. Malah kang wis ana, dakjaluk UMKM Magetan bisa titip menyang toko modern mau. Senadyan kudu melu syarat-syarat (kurasi) saka tim toko modern mau.

Kawicaksanan mau, kanggo upayaku nglindhungi rakyatku kang modhale winates. Apamaneh toko mau dadi sumber panguripane. Ya mesti ora bakal kuwawa yen kudu saingan karo toko modern kang nduwe modhal gedhe. Mula carane aku nglindhungi rakyatku mbatesi ijin toko modern mau. Kanthi cara mengkono, rakyatku bisa tetep mbuka usaha toko.

Rikala aku dadi bupati anyaran, perajin batik ana Magetan mung ana pitu perajin. Lan perajin-perajin mau uripe kembang-kempis. Aku minangka bupati kudu golek cara, kepriye carane mbantu perajin batik ing Magetan mau supaya eksis. Lan ora tambah mati, nanging tansaya suwe tansaya gedhe.

Aku banjur ngumpulake Bagian Umum, Bagian Hukum lan Bagian Organisasi saperlu takon yen dina Kamis-Jumat apa bisa pegawe pemda bathike ora sragam. Kandhane diatur ana peraturan bupati. Dadi ora bisa. Aku ya ora kurang akal,

apa peraturan bupati iku “kitab suci” kok ora bisa diowahi.

Kepala bagian kang dajak dhiskusi katone kaget. Pancen birokrasi iku yen ana aturan kaya-kaya wis paten ora bisa diowahi. Wong aturan iku kawicaksanan, dadi yen kawicaksanan mau kudu diowahi kanggo kepentingan akeh, ya bisa wae diowahi. Ora banjur wedi.

Aku banjur takon, pira anggaran kanggo tuku sragam lan dibage menyang PNS/ASN mau. Tibane meh telung miliar. Anggaran semono mau ya mesthi kudu lelang. Lan tibane sawise daktakoni kang menang lelang saka Solo. La terus Magetan antuk apa? Rak ya mung sragam lan corak. Perajin bathik Magetan ora antuk apa-apa.

Ketambahan kudu nyiapake anggaran. La anggaran semono mau rak ya bisa kena mbangun jembatan ana Magetan. Ya kaya mengkono mau tugase pimpinan kudu nggawe kawicaksanan kang nguntungake rakyat. Ora antuk mung manut staf kang kadhang wedi ngowahi kawicaksanan senadyan iku ora nguntungake akeh.

Aku banjur ngusulake PNS/ASN ora usah sragam. Sepisan, ora boros anggaran amarga ora usah nyiapake APBD. Kapindhone, amarga aku banjur mrentahake ora sragam nanging kudu nganggo bathik khas Magetan. Saenga karyawan Pemda Magetan bisa tuku bathik saka perajin.

La yen ana Magetan karyawan pemda wae ana 9000 karyawan. Yen tuku bathik Magetan kabeh pira kebutuhane bathik. Apamaneh priyayi putri, ora mungkin yen mung nduwe bathik siji. wong dipadhani wae ora gelem. Mesthine ya nduwe bathike luwih saka siji.





Foto: Aku Nyoba Mbathik

Bener!!!! Aku mung nggawe kawicaksanan kaya mengkono wae, ana Magetan banjur thukul perajin-perajin bathik anyar. Sakawit rikala aku bupati anyaran mung ana pitung perajin, saiki wis luwih saka skeet perajin. Lan bathik corak Magetan yen biyene dianggep sragam karyawan pemda, saengga masyarakat ora wani nganggo bathik khas Magetan Beda banget karo saiki. Yen sakiki bathik khas Megetan wis kaya duweke masyarakat.

Blajar saka kawicaksanan mau, aku banjur nduwe dudutan yen mbantu rakyat iku ora kudu menehi dhuwit utawa modhal. Ora ana artine mbantu, yen ekosistem usaha ora diciptakake lan ora dilindhungi masyarakat supaya berdhaya. Mula nyiptakake ekosistem iku penting kaya kawicaksanan kang coba dakputusake mau.

Mbulan Ndadari lan Parade Surya Senja

Mula bukane aku nduwe gagasan nggawe ada-ada adicara Purnama Sastra “Mbulan Ndadari.” Lan uga mula

bukaneadicara Parade Surya Senja dianakake ana Magetan. Mula bukane mangkene. Asring rikala aku bali saka sembahyang Magrib ing masjid Agung Baitussalam Magetan, yen ngepasi mbulan ndadari kae, jian endah banget. Nyawang mengetan menyang alun-alun Magetan kang katon asri lan endah. Ketambahan mbulan kang katon gedhe kaya ngawe-awe.

Kaya ana syair lagu Padhang Bulan kae:

“Yo prakanca dolanan ing njaba
Padhang mbulan padhange kaya rina
Rembulane eee sing awe-awe
Ngelengake aja padha turu sore.”

Nanging emane, sesawangan kang endah mau, amarga kira-kira wis asring dipranggulangi lan ya ajeg mula dadi sesawangan kang dianggep biasa wae dening masyarakat umume. Beda kanggone kang seneng kaendahan. Sesawan-gan kang mung sewulan sepisan mau (ya yen ngepasi ora mendhung) bisa nuwuhake inspirasi. Ya bisa idhe apa wae. Kanggone kang seneng nulis geguritan bisa terus tuwuh inspirasine.

Semono uga kanggone kang seneng nulis cerkak, crita sambung apa artikel kaendahan mau eman yen mung liwat tanpa nduwe makna apa-apa. Aku dhewe yen ngepasi mbulan ndadari mau aku banjur ngedeg ana pojok alun-alun, ngadhep mengetan ngenam pikiran. Nyawang kaendahan mau banjur tuwuh idhe-idhe kanggo kamajuan Magetan kang kebeneran dakpimpin.

Aku banjur kelingan kena ngapa pawongan Barat iku yen ngepasi mangsa *summer* (mangsa panas) kaya wulan kang diantu-antu banget. Mula banjur padha dhedhe ana plataran mburi utawa ana taman-taman. Kiraku iku cundhuk karo anane patang mangsa ing negara mau. Ana mangsa *summer* (panas), *Autumn* (gugur), *winter* (adhem), *Spring* (semi). Ana mangsa adhem, wis adheme oramekakat kae.

Kebeneran aku nate nyipati dhewe rikala mangsa adhem mau menyang Korsel lan uga ngepasi menyang Belanda. Negara iki klebu nduwe patang mangsa setahun. Kebeneran aku kapung telu menyang Korsel. Kok kebeneran ngepasi mangsa adhem. La ana Korsel mau aku sepisanan ngerti kang jenenge salju. Esuk rikala sarapan aku nyawang njaba ana gegodhongan lan plataran wiwit ana salju.

Wong ya lagi sepisanan kuwi aku ngerti salju. Mula sawise sarapan aku banjur metu dolanan salju mau. Nanging ya ora bisa suwe. Wong adheme ora mekakat kanggone aku kang ora biasa ana mangsa kaya mengkono mau. Sedhela wae ana njaba aku banjur terus mlebu *Lobby* hotel. Sing penting aku wis njupuk dokumentasi, lewat foto. Ya pokoke seneng kae wong jenenge sepisanan.

Bareng seminggu ana Korsel tansah kadhem saben metu mau, suwe-suwe ya kesiksa kae rasane. Malah yen ora perlu arep metu wae wegah rasane. Saben metu kudu nganggo klambi utawa pakeyan rangkepan papat. Kaos kaki rangkep loro. Siji kaos kaki biasa lan kang rangkepane kaos kaki kanggo bal-balang kae. Kandel lan dawa. Dadi yen metu rangkepan papat ora patiya kesiksa. Mung risi rasane. Nanging jenenge praupan rak ya ora ketutup. Dadi ya kaya kena jarum kae rasane. Pating clekit ana rai.

Semono uga rikala ana Belanda. Yen ana Korsel srengenge rikala iku ora metu babar pisan. Kaya mendhung kae. La ana Belanda beda banget. Rikala aku menyang Belanda (aku kebeneran menyang Belanda kaping telu) kepingin ngerti kampuse anakku kang kuliah ana pawiyatan luhur ing Amsterdam.

Anakku kang nomer loro kebeneran antuk beasiswa njupuk master *accounting* ana *VU Amsterdam University* Belanda. Saka apartemen menyang kampuse supaya ngirit yen kuliah numpak sepeda. Ana Belanda wis biasa lanang, wadon, sugih mlarat menyang ngendi-endi numpak sepeda.

Aku menyang kampus sengaja njaluk sepedaan wae. Anakku sejatine ngajak numpak trem listrik. Nanging aku kang ngotot, wong rikala aku nyawang menyang njaba srengenge kenthar-kenthar senadyan rikala iku mangsa adhem. Amarga srengengene kenthar-kenthar mau dakkira ya mesthi ora adhem. Mula aku njaluk sepedhaan menyang kampuse anakku mau.

Kocapa, bareng metu lan wiwit sepedaan jenenge rai kaya dicacah dom kae. Pating clekit rasane. Kamangka srengengene kenthar-kenthar. Tibane kalah karo hawa adhem kang atis banget. Dadi kang jenenge numpak sepedha kang dohe udakara pitung kilometer mau jian kesiksa kae. Untunge dalane ana Belanda mau rata. Babar pisan ora ana dalam munggah. Wong biasa urip ana hawa panas. Beda karo warga Belanda olehe sepedhaan katon biasa wae.

Aku rada bisa keslimur amarga ing tengah kutha. Karo sepedhaan lan cathukan sinambi nyawang gedhung-gedhung kuna sakiwa-tengene dalan. Sedhela-sedhela anakku takon apa aku isih kuwat. Katone anakku wis biasa wae. Wong ya

wis sauntara ana Belanda, dadi wis nyesuekake iklim ana Belanda.

Kaya wong Belanda kae, angger arep metu kang dideleng laporan ramalan cuaca. Yen ana ramalan cuaca bakal udan, kabeh banjur padha nggawa payung. Senadyang srengengene kenthar-kenthar ya maksrepet terus udan ngono wae. Yen ana Indonesia biasane mendhung dhisik malah ditambah gludhug.

Ya amarga ana negara kang nduwe patang musim mau, mula rikala ana srengenge utawa mangsa semi katon endah. Masyarakat banjur ora mbuwang kesempatan mau. Kaya yen ngepasi mangsa panas, mangsa kang diantu-antu banget. Sekolahan padha prei. Malah kaya kompetisi bal-balanan liga kang kawentar uga banjur prei. Kabeh nggunakake mangsa mau kango seneng-seneng.

Kaya kabeh kang asring dipranggulangi ana ing film apa *youtube* kae. Malah kang nembe iki lagi rame rikala putrane gubernur Jawa Barat Ridwal Kamil, alm Mas Emmeril Khan Mumtadz utawa Eril kang kapundhut amarga kacilakan ing Swiss. Ana kali Aaree ing kutha Bern Swiss.

Pancen ana Eropa rikala iku nembe mlebu mangsa panas. Wit-witan godhonge ngrembuyung ijo royo-royo. Endah yen disawang. Semono uga kali Aaree. Kaline bening kinclong. Nggodha ati, sapa wae kepingin nyemplung nglangi. Ciblon ana kali sapa kang ora kepingin.

Nanging yaiku mau, kudu waspada. Kayane srengenge wis wiwit manasi banyu kali kang maune adhem nyenyet. Nanging kabeh mau kaya samudana. Katone hawa kang wis wiwit ora patiya adhem mau durung nggawe banyu kaline wiwit aman kanggo ciblon. Apamaneh kanggone pawongan

kang durung biasa. Kaya ana pawarta akhire alm Mas Eril dadi korban.

Kaya anakku nomer loro sawise lulus kuliah, saiki urip ana Amsterdam Belanda. Lan anggere nembe ngadhepi mangsa panas mesti seneng atine. Asring ngajak anake menyang taman, mlaku-mlaku. Ndeleng sato iwen kang uga padha seneng-seneng yen mlebu mangsa panas iki. Taman-taman wiwit rame. Restoran padha mbukak lapak ana ngerepan kanggo kongkow-kongkow.

Kang nduwe jiwa seni, banjur padha ngamen ana ndalan. Semono kang seneng olahraga, padha olahraga jogging ana taman-taman. Kabeh padha seneng-seneng kaya rikala padhang mbulan ing desaku biyen. Padha dolanan, kaya jamuran, gobak sodor, main kethoprak utawa mung njereng klasa ana latar.

Swasana kang endah saben wulan mau eman yen mung klewat tanpa nggawe makna apa-apa. Wong Eropa kudu nunggu setahun ngenteni mangsa endah kaya musim panas mau. Dene awake dhewe padhang mbulan ora kudu nunggu setahun. Malah mung nunggu sewulan.

Mula aku banjur kelingan yen para kadang sastrawan Jawa ing Bojonegoro biyen ana kegiyatan “Purnama sastra” yen ora kleru. Kena ngapa ana Magetan ora ana kegiatan kaya ing Bojonegoro mau. Aku banjur usul marang kanca-kanca penggiat sastra ana Magetan. Eee kok banjur padha setuju.

Rikala iku durung ana pagebluk Covid-19. Banjur padha nggawe rancangan. Kepriye adicarane. Lan ana ngendi. Aku banjur ngusulake ana ngarep utawa plataran Kantor Perpustakaan Magetan. Kebeneran gedhunge ngadhep mengetan, endah banget yen ngepasi padhang mbulan kae.

Rancanganadicara digawe kanthi premati. Diajabadicara mau bisa kaleksanan rutin saben wulan. Terusadicarasaben wulan mau diwenehni tetenger apa? Kabeh kok sarujukdiwenehni jeneng “Mbulan Ndhadhari.”

Emane ngepasi arep diwiwiti. Pengeras swara dipasang,kok Covid-19 mlebu Magetan. Lan ya terus ora sida.Panggung, pengeras swara, kursi, terop banjur dikukuti. Ora sida diwiwitiadicara mau. Nganti rong tahun kudu nunggu.

Tanggal 14 Juni 2022,adicara “Mbulan Ndhadhari”banjur diwiwiti maneh. Amarga isih udan mula banjur digelarana Pendopo Surya Graha. Kang sepisanan kang dibahasbukuku “Email Saka Jakarta.” Tulisan ajeg ana PS sabenminggu mau banjur dakbukokake dadi telung jilid. Lan bukiki kang banjur dibahas ana ingadicara “Mbulan Ndhadhari”mau.

Saliyane mbahas bukuku, uga maca geguritan deningguru-guru basa Jawa saka Magetan. Malah uga sastrawan ingkabupaten ing sakiwa tengene Magetan uga diundang. Uga teka saka Madiun, Ponorogo padha ngestreniadicara mau. Diajab kegiatan rutin iki bisa dadi panggonan gladhi sastraana Magetan. Mligine kanggo siswa kang wiwit blajar sastra.

Malah ora mung maca geguritan, uga maca puisi,cerpen, cerkak. Uga ana ingadicara mau uga dipamerakeasile lomba lukis murid-murid ing Magetan. Dipajang ana ing pinggire pendopo. Saengga kang padha rawuh bisa mirsaniasil karyane para siswa kang menang lomba.

Ing pangajab, murid-murid bakal bangga dene lukisane bisa dipamerake ana ingadicara mau. La yen lukisane dipamerake, rak ya bocahen gajak rama ibune nonton. Semono uga kanca-kacane uga bakal diajak nonton. Mendah bang-

gane bocahe, rama ibune, uga sekolahane bakal antuk jeneng.

Dene tanggal 18 Juni 2022 wingi, njupuk tema “Mengolah Kata Mengolah Jiwa.” Kena ngapa kok ora dipasake tanggal 15. Alesane mayar. Mengko yen ora malem prei mesakake murid-murid lan guru. Sesuke kudu sekolah apa mulang. Mula banjur diundur mau. Saben wulan saiki wis rutin maneh “mBulan Ndadari” digelar.

Ndeleng bocah-bocah maca puisi, cerkak, geguritan, pertunjukan kesenian lan banjur dibahas dening para guru, para seniman seneng ana ati. Aku dhewe mung saderma melu ndelok, kepingin mangerten ikepriye anak-anakku mau nuduhake kabisane ing babagan sastra. Jujur wae ana ati mongkok. Saora-orane aku wis mbukak dalan kanggo majokake seni sastra, pertunjukan ana Magetan. Muga-muga ing tembe bisa thukul bibit-bibit sastrawan kang manjila saka Magetan. Sapa ngerti!!!



Terus Parade Surya Senja iku, kepriye mula bukane. Negara kita iku dibangun saka maneka werna suku, agama lan kepercayaan. Uga pulo-pulone wae puluhan ewu cacahe. La

sasuwene iki, kanca-kanca dinas program-program kanggo nuwuhake semangat nasionalisme kanthi cara kang isih ngono-ngono wae. Bocah-bocah taruna dikumpulake banjur diwenehi ceramah.

Bocah saiki apamaneh milenial ya ora bisa dianggep kaya bocah biyen. Dituturi wong tuwa, supaya terus nduwe semangat nasionalisme kanthi cara ceramah. Dakkira bocah-bocah mesthi bosen. Dianggep bocah cilik kang ora ngerti apa-apa. Kamangka bocah saiki arep golek informasi apa wae gampang. Wong ya wis era digital. Kari mencet, golek informasi apa wae ana.

Blajar rikala aku isih nyambut gawe ana ing Pemrov Jawa Timur, saben tanggal 17 saben wulan dianakake parade surya senja. Adicara penurunan bendera merah putih. Lan sadurunge penurunan dianakake maneka wernaadicara, kaya *drum band*, reog lan maneka werna pertunjukan.



La rikala aku dadi Bupati Magetan, idhe mau banjur dakcoba trapake ana Magetan. Saben tanggal 17 saben wulan dianakake parade surya senja. Penurunan bendera adicara utama, dene sadurunge ana maneka werna kegiatan pertunjukan, kaya tarian daerah, *drum band* lsp. Dene serta upacara nganggo pakeyan bhinneka tunggal ika.

Pranyata kabeh kang melu dadi petugas antusias banget. Digilir kang tugas saben kecamatan. Yen ana 18 kecamatan rak ya karo tengah tahun nembe antuk giliran maneh. Dakkira rak ya ora abot. Malah kiraku menehi ruang marang siswa sekolah, kelompok seni nuduhake kabisane ana ing parade surya senja mau.



Mesthi kabeh melu bangga, ya peserta, lembaga, daerah uga kang nonton. Apamaneh kang natuk kalodhangan dadi petugas penurunan bendhera. Mendah banggane. Mesthi ing tembe bisa kanggo crita marang anak putune.

Mbukak Investasi

Rikala nedheng-nedhenge aku nduwe program narik investasi, nggampangake perijinan kok ya terus ana pegebluk Covid-19. Lan ana Magetan ora ana pabrik gedhe kang nduwe karyawan akeh. Siji-sijine pabrik, ana Desa Karangsono Kecamatan Barat pabrik garmen. Karyawane wae meh sewu.

La kok pabrik siji-sijine kang gedhe ana Magetan dhek tanggal 24 Maret 2020 kok ya karyawane padha dhemo. Olehe padha dhemo mau nuntut gaji. Amarga bayare karyawan

mung dibayar separo. Dene kurangane olehe mbayar semaya sesasi maneh. Ya karyawan ora trima. Mula banjur padha dhemo.

Perusahaan dhewe olehe mbayar separo mau amarga bahan baku wis ora ana. Bahan baku garmen meh satus persen saka China. Amarga China lagi kena pegeblug mula bahan baku utawa import saka China uga mandheg. Lan semono uga hasile pabrik arupa garmen kang satus persen diekspor menyang Jerman uga madheg. Negara Jerman lan negara Eropa liyane uga nyetop import saka negara-negara liyane.

Rikala aku antuk informasi yen ana dhemo mau kira-ki-ra jam 15.00. Amarga iku urusane karyawan lan perusahaan mula aku banjur nugasake Kepala Dinas Tenaga Kerja supaya bisa makili aku. Dene Mas Kapolres lan Dandim teka ana ing perusahaan. Nanging nganti bengi ora bisa rampung. Rikala aku lagi bali saka Posko Gugus Tugas Covid-19 kok aku ditilpon mas Kapolres. Kang surasane, supaya aku bisa teka menyang pabrik. Amarga karyawan wis ngebong ban-ban ana plataran pabrik. Lan uga padha mbalangi lan mecahi kaca.

Malahan mas Kapolres nambahi supaya aku enggal teka. Kandhane yen aku ora teka ora mungkin dhemo buruh bakal rampung. Amarga bupati kang bisa ngrampungake kandhane mengkono. Aku kang lagi wae salin lan wis nganggo sarung, enggal ganti salin maneh. Amarga sopir lan sekpri wis bali mula kendharaan daksetiri dhewe. Dadi aku nyetir mobil dhewe menyang pabrik kang lagi dhemo mau. Supaya aja nganti ana kedadeyan kang ora dakkarepake mula aku sengaja sadurunge tekan pabrik wis dipapag dening Satpol PP. Mobil dakparkir rada adoh saka pabrik. Lan olehku mlebu pabrik aku mung sarana mlaku.

Alhamdulillah, lagi wae aku mlebu karyawan kang lagi dhemo mau kok banjur mandheg weruh tekaku. Lan kabeh padha rame ngertakake tekaku. Embuh ana ing atiku kok tatag wae amarga para karyawan kok padha dhadha marang aku. Aku ya banjur terus munggah menyang ruang direksi. Para direksi banjur padha crita marang aku larah-larahe kena ngapa karyawan dhemo.

Aku nyoba ngudhari masalah mau. Perusahaan dhewe wis ora duwe dhuwit amarga eksport mandheg. Lan pabrik ora mlaku amarga ya ora nduwe bahan baku. Kamangka pabrik garmen iki karyawane wae telung ewu. Lan meh sangang puluh persen warga Magetan. Yen nganti tutup apa ora mlaku Magetan ya rugi. Mula tekadku kudu melu cawe-cawe.

Aku banjur takon marang manajemen, kapan bisa mbayar kekurangan gaji. Kandhane kurang luwih telung minggu lan paling suwe sewulan. Kamangka karyawan emoh yen kurangane gaji mau diundur. Aku banjur nduwe usul kepriye yen dibantu pemda kanthi cara dibantu digolekake utangan. Perusahaan setuju lan aku banjur kandha marang karyawan yen pemda bakal mbantu nggolekake silihan. Dene kurangane gaji watara rong tengah milyar. Sabubare aku kandha mangkono yen aku bakal nggolekake silihan kok karyawan banjur padha padha bubar olehe dhemo.

Atiku ayem bisa ngrampungake lan mbantu masalah gaji karyawan kang cacahae ewon mau. Rada bingung rikala mikir saka ngendi olehku golek dhuwit semono kehe mau. Kamangka dhuwit saka APBD ya ora mungkin. Malah sauntara ana kang ngalang-alangi. Rikala aku menyang Bank Jatim uga ora bisa. Amarga proses kanggo ngajokake kredit perlu wektu. Sapa kang ora bingung. La rikala aku bingung mau lagi kelingan yen Pemda Magetan nduwe Bank dhewe yaiku

BPRS. Mula enggal wae direkture dakundang lan supaya bisa nalangi.

Dirut lan Dewas uga kandha yen iku beresiko. Nganti aku kandha," Wis ngene wae yen mengkono sertifikat omahku wae kanggo jaminan." Rikala aku kandha mengkono mau mung kepingin mbantu rakyatku supaya antuk hake yaiku gajine. Lan uga virus Covid-19 ora gampang sumebar amarga anane dhemo mau.

Polres lan Kodim, akhire nggawe cara kanggo melu mecahake masalah mau. Supaya utange bisa kebayar jumbuh karo janjine. Mula banjur digawekake perjanjian kang bakal midhanakake yen nganti utange ora dibayar. Alhamdulillah, akhire pabrik antuk utangan saka BPRS kanthi jaminanku. Lan karyawan gajine kebayar. Ketambahan pabrik kok ya ora mblenjani janji, mbayar utange ora telat.

Wulan Januari 2021, aku ketekan manajemen PT Gudang Garam. Kang wose kepingin investasi ana Magetan. Aku banjur takon investasi gudhang apa pabrik. Pranyata pabrik kang padhat karya. Aku ya mikir, iki mangsa pagebluk. Akeh pabrik kang nganakake pemutusan hubungan kerja (PHK). Kok iki malah ana investasi. Manut panemuku rikala kandha marang staf,"*Ini gila!!! Pengusaha lain bingung karena harus mengadakan PHK, kok ini malah mau investasi dengan menyerap begitu banyak karyawan. Kalau ada orang gila seperti ini, cara kita melayani juga harus gila. Artinya tidak ada seorang atau satu dinas pun yang menghambat. Justru saya akan didepan membantu semua kesulitan. Ini memberi peluang kerja kepada rakyat saya.*"



Foto: Ngresmekake Pabrik Rokok GG



Aku langsung nganakake rapat. Ngundang kabeh dinas lan instansi kang ana gandheng cenenge karo perijinan. Dinas PUPR, Perdagangan, PTSP, Hukum, Pertanahan, PLN, Bank Jatim, Perkim, LH, Pertanian, Camat. Ana rapat mau, prin-sipe ora oleh dinas apa instansi kang ngrendheti olehe proses ijin. Kepara kabeh kudu mbantu.

Kamangka rikala ketemu aku sepisanan mau, durung ana pembebasan tanah lan ijin liyane. Mung kepengen ketemu aku. Tujuane silaturahmi nyoba takon yen arep ngedekake pabrik ana Megetan. Nanging aku minangka pimpinan daer-

ah kudu tanggap. Lan malah nantang mbantu yen bener-bener arep investasi. Januari 2021 lagi ketemu, wulan Januari 2022 (setahun) pabrik wis ngadek. Lan bisa nampung karyawan ora kurang saka 2000 karyawan.

Rikala manajemen ketemu aku mau, kang dakjaluk mung siji yaiku karyawan kang diutamakake warga Magetan. Kejaba, lowongan mau mbutuhake keahlian khusus. Ora ana wong Magetan kang bisa!!!! Alhamdulillah saiki pabrik rokok Gudang Garam saiki wis operasi. Lan karyawane paling akeh saka Magetan.

Hobi Nulis, Antuk Anugerah Kebudayaan lan Rekor Muri

Aku arep crita sithik dhisik, kena ngapa aku kok banjur hobi nulis. Aku nulis sepisanan, rikala dadi pegawe anyar biyen. Kang njurung lan nggawe gedhe krentegku nulis amarga rikala iku aku rumangsa ora nduwe sapa-sapa. Akeh-akehe kanca-kancaku kok anak-anake utawa dulure pejabat. La terus aku mengko kepriye yen ora nduwe sapa-sapa. Apa ya karierku terus banjur mandheg.

Mula aku banjur mikir. Lan golek cara. Kepriye supaya aku diwanuhi dening pimpinan ana kantor. Embuh aku wiwit biyen yen dakpikir kok tansah mbudidaya supaya aku ora padha karo umume pegawe. Kudu nduwe kaluwihan dibandhingake karo pegawe liyane. Kira-kira apa ya kang bisa dak-tindakake.

Kebeneran banget wektu iku teknologi informasi durung kaya saiki. Telpon wae isih tilpon kabel. Ora saben pawongan nduwe pesawat tilpon. Apamaneh *handphone*. Durung ana bayangan babar pisan. Alat komunikasi saliyane telpon kabel, HT apa lewat “radio antar penduduk.” Mula kang jenenge media mainstream kaya koran, radio lan TV

pengaruhe gedhe banget.

Saben pejabat kene dipesthekake sarapan saben pejabat sarapan saben esuk ya koran. Yen tekan kantor sing digoleki pawarta ana koran. Mula aku banjur nduwe eguh pratikel Aku kudu bisa nulis artikel ana koran. Yen bisa dimuat ana ing koran, rak ya mesthi jenengku ugo ditulis olehku nyambut gawe ana ngendi. Sejene aku ya mesthi seneng, dakkira pejabat ana kantor ya uga melu seneng. Dene ana staf kang bisa ngangkat jenenge kantor.

Terus apa kang sepisanan kudu daktindakake lan daksiapake. Kamangka aku isih durung nduwe pengalaman nulis. Wong ya pegawe anyaran. Kanggo ningkatake sesurupanku saben ndina sabaku ana perpustakaan kantor. Sejene saben ndina aku maca, uga nyilih buku dakgawa mulih. Dakwaca ana omah.

Yen pegawe anyaran, wektu istirahat digunakake ngobrol, aku malah maca buku. Yen nduwe rejeki dhuwit luwihan dakenggo tuku buku. Amarga saben ndina maca buku mau sesurupanku tansaya rada omber.

Olehku kandha sesurupanku tanbah omber mau kebutten, asring aku antuk tugas-tugas tambahan. Malah asring saka bageyan liya. Kaya ngonsep surat, nggawe makalah, lan uga bahan-bahan rapat.

Telung wulan sawise dadi pegawe aku nyoba nulis artikel ana koran Surabaya. Nanging emane ditolak. Ora bisa dimuat. Aku dhewe ora ngerti kekurangane apa. Amarga ora ana jawaban lan kabul wusanane. Kira-kira wae ora mutu blas. Nanging aku ora ceklekan ati. Aku terus blajar.

Golek bahan, lan topik kang kira-kira apik banjur nyo-

ba nulis. Nanging aku lali topik apa rikala iku kang daktulis. Wong ya rikala iku ngetik isih manual. Durung ana mesin computer. Dadi yen naskah asli dikirim paling aku nduwe salinane kang saka karbon kae. Dadi ora bisa disimpel ana file kaya saiki kang gampang digoleki maneh yen mbutuhake.

La amarga biyen ngekos, lan banjur isih kontrak omah lan asring pindhah kang jenenge dokumen akeh kang ilang. Klebu naskah-naskah kang nate dakkirim ana media mau. Emane naskah kang kapindho kok ya ditolak. Ora bisa diamot ana koran Surabaya. Anehe aku kok ya ora kapok. Kamangka ya ora cetha, tulisanku mau kekurangane apa. Malah apa langsung dibuang ana tong sampah. Aku ora ngerti.

Tulisan loro blas ora terang kabul wusanane. Embuh gumunku rikala iku aku kok ya ora kapok. Aku banjur nduwe akal. Yen wulan April bakal ana pengetan Konferensi Asia Afrika (KAA) kang biyen dianakake tanggal 18-24 April 1955 ing Bandung. Aku banjur golek buku wacan ngenani KAA mau. Kebeneran ana perpustakaan kantor buku ngenani KAA mau jangkep banget. Aku banjur nyilih dakgawa mulih.

Ana omah buku-buku bab KAA dakwaca kabeh. Banjur aku nyoba nggawe ngengkrengan naskah tulisan pengetan KAA. Bola-bali naskah mau dakkoreksi. Supaya luwih becik ora kaya kang uwis-uwis. Ana ing atiku, naskah kang katelu iki ora antuk gagal. Kudu kasil diamot ana ing koran. Mula bola-bali dakwaca. Yen aku rumangsa kurang marem banjur dakowahi. Olehku nulis naskah mau aku ora nate kandha marang sapa-sapa. Semono uga marang atasanku. Apa maneh marang kancaku. Aku ya mung trima meneng wae. Ora nate crita sapa-sapa. Supaya ora kadenangan kanca, apa atasanku. Mula olehku ngetik sengaja yen ana omah. Umpama yen ora diamot, dadi ora lingsem heeee. Pancen isih isin rikala iku.

Bubar bali saka olehku ngajar esuk ana SMP Thamrin jalan Sumatera, rikala mlebu plataran kantor aku diundang dening sekretaris pimpinan. Aku dhewe ya kaget. Ana apa ya. Salahku ya apa. Wong aku pegawe anyaran kok digoleki pimpinan kantor.

Pancen rikala aku pegawe anyaran, yen esuk jam 06.30 aku ngajar Bahasa Inggris ana SMP Thamrin. Wong rikala iku jenenge pegawe mlebu durung disiplin kaya saiki. Akeh pegawe kang mlebu jam 10.00 lagi teka kantor. Malah ana kang mlebu sesuke. Kok ya biyen iku ora dipecat. La aku wis ngajar rong kelas, jam 08 tekan kantor wis klebu paling esuk. Mula dianggep pegawe kang sregep.

Olehku ngajar Bahasa Inggris mau supaya Bahasa Inggrisku tansaya lancar. Kepingin bisa kuliah pascasarjana ana njaban rangkah. Nanging emane ora kasil amarga biyen aku ora nduwe sapa-sapa. Wong test-ku hasile wis apik banget. Yen aku kursus, dadi murid ora pinter-pinter. Sejene tansaya lancar, aku uga antuk dhuwit. Ora ketang sithik, rak ya antuk bayar. Bisa kanggo tuku beras. Wong adiku akeh. Adiku dhewe lan adine saka sisihanku. Kudu dakragati kabeh.

Aku nyoba takon marang sekretarise pimpinanku,”Mbak ana apa aku ditimballi bapak?” Ya terus diwangsuli kanthi entheng wae,”Wah aku ora ngerti mas. Aku mung saderma nindakake dhawuhi bapak supaya menehi weruh panjengan.” Sekretaris pimpinan banjur mbukak lawang, lan aku ya banjur mlebu ruangan pimpinan.

“Mlebu, dik Prawoto ya. Kene lungguh kene,” mengkono olehe ngacarani aku supaya lungguh ana kursi ing ngarep meja kerja pimpinan. Karo mringgang-mringging aku banjur lungguh. Aku ya banjur manekake,”wonten dhawuh bapak.”

Piyambake karo tetep nyekel koran esuk, terus banjur kandha yen seneng maca tulisanku ana koran esuk iku.

Atiku ya banjur nyicil bungah.”Dik apik tulisanmu. Aku seneng ana pegaweku kang bisa lan gelem nulis ana koran. Ora angger pawongan bisa nulis lo dik. Mula terus ya olehmu nulis,” mengkono pimpinanku olehe ngendika esuk iku. Atiku ya seneng banget dene tulisanku bisa diamot ana koran. Pancen yen nulis artikel ana koran rak ya ana jenenge kang nulis, lan uga nyambut gawe ana ngendi.

Malah ana wawanrembug esuk iku aku ditawani supaya melu ngajar ana pawiyatan luhur kang dipimpin dening pimpinanku mau. Aku kudu ngajar Sistem Pers Indonesia lan Hukum Media. Kamangka aku durung duwe pengalaman ngajar ana pawiyatan luhur. Kejaba dadi guru ana SMP Thamrin mau. Nanging pengalaman ngajar mau, pranyata bisa dadi modhal ngadhepi mahasiswa rikala aku ngajar ing dina sabanjure.

Olehku nulis banjur semangat. Sejene antuk honor rikala iku uga pranyata bener kaya kang dakrancang sakawit yen aku dadi pegawe ora nduwe sapa-sapa. Supaya banjur diwantuhi dening pimpinan ya khanti cara nulis. Amarga aku banjur seneng nulis mau, pegaweyan kang ana sambung rapete karo nulis mesthi dipasrahake marang aku.

Ya amarga nulis mau, karierku cepet banget dibandhingake karo pegawe saangkatanku. Dadi pegawe mung setahun, rikala diangkat pegawe penuh aku banjur diangkat dadi pejabat struktural. Isih langka rikala iku, ana pegawe anyar langsung diangkat jabatan. Kamangka ora nduwe dekeng sapa-sapa. Ya amarga nulis mau.

Malah tahun 1990-an aku wis wiwit nulis ana Majalah

Basa Jawa Panjebar Semangat (PS). Wiwitane ya kala-kala wae. Durung nduwe rubrik tetep. Embuh rikala iku kok banjur thukul pikiranku, sepisan staf redaksi PS wis akeh kang yuswa. Terus generasi penerus banjur sapa. Kapindho, yen aku nulis ana koran basa Indonesia rak ya wis akeh. Bareng majalah basa Jawa, sapa kang gelem. Kamangka gunggunge wong Jawa iku akeh banget. Atusan yuta. Nanging kok kari sithik media basa Jawa. Wong aku dilairake dadi wong Jawa. Mula salah siji tanggungjawabku kudu melu nguri-uri basa Jawa kanthi nulis ana PS lan majalah basa Jawa liyane.

Bareng aku ketemu alm Mas Aryo T, aku malah ditawani supaya nulis ajeg ana PS. Banjur diwenehi rubrik “Email Saka Jakarta.” Kamangka rikala tahun 2009 iku aku wis dadi pejabat tinggi ana kementerian. La malah rikala isih nyambut gawe ana Surabaya durung nduwe pikiran nulis kanthi ajeg. Lan nduwe rubrik dhewe.

Embuhan daya saka ngendi, nganti saiki wis patbelas tahun olehku nulis kok ora tansah ajeg. Malah rikala dadi bupati rubrikku banjur diganti “Kembang Setaman.” Ditambah maneh wiwit wulan Nopember 2018 aku kudu nulis saben minggu ana Jawa Pos Radar Madiun nganti saiki. Dadi wis luwih saka telung tahun uga ora nate kendhat.

Ya amarga olehku nulis ana PS kang suwe mau, kanggo modhalku ndadekake Kabupaten Magetan dadi kabupaten literasi. Warga Magetan kudu pinter amarga olehe saka maca, seneng buku lan nulis. Alhamdullillah, saiki ana Magetan gerakan literasi ngrembaka ana ngendi-endi. Mligine ana klangane para guru.

Ya amarga salah siji labuh-labetku nulis ana PS sasuwene iki lan uga nggerakake literasi Kabupaten Magetan

ana pengetan Hari Pers Nasional 2022 kang dianakake ing Kendari, aku antuk penghargaan “Anugerah Kebudayaan” ta-hun 2022 saka Persatuan Wartawan Indonesia (PWI) Pusat. Kebeneran dianakake tanggal 9 Pebruari 2022 ana Kendari Sulawesi Tenggara.



Foto: Antuk Rekor Muri tahun 2022



Foto : Rikala Antuk Anugerah Kebudayaan Saka PWI Pusat Th 2022

Saliyane iku, malah tahun 2018 amarga olehku nulis lan nggawe buku autobiografi “Dalane Uripku” aku antuk rekor dunia Muri. Pranyata autobiografiku mau, autobiografi kang sepisahan ditulis nganggo basa dhaerah (Jawa). Lan tahun 2022, aku uga antuk rekor dunia Muri “Bupati Yang Menulis

dalam Dua Bahasa di Media Massa Secara Berkesinambungan.” Penghargaan rekor dunia Muri mau daktampa amarga saka olehku nduwe hobi nulis tanpa ngarep-arep honor, pangalembana saka sapa wae. Pranyata tanpa kenyana malah antuk maneka werna bebana mau.

Eco Bamboo Park

Masa kalah karo Thomas Stamford Raffles. Tahun 1800-an wis mikir mbangun Kebun Raya Bogor. Kamangka ana ing pulo Jawa, alas isih gung lewang lewung. Isih akeh macan ana alas. Mula ora aneh yen jaman semono ana ing kadipaten isih ana “Rampogan” ing alun-alun. Apamaneh alas ana Sumatera lan Kalimantan. Ya mesthi isih ketel.

Yen saumpama Raffles ora nduwe idhe mbangun Kebun Raya Bogor, kira-kira saiki bangsa Indonesia apa ya bakal nduwe kebun raya. Wong bangsa iki senengane malah mbabati alas. Kaya alas ana Sumatera, Kalimantan saiki wis meh entek dijupuk kayune. Atusan ewu hektar saiki alase gundhul. Penghijauan kang digalakake nyatane durung katon hasile nganti saiki iki.

Mula aku wiwit dadi bupati, saben mangsa rendheng mesthi nggalakake penghijauan. Nandur apa wae. Olehe nadur wiwit ana alas kang gundhul, pinggir kali malah uga ana pinggir dalan. Aja nganti saben tahun ing mangsa kang becik kanggo nandur mau ora ana wit kang ora ditandur.

Saliyane iku aku asring mikir, tansaya tambah akehe pendhudhuk ana Magetan mesthi mbutuhake papan lan pangan. Papan lan pangan mesthi ya mbutuhake lahan. Akibate alas, sawah akeh kang banjur alih fungsi lahan. Biyen sawah dadi omah. Biyen alas dadi sawah. Biyen bambrongan wit pring, akeh kang banjur ditebangi kanggo omah lan kebonan.

Kamangka Magetan iku ikone “bambu.” Nganti kain bathike wae motif bambu. Nanging suwening-suwe, wit pring tansaya entek. Malah kerajinan bambu ana Magetan (kang wis suwe dadi ikon Magetan) saiki bahan bakune arupa lonjoran pring, wis kudu nekakake saka kabupaten liya. Kaya saka Ngawi, Wonogiri lsp.

La mengko yen wit pring wis entek apa mbesok mung kari aran. Kaya ing Jakarta ana kampung Kebun Nanas, saiki wis ora ana nanase. Aja nganti kalah karo Raffles, mula aku banjur nduwe idhe nggawe *Eco Bamboo Park*. Sepisan, ing mbesok ana taman bambu ing Magetan nanging dikonsep. Saengga mengkone bisa kanggo tempat wisata, konservasi lan edukasi.

Akeh-akehe pemerintah daerah liyane, tansah nggawe program kang instan. Gampang didelok, kurang nduwe daya magnit selawase kaya Kebun Raya Bogor. Amarga yen nggawe kaya *Eco Bamboo Park* perlu wektu suwe ndeleng hasile. Lan perlu usaha kang gedhe. Mligine nyakinake masyarakat lan kang nduwe kewenangan liyane. Malah kang dakpranggulangi asring ngalang-alangi yen nduwe program kang dudu instan. Pance beda visi.

Supaya konsep *Eco Bambu Park* mau becik, mula aku banjur takon marang ahline. Aku banjur kerjasama karo Fakultas Kehutanan lan Fakultas Teknik UGM. Fakultas Kehutanan kang menehi advokasi ngenani nandur lan budidaya jinis bambune. Dene Fakultas Teknik ngrancang master plan.

Lahan kanggo program mau, wis daksedhiakake ana Sukomoro. Ambane wae ana 18,5 hektar. Ing pinggir dalan provinsi. Dadi ya pinggir dalan gedhe. Rancanganku, ing mbesok wisatawan yen menyang Magetan ora mung terus

njunjug ana Sarangan, nanging bisa ditahan ana *Eco Bamboo Park* lan uga ana Kebun Bunga Refugia uga panggonan wisata liyane.

Ana *Eco Bamboo Park* bakal ditandur maneka werna jinis bambu ing ndonya. Lan olahe nandur diatur supaya endah. Ing kono uga ana *jogging track*, toko *souvenir* bambu, produk khas Magetan, resto, ruang pertemuan, bumi perkebunan lsp. Kaya Kebun Raya Bogor nanging nuansa bambu. Saka meneka werna jinis ing ndonya. Dipilih jinis bambu kang endah.

Apa bedane karo taman wisata bambu kaya ana Temanggung, Lumajang? Yen taman wisata bambu mau wite bener-bener warisan alam arupa thukulan. Dudu ditandur lan dikonsep. Lan maneh panggonane ana ing njero, adoh saka kutha wae saiki rame. Apamaneh *Eco Bamboo Park* ana ing pinggir dalan gedhe.

Pancen program iki hasile ora instan. Perlu wektu kang relatif suwe. Wis bisa katon hasile yen wis ngancik wektu patang tahun. Mula mangsa rendheng tahun 2022 iki wiwit Di-gambar *master plan-e*. Uga wiwit digawe dalan inspeksi lan uga pager arupa wis bambu. Aku yakin ing mbesok bisa dadi warisan kanggo putra wayah ing Magetan. Lan dadi salah siji kebanggaan warga Magetan. Mugo bisa kaleksanan.

Sirkuit Mario Parang

Kana ngapa kudu mbangun sirkuit, senadyan sedherhana. Magetan klebu untung banget. Kaya antuk anugerah. Amarga wis lahir pembalap motor kang saiki lagi terus dadi pocapan. Apa ora hebat. Amarga Magetan mono rak ya kutha cilik. Ana sisih ereng Wetan Gunung Lawu. Akeh kang durung wanuh lan weruh.

Mula kanggoku uga bener, melu antuk anugerah rikala diresmekake Sirkuit Mandalika, kaggone Magetan. Senadyan Mandalika ora ana Magetan. Amarga apa? Apa banget ana sambung rapete karo Kabupaten Magetan sirkuit mau. Yen ora ngono, terus kanggo sapa mbangun sirkuit kang beayane ora sithik mau. Apa ya mung mligi kanggo pembalap luwar negeri. Kamangka beayane wae rak ya triliun. La terus kanggo sapa. Apa ana pembalap saka Indonesia. Yen ana, terus sapa kang bisa melu balapan akbar ing ndonya ana sirkuit kang saiki dadi kebanggaan bangsa Indonesia mau.

Ya kebeneran ana pembalap kang melu tandhing ing sirkuit Mandalika. Mario, putra asli kelahiran Magetan. Malah saiki Mario wis mlebu pembalap kaliber dunia. Mlebu klas Moto3. Saiki dikontrak lan wis watara patang tahun iki, uripe ana Spanyol kana saben ndinane. Mung sekolahe wae tetep ana Indonesia. Ya kepriye maneh. Sekolahe ya mesthi kanthi cara jarak jauh. Supaya sekolahe ora kether, dening sekolahe diwenehi tugas-tugas. Malah olehe sekolah jarak jauh mau wiwit SMP biyen.

Wong rikala isih SMP wis dikontrak, nanging isih kaliber Asia. Durung mlebu kaliber dunia. La saiki malah ana kang ngganti Mario ing tingkatan Asia. Kebeneran uga saka Magetan. Mohammad Adenanta asmane. Rong tahun kepungkur bocah loro mau ketemu aku lan sengaja daktampa ana Pendapa Surya Graha. Ing pengangkah, menehi semangat marang taruna loro kang luwar biasa mau. Muga bisa dadi inspirasi marang para taruna, mligine saka Magetan.

Kang dakgumuni iku, rama lan ibune Mario lan Ananta. Yen Mario biyen bapake uga pembalap. Dadi ora patiya kaget. Nanging bapake Ananta iku pengusaha dudu pembalap. Kok olehe tatag anak-anake dadi pembalap. Para maos piyambak

yen nduwe putra wayah dadi pembalap apa ya kepareng. Kiraku kok akeh kang kabotan ya.

Tahun 2018 aku wiwit kenal karo bapake Mario. Ke-beneran piyambake ketua DPC Partai Demokrat Kabupaten Magetan. Kang ngusung aku rikala nyalon bupati biyen. Ana kalodhangan ngobrol bab anak, aku banget ngalembana marang piyambake. Kok njurung marang karepe anake rikala putrane kepingin dadi pembalap.

Malah wiwit cilik wis seneng balapan kandhane. Coba para maos bayangake. Isih umur limang tahun wis balapan. Wiwitane ya nganggo motor cilik kae. Lan bola-bali ya tiba kandhane. Wis ping pira wae, Mario mlebu meja operasi. Yen ora tangane, ya sikile.

Ing sawijining wektu aku kandha marang bapake Mario,”Mas panjenengan iku wong tuwa kang luwar biasa. Jujur wae aku ora bisa kaya penjenengan. Bisa tatag ngeculake putra njenengan dadi pembalap.” Mengkono rikala aku wawan rembuk karo piyambake.

“Wah, pak bupati Mario niku wiwit alit sampun remen balapan. Kula nggih namung tut wuri kemawon pak,” mengkono olehe mangsuli. “Mas umume wong tuwa lagi anake numpak sepeda wae olehe ngelekake bola-bali. Sing ngati-ati ya. Malah yen perlu diboncengake. Saking khawatire marang anake. La panjenengan iku lo,” mengkono olehku kandha.

Iku rak padha wae karo njungkir-walikake cara mikir wong tuwa umume. Kaya wong tuwa umume ana tlatah Mataraman. Kaya Magetan iki. Kekudangan wong tuwa marang anak apa wayahe biasane,”Suk yen gedhe dakkongakake dadi dhokter, insinyur ya. Sekolah sing pinter.” Urip kepenak dadi priyayi. Meh ora tahu krungu kekudangane wong tuwa

kang ndongakake mbesok dadiya pembalap.

Mula kanggoku sawise Mario kasil melu lomba Moto3 mau, dakkira bisa njungkir walikake ukurane wong tuwa lan masyarakat olehe ngukur anak-anak hebat iku yen bisa dadi dhokter, insinyur, PNS lsp. Pranyata dadi pembalap uga nduwe masa tembe kang becik. Utawa pandhangan *mainstream* mau sithik mbaka sithik bakal bisa owah.

Wong saiki dadi ahli masak wae bayare tikel tekuk dibandhingake PNS. Uga kaya penjahit, tukang cukur banyarane uga larang-larang. Syarate yaiku profesional. Aja mung setengah-setengah. Yen setengah-setengah dadine ya magak. Ora bisa professional lan kawentar. Yen wis mengkonno, ya kudu banjur nglenggana lan bisa ngukur awak.

Ana ing donyaning balapan motor profesional, ana kelas-kelas. Kelas Moto3 iku padha karo kelas 250 cc. La yen Moto2 iku padha karo kelas 750 cc. Dene kang paling berpengsi MotoGP iku padha karo kelas 1000 cc. Dadi yen MotoGP jenenge motore wae gedhe-gedhe kae.

Biyen Mario sadurunge dikontrak melu Moto3, isih tingkatane Asia. Ana ing tingkat Asia karan *Asia Road Racing Championship*. Dene Mario ana tingkatan iki nganti umur telulas tahun. Amarga prestasine apik, mula banjur dilirik ana kejuaraan kang luwih bergengsi ana Eropa. La rikala Mario pindhah ana Eropa, kok ya ana maneh putra Magetan kang banjur melu ngetutake prestasine Mario ana ing Asia, Mohammad Adenanta Putra.

Ana ing pungkasan tahun 2021, sirkuit Mandalika ing Lombok klakon diresmikake Bapak Presiden Jokowi. Sirkuit kebanggaan bangsa Indonesia. Sirkuit kang endah ana ing pinggire segara. Sirkuit kang dawane wae 4,32 Km diban-

gun ing wewengkon kang endah karan panggonan wisata klas dunia mau, bener-bener kaya dadi panggonan pengarep-arep bakal laire pembalap Indonesia.

Salah siji tujuane mbangun sirkuit Mandalika mau, supaya olahraga balap motor tansaya maju. Nanging tujuan utamane, supaya wisata manca negara tansaya akeh kang banjur teka ing Indonesia. Ngaca saka sirkuit kang wis ana ing ndonya, kaya Spanyol, Belanda, Qatar, Argentina, Amerika lsp. Amarga anane balapan mau negarane tansaya kuncara.

Kanggoku, sirkuit Mandalika kok ora mung iku tujuane. Amarga aku minangka Bupati Magetan lan wargaku Mario saiki prestasine wis mlebu Moto3, apa ora antuk yen aku banjur nduwe panemu olehe pemerintah mbangun sirkuit Mandalika mau kanggo Mario heeeee. Wong nyatane kaya-kaya jenenge Mario ora bisa dipisahake karo sirkuit mau. Saben ana pawarta ngenani Mandalika kok banjur di gandhengake karo Mario rikala iku.

Pancen wis ginaris Gusti Allah. Rikala mandalika dadi, kok ngepasi Mario prestasine tansaya mundhak apik. Malah rikala balapan MotoGP ana Mandalika kaleksanan tanggal 20 Maret 2022, adoh sadurunge aku wis ngrancang bakal nonton. Olehku nonton ora mung dhewe-an. Nanging bareng karo masyarakat Magetan kang seneng motor.

Rampung balapan MotoGP ana Mandalika menehi akeh banget catetan. Kang mesthi, Indonesia wiwit moncer ing babagan balap motor. Malah ana pembalap mudha saka Indonesia. Panitia uga menehi apresiasi prestasi Indonesia olehi bisa nganakake balap MotoGP mau. Lan Mandalika bener-bener bisa nggawe cingake bangsa liya. Mula ora salah yen “*Mandalika bisa memukau dunia.*”

Momentum Mario balapan ing Mandalika, mau ora daklewati mengkono wae. Aku nggolek reka daya kepriye supaya Mario-Mario anyar tansah bisa thukul ing bumi Mageti. Mula aku banjur nduwe angkah kepriye yen ana Magetan dibangun sirkuit senadyan sedherhana. Kang penting bisa kanggo ajang lan latihan pembalap muda Magetan.

Amarga saiki yen Latihan kudu menyang luwar kota. Malah Mario yen latihan kudu menyang Jogyakarta. Malah biyen rikala isih cilik olehe sekolah balap uga ana Jogyakarta. La para muda Magetan kepeksa yen balapan kucing-kucingan karo aparat keamanan. Ya pancen arena balapan kaya sirkuit ora ana.

Kamangka yen mbangun ya perlu anggaran kang ora sithik. Lan anggaran APBD Magetan ya cilik. Mula aku banjur ngupaya, golek bantuan. Rikala ana kalodhangan ketemu Ibu Gubernur Jawa Timur, aku banjur kandha bisa Magetan dibantu saka anggaran Pemprov Jawa Timur kanggo mbangun sirkuit. Lan lemahe wis daksedhiakake ana Kecamatan Parang. Anggaran kang dibutuhake mung kanggo mbangun lintasan wae wis Rp 15 milyar. Ibu Gubernur setuju, salah siji alesane kanggo ngurmati Mario kang wis ngarumake bangsa lan negara. Insya allah 2023 sirkuit mau bakal dibangun lan muga-muga ora ana alangan.

Sirkuit mau bakal dibangun ana ing sisih wetane Pasar Parang. Saengga ora patiya adoh saka kutha. Lan ana ing pinggire dalan bisa dibuka café, bengkel lsp. Saengga rikala sirkuit mau ora digunakake, wewengkon sirkuit mau tansah migunani kanggo majune ekonomi ing Kecamatan Parang.

Infrastruktur Dalan lan Jembatan

Dalan iku urat nadhi ekonomi. Mula dalan iku penting banget kanggo nglancarake hasil bumi saka bumi Mageti. Semono uga barang-barang kang dibutuhake dening masyarakat Magetan. Kaya bahan bangunan, minyak, lan maneka barang kang ora bisa diasilake dening warga utawa pabrik kang ana Magetan.

Mula rikala aku dadi bupati anyaran, langsung ngundang kepala dinas PUPR, takon pirang tahun bisa ndadani dalan kabupaten ana Magetan supaya dadi becik. Rikala semana kepala dinas kandha, perlu wektu telung tahun. Aku banjur terus prentah supaya dadi salah siji program unggulan kang enggal ditindakake.

Manungsa nduwe renaca, Gusti Allah kang nemtokake. La kok nembe direncanakake, Indonesia kena Covid-19. Kabupaten Magetan malah kang klebu sepisanan kena Covid-19 bebarengan Surabaya lan Malang. Anggaran manut instruksi pemerintah pusat kaya kang wis dakandharake ana ndhuwur, kudu direfokus ing kanggo Covid-19.

Kepriye maneh!!!! Nyawa kudu dadi prioritas. Program kang wis disusun tharik-tharik buyar kabeh. Klebu ndadani dalan. Nanging sithik-sithik uga tetep dianggarake senadyan ora patiya akeh. Nanging tetep dianggarake kanggo ndadani, ngaspal lan nembel dalan.

Mligine dalan kang dadi urat nadhi ekonomi lan wisata. Dalan wiwit Kecamatan Takeran nganti Magetan diam-bakake. Saengga bis lan kendharaan gedhe bisa lancar saka arah Madiun lan suwalike. Semono uga dalan menyang tempat wisata lan desa wisata kaya dalan menyang Genilangit, Randugede. Semono uga dalan kabupaten liyane, uga diam-

bakake.

Senadyan dalan meh rong tahun ora bisa didandani, nanging aku tetep ngupaya sabisaku kanthi anggaran kang sarwa winates. Wis anggaran sarwa winates, la kok Magetan wulan Maret 2021 kena banjir bandhang. Ana jembatan telu kang ambrol. Lan uga jembatan gantung kang rubuh. Durung jembatan desa, talut, tanah longsor lsp.

Ya kepeksa jembatan, uga jembatan gantung lan infrastruktur kang diterjang banjir mau kudu enggal didandani. Supaya kegiatan masyarakat ora keganggu. Saengga anggaran saliyane kanggo Covid-19 uga kanggo ndandani infrastuktur kang rusak amarga keterjang banjir mau.

Sasuwene aku njabat bupati, kanthi anggaran kang winates mau isih bisa ndadani bendungan ing lima lokasi. Rehabilitasi jaringan ana ing 44 lokasi. Rehabilitasi DAM lan jaringane lima lokasi. Rehabilitasi saluran 46 lokasi. Pembangunan sumur kanggo irigasi pertanian 17 lokasi kang bisa nyukupi sawah 1.209 Ha.

Winatese anggaran lan pegebluk Covid-19 isih akeh dalan ing Magetan kang durung mulus. Dene kondhisi dalan ana Magetan nganti tahun 2021 kang becik 331,78 Km (52,64%). Kondhisi sedang 133,81 Km (21,23%). Dene kang rusak berat 13,75 Km (2,18%).

Ana ing tahun anggaran 2022 coba dakkebut. Ana 53,14 Km kang dakdandani. Iku wae yen dietung lagi 8,43 persen. Saengga nganti akhir tahun 2022 dalan ana Magetan kondhisine, kang becik 384,92 Km (61,07%). Kondhisi sedang 113,81 (18,05%). Lan kang rusak ringan 120,91 Km (19,18%). Dene kang rusak berat ana 10,61 Km (1,68%).

Penghargaan Sasuwene Dadi Bupati

Aku asring kandha marang stafku, aja nyambut gawe dhasare golek penghargaan. Nanging nyambut gawe kanthi dhasar niat kang becik, kebak inovasi. Yen ora bisa nggawe inovasi, cara paling gampang nyonto saka kabupaten/kota liyane kang becik. Banjur direpleksi ana Magetan.

Adhedhasar panjurungku mau, Kabupaten Magetan saben tahun tansah antuk penghargaan saka maneka werna lembaga. Penghargaan mau dakkira bisa uga kanggo salah siji indikator kemajuan Kabupaten Magetan sasuwene dakpimpin. Penghargaan mau antarane:

Antuk Amanah Bupati Magetan

No	Nama		Tahun	Tingkat	Keterangan
	Penghargaan	Prestasi			
1	KBK BERBAKAT		2019	Provinsi	Harapan I Kategori Pelayanan Jasa Medis UPTD PUSK-ESMAS KARAN-GREJO
2	BUMD Jatim Award		2019	Provinsi	Pemenang Terbaik II
3	Jambore Kese-lamatan Jalan		2019	Provinsi	Tim dari SMP Negeri 1 Magetan
4		Lomba Pengelolaan Pasar Desa	2019	Provinsi	Juara Harapan III (Desa Cepoko Ke-camatan Panekan)
5	ICSB INDONESIA PRESIDENTIAL AWARD		2019	Nasional	Kategori Policy Maker
6	Unit Penye-lenggara Pe-layanan Publik		2019	Nasional	Kategori Cukup
7		Lomba Inovasi dan Teknologi	2019	Provinsi	Juara Harapan II SMAN 1 MAOSPA-TI a.n Faadhillah Syhab Azzahra, Tutik Handayani, Nia Gusniar Reva, Ramadhan Saputra, Meilisa Ayu Susantiva dengan karya inovasi Gula Waluh Rendah Kalori

Antuk Amanah Bupati Magetan

8	Penyusunan Hasil Pengukuran Indeks Inovasi Daerah		2019	Nasional	Kabupaten/Kota sangat inovatif
9	Kabupaten Layak Anak		2019	Nasional	Kategori Madya
10	Swastisaba Wistara		2019	Nasional	Penghargaan tertinggi dalam penyelenggaraan Program Kabupaten/Kota Sehat
11	Mental Health Service Award Kategori Koordinasi dan Kerjasama Sistem Bottom Up Terbaik		2019	Nasional	DINKES
12	Role Model Penyelenggara Pelayanan Publik		2019	Nasional	Kategori Baik

Antuk Amanah Bupati Magetan

13	ZONA INTEGRITAS MENUJU WILAYAH BEBAS KORUPSI / WILAYAH BIROKRASI BERSIH MELAYANI		2019	Nasional	DISPENDUK
14	Kabupaten Literasi		2019	Nasional	
15	Kabupaten Peduli Hak Asasi Manusia		2019	Nasional	Bagian Hukum
16	Wajar Tanpa Pengecualian (WTP)		2019	Nasional	LKPD Laporan Keuangan Pemerintah Tahun 2018
17	Penghargaan sebagai Pemerintah Kabupaten / Kota Kategori Baik		2019	Nasional	Berdasarkan pengawasan kearsipan tahun 2018 dari Badan Arsip Nasional
18		Penghargaan sebagai Desa / Kelurahan Bersih dan Lestari Provinsi Jawa Timur Tahun 2019 Kategori Madya	2019	Regional	Diperoleh dari Gubernur Jawa Timur untuk Kel. Tawanganom Kec. Magetan (RW 01, RW 02, RW 05)
19		Desa Tangguh Bencana (Destana) Tingkat Utama	2019	Regional	Desa Genilangit

Antuk Amanah Bupati Magetan

20	Penghargaan Pelestari Fungsi Lingkungan Hidup Prov Jawa Timur	2019	Regional	a.n Kelompok Tani Sri Widodo
21	10 Penyaji Terbaik Jatim Specta Night Carnival Situbondo tahun 2019	2019	Provinsi	
22	Anugrah Times Indonesia Tokoh Magetan 2019	2020		diberikan kepada Bupati Magetan Suprawoto kategori positive news maker
23	TOP Pembina BUMD 2020	2020	Nasional	diberikan Kepada Bupati Magetan Suprawoto atas peran dan kontribusi dalam membina dan mendukung BUMD BPRS MAGETAN sebagai juara TOP BUMD AWARDS 2020
24	Qurban untuk Ketahanan Pangan	2020	Provinsi	telah memberikan fasilitas dan dukungan terhadap pelaksanaan program Qurban untuk Ketahanan Pangan dari Lazismu
25	Prestasi Penyelegaraan Pemerintah Daerah	2020	Nasional	Skor 3,2329 status kinerja sangat tinggi

Antuk Amanah Bupati Magetan

26	Dinas Perpustakaan Kabupaten/Kota Terbaik		2020	Nasional	Dalam Implementasi Program Transformasi Perpustakaan Berbasis Inklusi Sosial
27		Dewi Cemara (Desa Wisata Cerdas Mandiri dan Sejahtera)	2020	Provinsi	Jambore Desa Wisata/Pokdarwis Desa Wisata Genilangit
28	Kabupaten Peduli HAM tahun 2019		2020	Nasional	Piagam penghargaan masih di Kemenkumham Kanwil Jawa Timur
29	Penghargaan sebagai Lokasi Program Kampung Iklim Kategori Utama		2020	Nasional	Diperoleh RW -2 Kelurahan Bulukerto Kecamatan Magetan dari Menteri Lingkungan Hidup dan Kehutanan
30	Penghargaan sebagai Lokasi Program Kampung Iklim Kategori Utama		2020	Nasional	Diperoleh RW 03 Kelurahan Bulukerto Kecamatan Magetan dari Menteri Lingkungan Hidup dan Kehutanan
31	Penghargaan sebagai Lokasi Program Kampung Iklim Kategori Utama		2020	Nasional	Diperoleh RW 02 Kelurahan Selosari Kecamatan Magetan dari Menteri Lingkungan Hidup dan Kehutanan
32	Penghargaan sebagai Lokasi Program Kampung Iklim Kategori Utama		2020	Nasional	Diperoleh RW 03 Kelurahan Selosari Kecamatan Magetan dari Menteri Lingkungan Hidup dan Kehutanan

Antuk Amanah Bupati Magetan

33	Penghargaan sebagai Kabupaten Literasi " Mengawal Gerakan Literasi Nasional (GLN) dan Menjadikan Kabupaten/ Kota Wilayah Mataraman Provinsi Jawa Timur sebagai Tolok Ukur Gerakan Literasi Nasional		2020	Nasional	Diberikan oleh Kementerian Pembangunan Manusia dan Kebudayaan (PMK) pada tanggal 23 Desember 2020
34	Penghargaan Adiwiyata Provinsi Jawa Timur	2020	Regional	a.n SMPN 3 Plaosan	
35	Penghargaan Green Leadership "Nirwasita Tantra" Kategori Kabupaten Sedang	2020	Nasional	a.n Kab Magetan	
36	Penghargaan Kampung Iklim (Proklam) kategori Proklam Utama	2020	Nasional	a.n Kelurahan Bulukerto RW 02	
37	Penghargaan Kampung Iklim (Proklam) kategori Proklam Utama	2020	Nasional	a.n Kelurahan Bulukerto RW 03	

Antuk Amanah Bupati Magetan

37		Penghargaan Kampung Iklim (Proklim) kategori Proklim Utama	2020	Nasional	a.n Kelurahan Selosari RW 02
38		Penghargaan Kampung Iklim (Proklim) kategori Proklim Utama	2020	Nasional	a.n Kelurahan Selosari RW 03
39		Penghargaan Kampung Iklim (Proklim) kategori Proklim Madya	2020	Nasional	a.n Kelurahan Bulukerto RW 01
40		Penghargaan Adiwiyata Provinsi Jawa Timur	2020	Regional	a.n SMPN 1 Sukomoro
41		Penghargaan Adiwiyata Provinsi Jawa Timur	2020	Regional	a.n SMPN 1 Plaosan
42		Penghargaan Adiwiyata Provinsi	2020	Regional	a.n SMPN 1 Barat
43		Penghargaan Adiwiyata Provinsi Jawa Timur	2020	Regional	a.n SMPN 1 Lembeyan
44		Penghargaan Adiwiyata Provinsi Jawa Timur	2020	Regional	a.n SMPN 2 Karangrejo
45		Penghargaan Adiwiyata Provinsi Jawa Timur	2020	Regional	a.n SDN Mantren 1

Antuk Amanah Bupati Magetan

46	Penghargaan Adiwiyata Provinsi Jawa Timur	2020	Regional	a.n SDN Cepoko 1
47	Penghargaan Kampung Iklim (Proklim) kategori Proklim Utama	2020	Nasional	a.n Kelurahan Bulukerto RW 01
48	Penghargaan Kabupaten Sangat Inovatif pada ajang Inovasi Government Award (IGA)	2020	Nasional	Diberikan oleh Mendagri Tito Karnavian
49	Capaian Terbaik Aksi Terpadu Penanganan Konflik Sosial Kabupaten/ Kota Tahun 2019-2020	2021	Nasional	
50	Anugrah Persatuan Wartawan Indonesia untuk Bupati Magetan sebagai Kepala Daerah Ramah Media dalam Rangka Hari Pers Nasional	2021	Nasional	

Antuk Amanah Bupati Magetan

51	Penerimaan Opini Wajar Tanpa Pengecualian (WTP) Pemkab Magetan berturut turut dari tahun 2014 hingga 2020 dari BPK Provinsi Jawa Timur		2021	Nasional	
52	Penghargaan Manggala Karya Kencana (MKK) untuk Bupati Magetan dari BKKBN RI tahun 2021		2021	Nasional	
53	Penghargaan Kabupaten Layak Anak Kategori Pratama dari Kementerian Perdayaan Perempuan		2021	Nasional	
54	Pemenang TOP Pembina BUMD Award untuk Bupati Magetan		2021	Nasional	Diberikan oleh majalah TOP Business bekerjasama dengan Institut Otonomi Daerah (I-OTDA)
55	Bupati Magetan Raih Penghargaan Nugraha Jasa Dharma Pustaloka Kategori Pejabat Publik.		2021	Nasional	Diberikan oleh Kepala Perpusnas RI

Antuk Amanah Bupati Magetan

56	Capaian Terbaik Aksi Terpadu Penanganan Konflik Sosial Kabupaten/ Kota Tahun 2019-2020		2021	Provinsi	Terbaik II Tim Terpadu Penanganan Konflik Sosial
57	Kabupaten Penerima Anugerah Parahita Ekapraya Tahun 2020		2021	Nasional	Kategori "Madya"
58	Nugra Jasa Dharma Pustaloka		2021	Provinsi	Kategori Pejabat publik atas dedikasinya dalam pengembangan perpustakaan dan minat baca di Kab Magetan
59	Opini Wajar Tanpa Pengecualian (WTP)		2021	Nasional	Opini Wajar Tanpa Pengecualian (WTP) DARI Kementerian Keuangan RI, atas keberhasilannya menyusun dan menyajikan Laporan Keuangan Pemerintah Daerah (LKPD) Tahun 2020
60	Pelaksana Pendataan Keluarga Terbaik		2021	Provinsi	Pelaksana Pendataan Keluarga Terbaik Tahun 2021 tanggal 1 April - 31 Mei 2021 dengan capaian KK terdata sebanyak 221.591 KK
61	Top 45 Inovasi Pelayanan Publik Tahun 2021		2021	Nasional	Kategori Umum dengan inovasi Jek-Mil (Ojek Ibu Hamil)

Antuk Amanah Bupati Magetan

62		Anugerah Desa Wisata Indonesia 2021 dalam East Java Tourism Award 2021	2021	Provinsi	Desa Wisata Simbatan
63		Penghargaan East Java Tourism Award 2021 kategori 5 Unggulan Lomba Video Profil Desa Wisata Simbatan Magetan	2021	Provinsi	Desa Wisata Randugede
64	Simpul Jaringan Terbaik Nasional Tahun 2021		2021	Nasional	5 besar terbaik nasional Jaringan Informasi Kearsipan Nasional (JIKN)
65	Investment Award 2021 Provinsi Jawa Timur		2021	Provinsi	Juara 2 pada kategori Cluster III PDRB lebih dari 5 trilyun sampai dengan 50 trilyun
66	Penghargaan Percepatan Pembangunan Desa Tahun 2021		2021	Provinsi	Penghargaan dari Kementerian Desa Pembangunan Daerah Tertinggal dana Transmigrasi RI (Kementerian Desa PDTT)
67		Penghargaan Sekolah Adiwiyata Nasional Tahun 2021	2021	Nasional	SMKN 1 Poncol

Antuk Amanah Bupati Magetan

68	Penghargaan Sekolah Adiwiyata Kabupaten Magetan	2021	Kabupaten	SMPN 2 Barat, MIN 16 Magetan, SMPN 1 Bendo, SDN Karangrejo 1, SMPN 3 Maospati, SDN Milangasri 1, SMPN 1 Karangrejo
69	Penghargaan sebagai Desa / Kelurahan Bersih dan Lestari (Berseri) Kategori Mandiri	2021	Regional	Diperoleh Kelurahan Tawanganom Kecamatan Magetan dari Gubernur Jawa Timur
70	Penghargaan sebagai Desa / Kelurahan Bersih dan Lestari (Berseri) Kategori Mandiri	2021	Regional	Diperoleh Kelurahan Mangkujayan Kecamatan Magetan dari Gubernur Jawa Timur
71	Penghargaan atas Partisipasinya dalam Mengembangkan Program Kampung Iklim dengan Kategori Madya	2021	Nasional	Diperoleh RW 01 Kelurahan Bulukerto Kecamatan Magetan dari Direktur Jenderal Pengendalian Perubahan Iklim
72	Penghargaan sebagai 3 Terbaik Desa Cantik Jawa Timur untuk Kategori Desa	2021	Regional	Diperoleh Desa Purwosari dari Badan Pusat Statistik Provinsi Jawa Timur

Antuk Amanah Bupati Magetan

73	Penghargaan Wilayah Bebas dari Korupsi (WBK)		2021	Nasional	Diperoleh Kecamatan Poncol dari Menteri Pendaya-gunaan Aparatur Negara dan Reformasi Birokrasi
74		Penghargaan Adiwiyata Provinsi Jawa Timur	2021	Regional	a.n SMPN 1 Magetan
75		Penghargaan Adiwiyata Provinsi Jawa Timur	2021	Regional	a.n SMPN 1 Karas
76		Penghargaan Adiwiyata Provinsi Jawa Timur	2021	Regional	a.n SMPN 3 Kawedanan
77		Penghargaan Adiwiyata Provinsi Jawa Timur	2021	Regional	a.n SDN Unggulan
78	Penghargaan Green Leadership "Nirwasita Tantra" Kategori Kabupaten Sedang		2021	Nasional	a.n Kab Magetan dari Kementerian Lingkungan Hidup dan Kehutanan (KLHK) RI
79	Piagam Penghargaan Apresiasi OPOP Tahun 2021		2021	Regional	Diberikan kepada Bupati Magetan oleh Gubernur Jawa Timur
80	Penghargaan kepada Pem-kab Magetan atas prestasi dalam pelaksanaan Reformasi Birokrasi Tahun 2021 dengan predikat nilai B		2021	Nasional	Diberikan oleh Menteri PAN RB

Antuk Amanah Bupati Magetan

81	Piagam penghargaan kepada Bupati Magetan atas dukungan dalam pembebasan Bea Perhotelan Hak Atas Tanah dan Bangunan bagi Peserta PTSI Tahun 2021		2021	Nasional	Diberikan oleh Menteri Agraria dan Tata Ruang/Kepala BPN
82	ASN Achievement Award Tahun 2021		2021	Regional	Kategori Lembaga Pelatihan Pengembangan Kompetensi ASN Tahun 2021
83		4 Penyaji Terbaik Kencana Festival Budaya Agraris Malang	2021	Provinsi	
84		3 Busana Terbaik Festival Budaya Agraris Malang	2021	Provinsi	
85		Unggulan Lomba Video Profil Desa Wisata Ran-dugede	2021	Provinsi	
86		300 Besar Desa Wisata (Desa Simbatan) dalam Anugerah Desa Wisata Indonesia	2021	Nasional	

Antuk Amanah Bupati Magetan

87		300 Besar Desa Wisata (Desa Genilangit) dalam Anugerah Desa Wisata Indonesia	2021	Nasional	
88		Peserta Desa Binaan Kemenparekraf RI Anugerah Desa Wisata Indonesia (Desa Plered Agung)	2021	Nasional	
89		Peserta Desa Binaan Kemenparekraf RI Anugerah Desa Wisata Indonesia (Desa Randugede)	2021	Nasional	
90		6 Besar BCA Award kategori Desa Wisata berbasis Alam (Desa Genilangit)	2021	Provinsi	
91	Penghargaan Bakti Desa Pertama Kabupaten Magetan		2021	Nasional	Diberikan oleh Kementerian Desa Pembangunan Daerah Tertinggal dan Transmigrasi
92	4 (empat) Kabupaten Tercepat pada Pencairan Dana Desa Tahun Anggaran 2022		2022	Provinsi	Kab. Magetan, pencairan dana desa tercepat di Jatim sebanyak 73 desa
93	Anugerah Kebudayaan PWI 2022		2022	Nasional	Bupati Magetan Suprawoto

Antuk Amanah Bupati Magetan

94	Rekor MURI “Bupati yang Menulis di Media Massa dalam Dua Bahasa (Bahasa Jawa dan Bahasa Indonesia) secara berkesinambungan terlama”		2022	Nasional	Bupati Magetan Suprawoto
95	Penghargaan Hasil Evaluasi Sistem Akuntabilitas Kinerja dan Pelaksanaan Reformasi Birokrasi Instansi Pemerintah Provinsi dan Kabupaten/Kota Tahun 2021		2022	Nasional	Kabupaten Magetan turut meraih penghargaan tersebut bersama 43 perwakilan dari instansi pemerintah provinsi, kabupaten, dan kota lainnya
96	TOP Pembina BUMD 2022		2022	Nasional	Dr. Drs. Suprawoto, SH. M.Si (Bupati Magetan)
97	Opini Wajar Tanpa Pengecualian (WTP)		2022		Kali ke-8, diberikan oleh BPK RI Perwakilan Jawa Timur
98	Kabupaten Layak Anak (KLA)		2022		Predikat Madya dari Kementerian PPPA

Antuk Amanah Bupati Magetan

100	Green Leadership “Nirwasita Tantra 2021”		2022		Penghargaan tersebut diberikan kepada kepala daerah atas kepemimpinan dan pemahamannya terhadap isu lingkungan, respon kebijakan kepala daerah dalam menjawab persoalan lingkungan hidup serta inovasi yang dilakukan sebagai upaya penyelesaian permasalahan lingkungan hidup.
101	Anugerah Pendidikan Indonesia (API) oleh Ikatan Guru Indonesia (IGI) Tahun 2022		2022		sebagai Tokoh Penerima Anugerah bersama 35 tokoh lainnya (Pimpinan Daerah, Kepala OPD, Civitas Akademika, dan Tokoh Masyarakat di Indonesia lainnya)
102	Penghargaan dan Apresiasi atas Terbentuknya Gugus Tugas Gerakan Nasional Revolusi Mental di Kabupaten Magetan		2022	Provinsi	
103	Award Peduli Ketahanan Pangan Terbaik Jawa Timur		2022	Provinsi	Kategori Bidang Pemanfaatan Lahan Marjinal
104		Penghargaan Proklam Kategori Utama	2022	Nasional	Diperoleh Kelurahan Tawanganom Kecamatan Magetan

Antuk Amanah Bupati Magetan

105		Penghargaan Proklamasi Utama	2022	Nasional	Diperoleh RW 01 Kelurahan Bulukerto Kecamatan Magetan.
106	Penghargaan Anugerah Tanda Mata Atas Partisipasi dan Kontribusi dalam Pengembangan dan Kebijakan Positif		2022	Nasional	Diberikan oleh Direktorat Jenderal Pendidikan Islam Kementerian Agama Republik Indonesia pada tanggal 20 Mei 2022
107		Lomba GHIPPA	2022	Provinsi	Juara II Lomba GHIPPA diperoleh oleh GHIPPA "SUMBER REJEKI" Ds. Ngentep Kec. Kawedanan Kab. Magetan
108	Penghargaan Adiwiyata Provinsi Jawa Timur		2022	Regional	a.n SMPN 1 Sukomoro
109	Penghargaan Adiwiyata Provinsi Jawa Timur		2022	Regional	a.n SMPN 1 Plaosan
110	Penghargaan Adiwiyata Provinsi Jawa Timur		2022	Regional	a.n SMPN 1 Barat
111	Penghargaan Adiwiyata Provinsi Jawa Timur		2022	Regional	a.n SMPN 1 Lembeyan
112	Penghargaan Adiwiyata Provinsi Jawa Timur		2022	Regional	a.n SMPN 2 Karangrejo
113	Penghargaan Adiwiyata Provinsi Jawa Timur		2022	Regional	a.n SDN Mantren 1

Antuk Amanah Bupati Magetan

114	Penghargaan Adiwiyata Provinsi Jawa Timur		2022	Regional	a.n SDN Cepoko 1
115	Penghargaan Kampung Iklim (Proklim)		2022	Regional	a.n Kelurahan Bulukerto RW 01
116	Penghargaan Kampung Iklim (Proklim)		2022	Nasional	a.n Kelurahan Tawanganom RW 05
117		5 Penyaji terbaik Festival Musik Jawa Timur	2022	Provinsi	
118		Kontingen terbaik IV Parade Attraksi Wisata Budaya Nusantara dalam Rangka Menoreh Tourism Festival	2022	Nasional	
119		300 Besar Desa Wisata (Desa Jabung) dalam Anugerah Desa Wisata Indonesia	2022		
120		Juara I Kategori Dinas Kabupaten/kota teraktif dalam pengawasan obat hewan di provinsi Jawa Timur tahun 2021	2022	Provinsi	Penghargaan diberikan pada tahun 2022

Antuk Amanah Bupati Magetan

121	Penghargaan Railways Safety Awards 2022 (Upaya menciptakan perlintasan yang berkese-lamatan)		2022	Nasional	Penghargaan diberikan pada tahun 2022
122	Penghargaan Program Gerakan Menuju Kota Cerdas (Smart City) 2022		2022	Nasional	Penghargaan diberikan pada tahun 2022
123	Penghargaan Unit Pelayanan Publik Kategori Prima Lingkup DPM-PTSP Kabupaten/Kota 2022		2022	Nasional	Penghargaan diberikan pada tahun 2022
124	Penghargaan Unit Penyelenggara Pelayanan Publik Kategori Pelayanan Prima Lingkup Disdukcapil Kabupaten/Kota Th. 2022		2022	Nasional	Penghargaan diberikan pada tahun 2022
125	Penghargaan TOP 30 Kompetisi Inovasi Pelayanan Publik (KOVABLIK) Th. 2022.		2022	Nasional	Melalui inovasi ASIK HEALING PUSPO (Ajak Lansia Dukung Penyuluhan Edukasi & Eliminasi Stunting Puskesmas Kecamatan Poncol).
126	Penghargaan atas Keberhasilannya Menerapkan Sistem Merit Dalam Manajemen Aparatur Sipil Negara (Dengan Predikat Baik)		2022	Nasional	Penghargaan diberikan pada tahun 2022

1. Penutup

Buku iki sengaja daktulis kanthi pangajab, bisaa dadi catetan kena ngapa aku banjur mutusake dadi Bupati Magetan. Catetan iki supaya dadi pangeling-elingku lan sapa wae kang kepingin ngerti alesanku rikala aku mutusake dadi Bupati Magetan. Lan uga sarana tanggungjawabku marang masyarakat, apa wae kang wis daktindakake sasuwene aku ngemban amanah mau. Nanging aku yakin isih ana kang durung bisa dakandharake kanthi blaka sua amarga maneka werna sebab. Lan uga isih ana program-program kang wis daktindakake nanging durung bisa daktulis. Lan uga suwlike, isih ana program kang durung bisa dakleksanakake.

Yen saupama ana kang kurang ngepenakake, kurang trep apa wae kang wis daktindakake, aku mung manungsa lumrah, ing kalodhangan iki aku nyuwun kathi sanget samodra pangaksami. Mugi Gusti Ingkang Akarya Jagad tansah maringi hidayah marang kita sami. Aamiin

Nuwun.

Crita Lucu Bupati Magetan

Aku asring ditakoni, kepriye resepe bisa telulas tahun njabat ana kementerian. Kamangka wis ganti Menteri wae kaping papat. Nanging meksa isih kanggo lan dijaluk tetep mbantu. Yen ditakoni mengkono mau aku dhewe ya bingung olehku njawab. La arep dijawab kepriye. Aku dhewe nganti saiki durung ngerti wangsulan kang pas.

Kaya dina Jumat tanggal 17 Desember 2021, rikala Menteri Desa tindak menyang Magetan. Saperlu ngresmekake bantuan ana ing desa wisata Genilangit. Rikala transit ana Pendapa Surya Graha, ngobrol sedhela. Kok ya pitakone padha. Piyambake pancen pirsa kaierku. Wong ya piyambake biyen nate dadi Ketua Dewan Perwakilan Rakyat Daerah Provinsi Jawa Timur. Dadi sadurunge piyambake wis pirsa sapa aku lan kaierku.

Lan sasuwene aku dadi pejabat ana kementerian wiwit dadi kepala badan/dirjen, staf ahli Menteri, irjen, sekjen ora nate nduwe ajudan. Menyang ngendi-endi mung karo sopir. Sekretaris ya mung yen ana kantor. Kanggoku kok malah enak yen menyang ngendi-endi ora dietutake ajudan.

Malah yen aku bali saka luar kota, saka bandara dakkilih numpak kendaraan umum. Yen ora taksi ya bis Damri. Pisan gawe mbantu program pemerintah ngurangi numpak kendharaan pribadi, nanging ngakehake kendharaan umum. Saengga bisa ngurangi macet kang wis dadi sega jangan sing urip ana Jakarta.

Pakulinan mau nganti saiki dakgawa ana Magetan rikala aku dadi Bupati. Wiwitane ya kira-kira wae kabeh kaget.

Klebu ajudanku dhewe. Nanging suwe-suwe kok dadi biasa wae. La kepriye, jenenge bupati iku sasuwene iki kaya-kaya pejabat kang ora bisa dicedhaki. Mula rikala aku menyang ngendi-endi dhewe-an, akeh kang kaget. Lan ya ora sithik kang banjur rumangsa seneng. Bisa ngobrol ngalor-ngidul kaya warga biasa. Kira-kira pakulinan kaya ngene iki ora nate ditindakake dening bupati-bupati sadurunge.

Sejatiné pertimbanganku mayar wae. Aku paling ora seneng ngrepoti liyan. Yen bisa daktindakake dhewe, kena ngapa kudu njaluk bantuan dening liyan. Toh yen ing mbesok pensiun kabeh kudu ditandangi dhewe. Dadi ing mbesok ora kaget. Utawa ora kena “*post power syndrome*.”

Lan wis uga dadi pakulinanku, saben minggu paling ora kaping pindho olahraga. Olahragaku, yen ora sepedaan, basket, mlaku mubeng-mubeng kutha apa mung tredmill ana omah. Apamaneh yen kaya mangsa rendheng iki, saben ndina udan. Mula praktis olahraga ana omah.

Rikala aku sedina muput, sibuk ora ana wektu kanggo olahraga bengi watara jam 23.30 aku mutusake olahraga sepedaan mubeng kutha Magetan. Olehku sepedaan bengi mau uga dhewe-an. Ora nggawa kanca apamaneh pengawal. Babar pisan. Jam semono mau kutha Magetan wis sepi. Kejaba pasar sayur malah wiwit rame akeh wong kulakan saka ngendi-endi.

Biasa aku pakaian olahraga, banjur sepedaan mubeng kutha. Lampu mburi sepedha sengaja dakuripake. Minangka tandha aja nganti disruduk kendharaan saka mburi. Saka pendapa sengaja aku menyang arah pasar sayur. Menyang Magetan bageyan sisih lor kang kebeneran dalane rada rata. Yen mengulon dalane munggah ndeder. Yen sepedhaan

kanggone umur-umumranku ya abot.

Lagi enak-enak sepedhaan ngliwati pasar sayur, panggonan kang rada peteng ana sepedha motor loro bongcengan kanthi kenalpot kang banter nyalip aku. Kang mbongceng terus noleh marang aku. Aku dhewe ya ora patiya ngrewes. Wis biasa ana ndalan padha sawang-sinawang. La kok satus meter ana ngarepku dumadakan sepedha motor loro mau banjur mandheg. Olehe ngerem ndadak. Nganti swarane banter, cuuuuiiiittttt.

Lan kang nggawe kuwatirku, motor loro mau sengaja mandheg ing tengah dalan ngalangi-ngalangi olehku sepedhaan. Lan sengaja supaya aku ora bisa liwat lan banjur mandheg. Ing batin atiku ya kumesar. Ya lumrah. Sapa kang ora kumesar ana ati. Wong ana ndalan rada peteng, ing tengah wengi pisan. Gek ora ana rewange.

Bareng wis cedhak, salah siji nom-noman mau kok banjur kandha, "*Pak Bupati ya. Kok malam-malam sepedaan sendirian Pak!!!*" Krungu pitakonan mengkono mau atiku nyicil ayem. Aku banjur mangsuli, "*Ya dhik. Olahraga sambil lihat kota diwaktu malam. Sendirian apa tidak boleh dik.*" Mengkono olehku mangsuli karo mandheg.

Bareng aku mandheg ana ngarepe, sajak bocah papat mau padha pandeng-pandengan. Banjur salah siji kok banjur kandha mangkene, "*Pak saya boleh minta foto?*" Antuk pitakonan mengkono mau ing batin aku ya ngguyu. Kok tibane mayar. Tiwas ana ati kumesar. Gek-gek bocah mabuk. La kok mung njaluk foto. Aku ya banjur mangsuli, "*Ya ayo dhik. Ana ngendi. Ana kana lo ngisor lampu ben padhang.*" Aku banjur nuntun sepedha pas ngisor lampu dalan.

Bocah papat mau banjur genti-genten olehe njaluk foto karo aku. Malah ngajak foto selfie barang. Ya tak ladeni wae. Wong ya jenenge bocah. Gek ya bocah jaman saiki. Mesthi kanggo unggah statuse ana medsos. Yen wis ketemu bupatine. Kira-kira mengkono manut pangiraku. Amarga akeh banget warga Magetan yen ketemu aku banjur ngajak foto selfie.

Karo foto biasane banjur daktakoni saka ngendi. Klebu bocah papat mau. Tibane warga saka Kecamatan Panekan. Klebu Kabupaten Magetan. Isih padha sekolah ana SMK ing Magetan kelas loro. Ana kalodhangan mengkono mau pisan gawe aku banjur tutur-tutur supaya sekolah kang bener.

Saben wayah aku asring niliki alun-alun Magetan. Biyen alun-alun Magetan iku panggonan kerameyan. Ana musik dhangdhut, wayangan, lan kegiyatan kerameyan liyane. Bi-asane padha milih ana alun-alun Magetan amarga ya mesthi banjur rame. Pancen panggonane strategis. Ana tengah kutha. Ngarep pendopo Surya Graha.

Ya bisa dibayangake, bubaradicara gedhe mau jenenge sampah pating blesah. Tanduran kaya kembang padha rusak. Suket ana lapangan dadi rusak. Malah yen mangsa ketiga sukete garing. La rikala aku dadi bupati, kegiatan kaya musik dhangdhut, wayangan lan kegiyatan gedhe liyane daklarang ana alun-alun.

La kepriye, alun-alun dibangun larang-larang malah milyaran mung dirusak dhewe. Mula aku banjur nglarang. Kejaba kegiatan perayaan kaya upacara 17 Agustus, dianakake ana alun-alun Magetan. Supaya luwih nges lan uga sakral. Wong ya pengetan dina kamardikan bangsa.

Salah siji alesanku ora ngentukake kegiatan ana alun-alun mau, wong kaya wayang kulit dalang kondhang, dhang-

dhut dideleh ana alas wae paribasane rame. Lo kena ngapa kudu ana tengah alun-alun. Rak ya malah ngrusak mau. Rikala sepisanan aku nduwe gagasan mau akeh kang nentang. Nanging aku mlaku terus. Wong karep becik wae.

Temenan. Bareng saiki alun-alun Magetan dirawat, suket-suket diopeni, dipotong yen wiwit dhuwur, dirabuk lan disirami yen mangsa ketiga dadi apik. Akeh banget pawongan kang banjur dolan lan mlaku-mlaku menyang alun-alun Magetan. Apamaneh yen dina malem Minggu apa dina libur mesthi rame. Sing dodolan ana alun-alun Magetan ya laris banget. Apa wae kang diedol mesthi payu.

La aku yen pas tilik menyang alun-alun karo nggawa kanthong plastik. Kaya yen ngepasi sembahyang Magrib (yen pas acaraku rada longgar) aku melu sembahyang jamaah, baline mesthi mampir alun-alun. Karo nggawa plastik kang sadurunge dakkanthongi, aku njupuki sampah plastik kang dibuwang sembarang dening pengunjung.

Semono uga yen bubar olahraga, karo nganggo pakeyan olahraga aku banjur mampir menyang alun-alun saperlu ngecek lan uga njupuki sampah. Biyen rikala sepisanan tahun 2019-an saben aku nggawa tas plastik gedhe mesti banjur kebak sampah. La tansaya suwe tansaya sithik kang mbuwang sampah sembarang.

Rikala iku ngepasi dina Minggu esuk. Aku olahraga mlaku mubeng kutha. Sengaja aku durung sarapan saka omah. Angkahku mengko yen ana ndalan pethuk kang dodolan pecel ana pinggir dalan, aku mampir. Temenan, pas cedhak “Hutan Kota” ana kang dodolan pecel ana pinggir ndalan. Aku banjur melu andhok.

Ya mesthi dadi rame kang dodolan lan kang tuku. Padha sapa aruh marang aku. Biasa malah akeh kang banjur njaluk foto. Kabeh ya daklayani wae karo seneng. Karo mangan rame-rame aku bisa crita lan ngrungokake crita masyarakat cilik. Kiraku masyarakat Magetan wis biasa yen kala-kala nemoni aku banjur melu sarapan ana warung cilik. Bubar mangan biasane banjur dakkongkon ngetung kabeh enteke pira. Paling banter enteke rong atus ewu. Iku wis kabeh. Kadhang karo guyon aku kandha,"Yen kurang aku utang ya." Yen aku kandha mengkono mau kabeh banjur padha ngguyu.

Baline aku mampir alun-alun. Biasa aku banjur njupuki sampah kang dibuang sembarangan. Rikala iku sengaja aku banjur tumuju menyang wit ringin ing tengah alun-alun. Pancen ing tengah alun-alun Magetan ana wit ringin gedhe. Wit ringin mau dikupengi pager lan ana panggonan lungguh mubeng. Saben-saben akeh kang padha lungguhan ana ngisor wit ringin mau.

Apa maneh banjur ngadhep ngidul nyawang pendopo karo nyawang suket kang ijo, ditata rapi katon sesawangan kang sarwa endah. Aku wae kang asring lan uga manggon ana kono seneng nyawang sesawangan mau. Apamaneh para pengunjung alun-alun. Mesthi seneng. Mula mesthi akeh saben wayah kang banjur padha lungguhan ana kono.

Penyakite, amarga akeh kang lungguhan mau akhire asring mbuwang sampah sakepenake ana panggonan kono. La ngepasi aku menyang panggonan lungguhan mau ana ing ngarepe kang padha lungguhan gemlethak plastik kang isih ana saus kacang lan sundukan siomay. Sing dakgumuni wong kang lungguh ana ngarepe kok ya ora risih.

Aku banjur njupuki sampah mau. Malah ana kang ced-

hak sikile kenya papat kang nembe lungguh karo mangan camilan. Olehku njupuk sampah mau aku karo kandha, "*Permissi ya mbak.*" Kenya papat mau babar pisan ora kandha apa-apa. Malah mung nyawang. Kira-kira limang jangkah olehku mlaku, salah siji Kenya mau banjur kandha, "*Pak sampahnya jatuh.*"

Aku ya banjur balik maneh. Pancen bener ana sampah plastik kang ceblok. Aku ya banjur bali njupuki sampah mau. Kang dakgumuni Kenya mau ora ana kang njupukake. Malah rikala aku njupuk sampah ana sangarepe mau, aku mung di-sawang wae. Aku dhewe ya maklum wae. Wong bocah saiki.

Rikala aku mlaku maneh antuk kira-kira sepuluh jangkah, la kok ana ana keluarga mudha karo nggendlhong anake siji setengah tahun ngendhek aku. Terus kandha mangkene, "*Lo Pak Bupati. Kok sendiri Pak.*" Aku ya banjur mangsuli, "*Ya mbak. Biasa sambil olahraga.*"

Umume pengunjung alun-alun padha wanuh aku. Ya kira-kira wae saiki rak ya ana medsos. Asring kang banjur majang foto karo aku ana statuse dhewe-dhewe. Ora kari pasangan mudha mau. Banjur njaluk foto. Terus anake banjur dakkopong. Ibune ana sisihku lan bapake kang njupuk foto.

Karo foto mau ibune kandha, "Nak besok sing pinter kaya Pak Bupati ya." Yen ana kang kandha mengkono mau aku banjur mangsuli mangkene, "Aja kaya aku ya nak. Kaya Pak Jokowi apa Ibu Gubernur." Olehku kandha karo ngguyu. Aku pancen ana ngendi-endi kandha supaya bocah-bocah Magetan kudu nduwe impen kang ndhuwur.

Ora mung pasangan mudha mau kang njaluk foto. Liyane padha gremrudug njaluk kalodhangan foto karo aku. Ana kang njaluk foto dhewean. Apa barengan karo kancane.

Malah ora keri banjur njaluk foto selfie. Siji mbaka siji kabeh daklayani wae. Karo aku tetep nggegem sampah plastik ana tangan.

Kang dakgumuni, kenya papat kang lungguh ana ngisor wit ringin mau kok banjur nyedhak aku. Sing dakgumuni kok ya njaluk foto uga. Nanging olehe njaluk foto karo rada isin kae. Malah banjur kandha mangkene, *"Pak mohon maaf. Saya tidak tahu kalau Pak Bupati. Saya bukan orang sini Pak. Saya dari Bekasi, kebetulan saya main ke Saudara saya di Magetan."* Aku ya mangsuli yen ora apa-apa. Nanging dakjaluk ana ngendi wae supaya njaga kebersihan.

Malah nembe iki ana kedadeyan kang aku dhewe rada kepriye ngono kae. La kepriye ora rada gumun. Kedadeyanne mangkene. Minggu kepungkur biasa bubar ana acara aku mampir ana alun-alun. Ora lali ya mau, ngecek lan njupuki sampah plastik. Kebeneran banjur ketemu pawongan kang kenal aku.

“Mas Prawoto. Mas aku kancane Mas P. Pegawe ana bank. Olahraga ya mas,” mangkono olehe nepungake marang aku. Aku ya nanggapi karo salaman. Sing dakgumuni iku, dheweke kebeneran nggawa sampah plastik olehe bubar mangan. Karo ngobrol mau, la kok sampah plastik tilase olehe mangan mau dilebokake menyang tas kresek kang dakcekel. Aku ya rada kaget lan ngguyu kecut. Nanging mung ana batin. Aku ya terus banjur lunga terus mbuwang sampah ana tempat sampah.

Asring aku ditakoni dening sapa wae kang kebeneran ketemu lan uga seneng nulis. Kok bisa, njabat wiwit ana Surabaya, Jakarta, saiki ana Magetan kok bisa tetep nulis. Piye olehe mbage wektu. Kok bisa. Pitakonan mau wiwit kanca

sekolah, kanca nyambut gawe nganti tekan Menteri kang kebeneran kenal aku. Olehku mangsuli ya mung karo ngguyu wae. Aku ora nate mangsuli apa-apa.

Kang cetha panceñ kudu bisa mbage wektu. Aku kudu bisa kapan wektune nulis lan kapan nyambut gawe. Yen wektune ora ana, kebeneranadicara dina padhet aku kudu nyelakake wektu. Amarga sejene saben minggu kudu nulis ana PS aku saben minggu kudu nulis ana Jawa Pos Radar Madiun.

Rikala iku aku kudu ngirim menyang redaksi PS Kamis esuk. Kamangka Rabu awan nganti bengi aku anaadicara ing Surabaya. Aku banjur mrentahake marang sekpriku supaya kendharaan budhal dhisik menyang Surabaya aku milih numpak sepur ekonomi Sri Tanjung kang budhal saka stasiun Magetan jam 09.27. Lumayan ana sepur rak bisa sinambi nulis.

Aku sengaja budhal saka stasiun Magetan, senadyan arang sepur eksekutif kang mandheg. Mula aku numpak sepur ekonomi uga ora apa-apa. Wong ya saiki sepur kepenak. Mesthi antuk lungguh. Lan ya ora nate telat. Nganti menite wae pas.

Rikala aku wis munggah numpak sepur mau, sawise antuk lungguh langsung wae aku banjur ngetoake laptop. Banjur asyik ngetik naskah PS. Biasane tekan stasiun Jombang saknaskah wis rampung. Terus dakkirim menyang redaksi PS lewat email.

Saka stasiun Magetan tekan stasiun Madiun mung perlu wektu watara pitung menit. Ana stasiun Madiun mandheg. Ana kenya umur-umuran watara telung puluh tahun nggawa koper gedhe lungguh ana ngerepku. Wong ya mangsa pagebluk, rikala iku arang-arang kang numpak sepur.

Kenya mau banjur njawil lengenku. Njaluk tulong supaya mbantu ngangkat koper dideleh ana bagasi.”Pak nyuwung tulong. Saged mbantu ngangkat koper kula Pak,”mengkono olehe kandha marang aku. Gage wae aku banjur nyele-hake laptopku. Lan aku banjur ngangkat koper kang gedhe mau menyang panggonan bagasi barang ana nduwure kursi sepur kae.

Bubar ndeleh koper mbantu kenya mau aku ya banjur nerusake olehku ngetik naskah. Nanging aku krasa. Sedhe-la-sedhela kenya mau nyawang aku. Wong ya pancen olehe lungguh prasasat adhep-adhepan. Ora ana penumpang liyane ana sandhinge lan sandhingku. Untunge aku nganggo masker. Dadi ora patiya ngetarani.

Tekan stasiun Jombang sepur mandheg. Lan bener, naskah olehku nulis uga pas rampung. Mula enggal dakkirim menyang redaksi. Aku bisa nyicil ayem. Dene jejibahanku nulis wis rampung. Aku banjur nyawang njaba, pari-pari kang ijo royo-royo ana sadawane stasiun Jombang nganti Mojokerto. Diselingi desa, lan bangunan sadane rel sepur.

Tekan stasiun Mojokerto sepur mandheg. Akeh penumpang kang munggah lan mudhun. Salah siji penumpang kang munggah mau kok nganggo sragam PT KAI. Kebener-an mlaku ngliwati olehku lungguh. Nanging isih kober noleh sedhela nyawang aku. Lan ora watara suwe olehe mlaku kok banjur bali maneh.

Pawongan kang nganggo sragam PT KAI mau banjur ngadeg ing sandhingku karo nyawang aku, terus kandha, ”*Pak Bupati Magetan ya. Lo Pak kok sendiri. Kok ya naik kereta ekonomi Pak.*” Antuk pitakonan mengkono mau ya rada kaget. Kok wanuh. Kamangka aku nggawe masker.

Terus piyambake nerusake olehe kandha, "Pak saya warga bapak. Rumah saya Barat Pak. Dekat Stasiun." Aku ya terus kandha mangkene, "Ya mas. Apa nggak boleh sendiri. Naik kereta enak kok. Bisa sambil santai." Mengkono oleh-ku mangsuli. Kok piyambake banjur njaluk foto karo aku. Ya daklayani wae kanthi seneng.

Kocapa, kenya ana ngarepku ngerti yen aku bupati Magetan banjur salah tingkah. Banjur njaluk ngapura marang aku. Kira-kira wae ora ngira banget. Kok aku numpak sepur ekonomi. Gek dhewean. Mula kenya mau tansah nyawang aku. La aku dhewe banjur mesakake banget. Lan nggedheka-ke atine, yen iku ora apa-apa. Wis lumrah sapa wae ana ngen-di-endi padha tetulung marang sapadha-padha.

Saliyane nulis, aku hobi ngajar. Aku ngajar ing pawiyatan luhur ana Surabaya lan Malang wiwit tahun 1986. Malah rikala ana Jakarta aku ya tetep ngajar. Ora ngajar rikala aku dadi Bupati Magetan. Kira-kira wae padha sungkan ngakon ngajar aku. Terus olehe menehi honor pira haaaaaa. Kamangka aku hobi ngajar ora golek honor. Kepingin mbage ilmu lan pengalaman wae.

Rikala aku ngajar ing Malang, olehku ngajar saben dina Jumat. Bubar kantor jam 11.00 aku banjur ngeblas menyang Malang lewat dalan tol Waru. La biasane ana pintu tol waru mau akeh TNI AL Marinir kang padha ngadeg ana ing sampinge pintu tol. Saperlu golek nunutan menyang Malang.

Amarga mobilku kijang, mula bisa momot penumpang rada akeh. Aku ya mesthi mandheg lan prajurit mau banjur dakkongkon mlebu. Yen pas begja, ana prajurit kang ana kantor pegaweyane sopir. Aku banjur disopiri. Ya kepenak, aku bisa leren ora nyetir dhewe.

Pakulinan saben Jumat menehi tumpangan prajurit mau dakkakoni watara sepuluh tahun lawase. Sasuwene aku ngajar ana Malang. La kala-kala aku yen menyang Surabaya kadhang nggawa mobil dhewe. Nyetir dhewe, supaya ora lali nyetir mobil lan tetep nglatih reflek.

Rikala bali saka Surabaya menyang Magetan, ana ndhuwur tol Waru mau ana prajurit Marinir ngadeg ana pinggir dalan tol. Naluriku langsung kelingan, mesthi golek nunutan. Mula aku banjur minggir. Lan prajurit mau banjur dakjak bareng. Kebeneran arep mudhun ana Kertosono.

Ana ndalan banjur padha crita. Piyambake omahe Kediri kutha. Anake loro. Sing mbarep wadon kuliah ana Solo sinambi nyambut gawe ana apotik. Dene kang nomer loro isih SMA. Aku dhewe ditakoni, mung ngaku yen aku saka Magetan. Ditakoni omahe endi, lan nyambut gawe ana ngendi aku ora ngaku.

“Tapi saya kok seperti familiar dengan wajah Bapak,” mengkono olehe kandha marang aku. Kamangka aku nggawe masker. Aku ya banjur mangsuli karo guyon, *“Seperti Pak Jokowi ya wajah saya.”* Pancen akeh kang ngarani, kandhane aku jebles kaya Pak Jokowi. Terus aku ya banjur dakeng-gokake ngomong liyane.

Tekan pinggir pintu tol Kertosono mobil banjur dakenhengake ana pinggir. La kok terus piyambake njaluk foto selfie karo aku. Karo tetep nyekel setir, cendhela dakbukak lan piyambake ngajak foto selfie ing pinggir cendhela. Karo foto mau aku banjur kandha, *“Kula Suprawoto Bupati Magetan Mas.”* Mobil enggal dakgas ngeblas. Daksawang saka kaca spion Prajurit Marinir mau isih ngadeg nyawang mobilku kang tansaya adoh ngeblas mangulon. Nuwun.

DAFTAR RIWAYAT HIDUP

Nama	: DR. Drs. H. Suprawoto, SH. M.Si
NIP	: 19560203 198303 1 003
Pangkat/gol	: Pembina Utama-IV/e (pensiun tahun 2018)
Tempat tanggal lahir	: Magetan, 3-2-1956
Agama	: Islam
Jabatan	: Bupati Magetan.
Alamat kantor	: Pemerintah Kabupaten Magetan Jl Basuki Rahmat Selatan No 1
E-mail	: 1. Suprawoto@magetan.go.id 2. bandil8@yahoo.com
Alamat rumah	: 1. Rumah Dinas Bupati Magetan Jln Basuki Rahmat No 1 Magetan 2. Ivory Residence B/11 Jln Kendangsari III Surabaya
Pendidikan	: 1. SDN Maospati-Magetan 1969 2. SMPN Maospati-Magetan 1972 3. SMAN Magetan 1975 4. S1 Sospol-ilmu pemerintahan UGM 1982 5. S1 Fak Hukum Univ Putra Bangsa Sby 1994 6. S2 Ilmu Politik Univ Airlangga 1998 7. S3 Ilmu Adminitrasi Pub-

lik Unibraw 2007

Riwayat Jabatan

- :1. 1 Maret 1983 Capeg pada Kanwil Deppen Jatim.
2. 30 Maret 1986 Ka sub bag Kepegawaian Kanwil Deppen Prop. Jatim.
3. 30 Maret 1993 Kasi Penerangan Mobil Kandeppen Kota Surabaya
4. 5 Oktober 1994 Kepala Bidang Pers dan Penerbitan Kanwil Deppen Prop. Jatim.
5. 17 Pebruari 2001 Wakil Kepala Badan Perpustakaan Daerah Prov. Jawa Timur
6. 16 Januari 2002 sd 2005 Kepala Dinas Infokom Provinsi Jawa Timur.
7. 2 Juni 2005 sd 2009 Kepala Badan Informasi Publik Departemen Komunikasi dan Informatika.
8. Staf ahli Menkominfo Bidang Sosek.Bud 3 Sept 2009 sd 2014.
9. Plt. Inspektur Jenderal Kominfo 1 Maret 2013 s/d 30 Januari 2014
10. Sekretaris Jenderal Kementerian Komunikasi dan Informatika RI 30 Januari 2014 s/d 2016.
11. Widya iswara Utama LAN RI 2016 sd 2017.
12. Bupati Magetan 2018 sd Sekarang

- | | |
|---|--|
| Pendidikan kedinasan | : 1. Spama Departemen Penerangan 1995.
2. Diklatpim II (Spamen) LAN RI 1998.
3. Diklatpim1 (Spati) LAN RI 2007.
4. Lemhannas PPRA XLIV 2010 |
| Pengalaman organisasi Deppen Prop Jatim | : 1. Ketua Korpri Unit Kanwil
2. Anggota senat Sekolah Tinggi Komunikasi AWS Surabaya tahun 1995-1999.
3. Pengurus Daerah PMI Jatim 1994-2003
4. Kepala Biro Humas PON 2000 di Jawa Timur.
5. Direktur/Ketua Sekolah Tinggi Komunikasi AWS Surabaya 1999-2003.
6. Kepala biro humas KONI Jawa Timur 2002-2005.
7. Dewan pembina yayasan pendidikan Wartawan Jawa Timur tahun 2003 sd sekarang. |

8. Sebagai Konsultan Humas PON XVII 2008 di Kaltim

9. Sebagai Ketua Korpri Kominfo 2011-2016

Pengalaman Narasumber : Sebagai Narasumber di Bidang Kehumasan, Kebijakan Publik, Layanan Publik, Keterbukaan Informasi, Manajemen PR, Manajemen TIK.

Pengalaman Mengajar :
1. Pengajar luar biasa diber bagai Universitas di Surabaya dan Malang sejak tahun 1990 sd 2002 di bidang Sistem Pers Indonesia, Hukum Media, Manajemen PR,Sistem Komunikasi Indonesia, Sistem Informasi Manajemen.
2. Dosen tetap Sekolah Tinggi Komunikasi AWS Surabaya sejak 1986 sd sekarang.
3. Dosen luar biasa Fak Komunikasi Univ Tarumanegara Se jak 2007 sd 2014.
4. Staf pengajar Pasca Sarjana Unmuham Jakartaa sejak 2007 sd sekarang mata kuliah Manajemen TIK.
5. Widyaiswara Reform Leader Academy LAN 2016-2018

- Pengalaman luar negeri : 1. Anggota delegasi PWI Jatim dalam kunjungan di Persatuan Wartawan Melayu Singapura 2003.
2. Anggota delegasi PWI pusat dalam kunjungan di Persatuan Wartawan Malaysia-Kuala Lumpur-2005.
3. Ketua delegasi (Senior Official Meeting/SOM) pada Pertemuan Menteri Panerangan Negara Non Blok di Kuala Lumpur-Malaysia 2005.
4. Ketua delegasi (SOM) pertemuan Menteri Penerangan Negara Konferensi Islam di Jeddah-Arab Saudi 2006.
5. Anggota delegasi konferensi Child Help Line di Karachi-Pakistan 2006
6. Anggota delegasi percairan informasi freedom of information di Inggris untuk RUU KIP 2007.
7. Anggota delegasi penandatanganan MoU Menteri Kominfo RI dengan Menteri Penerangan Malaysia di Kuala Lumpur 2007.
8. Anggota delegasi dalam kunjungan perbandingan sistem adminitrasi pemerintahan di Korea 2007.

9. Sebagai delegasi atas undangan pemerintah Uzbekistan sebagai pemantau pemilihan legislatif tahun 2007.
10. Sebagai pemantau pemilihan presiden tahun 2009 atas undangan pemerintah Uzbekistan.
11. Korea Selatan dalam rangka Studi Strategis Luar Negeri Lemhannas 2010.
12. Sebagai ketua delegasi dan narasumber dialog dengan masyarakat Indonesia di Belanda 2012.
13. Ketua delegasi pertemuan Menteri Komunikasi di Myanmar 2014.
14. Ketua delegasi sidang ITU di Budapest Hungaria 2015
15. Ketua delegasi pertemuan WSIS di Markas PBB New York 2015.
16. Dan beberapa pertemuan lainnya baik selaku anggota maupun ketua delegasi.

Keterlibatan dalam UU KIP : 1. Sebagai wakil ketua, wakil pemerintah dalam pembahasan RUU KIP dengan DPR.

2. Sebagai narasumber sosialisasi, diskusi, seminar tentang UU KIP di berbagai Kementerian dan lembaga privat, konsultan beberapa LSM.
- Buku yang diterbitkan :
1. PON 2000 di Tengah Krisis.(2000).
2. Politik Pers Berbahasa Jawa.(2002).
3. "Dalane Uripku" autobiografi berbahasa Jawa. (2016)
4. *Government Public Relations* (2018).
5. Menjahit Mimpi Rakyat (tiga jilid)(2019-2021).
6. Email Saka Jakarta (tiga jilid) (2020)
7. Sepenggal Kisah Pusaka Luhur Masjid Ki Mageti (2022)
8. Editor beberapa buku.
- Penghargaan :
1. Satya Lencana Karya Satya 20 tahun - 2003.
2. Satya Lencana Karya Satya 30 tahun-2013
3. Satya Lencana Dharma Nusa 2006 dari Presiden(penghargaan sebagai ketua tim sosialisasi MoU

dan implementasi Undang-undang Pemerintahan Aceh).

4. Manggala Karya Kencana dari BKBN Pusat 2021.
5. Nugra Jasa Dharma Pustaloka Perpustakaan Nasional 2021.
6. Anugerah Kebudayaan dari PWI pusat 2022.
7. Bupati Ramah Media PWI Jatim 2020.
8. Widya Dharma Samsya 2021 dari Unesa Surabaya.
9. Rekor Dunia Muri 2018 sebagai Penulis Autobiografi Pertama dalam Bahasa Daerah.
10. Rekor Dunia Muri 2022 sebagai Bupati Menulis di Media Masa dalam Dua Bahasa Sekaligus Secara Berkesinambungan Terlama.

Riwayat keluarga :

Istri. : Dra. Titik Sudarti, MPd

Anak :

1. Dr. Melati Arum Satiti, SpA. M.Med.Paed, MSc.
2. Tanjung Retno Wigati, S.Ak, M.Ak. MSc.
3. Dananjaya Setyo Nugroho, Pilot Boeing 737- 800, Garuda Indonesia

Sengaja keputusanku nyalonake Bupati Magetan lan apa wae kang wis daktindakake sasuwene ngemban amanah daktulis nganggo basa Jawa. Alesanku, aku lahir minangka wong Jawa. Wis sakmesthine yen aku banjur kepingin nguri-uri budaya Jawa. Kapindhoo, iki wujud sumbangsihku sapa ngerti bisa dadi benteng basa Jawa. Amarga akehe wong Jawa kok malah wacan basa Jawa tansaya suwe tansaya ilang.



ISBN 978-623-97645-9-3

9 786239 764593

